MAX ДУГ



Индекс 73247
12+

12
2020

MAX ДУГ

12
2020


НÆ ЗЫНАРГЪ ЖУ РНАЛКÆСДЖЫТÆ!

Ног 2021 азы хорзæх уæ уæд!
Хуыцаумæ цы хорздзинæдтæм
æнхъæлмæ кæсут, уыдон уыл ног аз
рæсугъдæй æрцæуæнт!
Нæ зæрдæ уын зæгъы фидар
æнæниздзинад, амонд æмæ фæрныгад!
Нæ Ирыстон хызт уæд фыдбылыз
æмæ рæстæджы рынæй.
Хуыцауы фæдзæхст ут!

ЗЫНАРГЪ ХÆЛÆРТТÆ!

Журнал 2021 азæн рафыссæн
ис Уæрæсейы Посты хайæдты.
Йæ аргъ афæдзы æмбисæн
у 477 сомы æмæ 40 капеччы.
Журнал рафыссæн ис редакцийы
асламдæр аргъæй!





НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор
Оксана ХЕТАГУРОВА

Редакция
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

Редакционный совет
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2020

МАХ ДУГ

12
2020

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

Редакци
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

Редакцион совет
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КОСТЫ Лизæ,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2020

НОМЫРЫ ИС:

ХÆМЫЦАТЫ Албег. *Æмдзæвгæ* 5

КАДГÆНÆНТÆ

АБАЙТЫ ВАСО: 120 АЗЫ

ДЖЫККАЙТЫ Шамил. Уасо. *Æмдзæвгæ* 6
БИТАРТЫ Зоя. Абайты Васойы тыххæй мæ мысинæгтæ 8
Фарн планеты 16
Встреча Васо Абаева с писателями и представителями интеллигенции 22

ПОЭЗИ

Фарн æрхæсс нæ Ирæн! *Æмдзæвгæтæ* 35

ДЗЕСТЫ КУЫДЗÆГ: 115 АЗЫ

БИЦЪОТЫ Гриш. Йæ уæлæуыл зындон. *Мысинæгтæ* 43
ДЗУЦЦАТЫ Хадзымурат. Хор хаста ирон литературæмæ 55
ДЗЕСТЫ Куыдзæг. Æрдхæрæны лæвар. *Радзырд*. 58
ГУЫРДЗЫБЕТЫ Барис. Хæхты зæлтæ. *Этюдтæ*. 73

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

МАМИАТЫ Михал. «Аллоныстон – ивгъуыды сурæттæ» 80
«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ 81

УЫРЫЙМÆГТЫ ЕЗЕТХАН: 115 АЗЫ

ДЖУСОЙТЫ Нинæ. Мады рæвдыдау – æнæрох. *Мæ фыды мысинæгтæй* 99

ЦОМАЙТЫ ХАРЛАМПИ: 145 АЗЫ

ЦОМАЙТЫ Ростислав. Рухстауæг. 111

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ

ДЗАДТИАТЫ ТОТЫРБЕГ: 110 АЗЫ

ДЗАДТИАТЫ Тотырбег. АСТАН. *Очерк* 120

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН

Алæмæтаг аргъауы дуне 126

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

Ногбоны куывд. ГУСАЛТЫ Барис..... 133
Ногбон – афæдзы сæр. *Арфæтæ*..... 136

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

Уæ басылы къух мæн фæуа! *Æмдзæвгæтæ* 139

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ХЪАУЫРАТЫ (ДЗИОЙТЫ) Дауыр. *Радзырдтæ* 143
«МАХ ДУГ» 2020 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА 153
ТÆФÆРФÆС. ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз | БАГАТЫ Аврам 158

ХÆМЫЦАТЫ Албег

* * *

Мах бахызтыстæм Ног азы къæсæрыл,
Фыр цинæй уадзæм ивгъуыдæн нæ маст.
Куырой-иу разылд хаттæй-хатт нæ сæрыл,
Уæддæр нæ кæнæм Зæронд азæй хъаст.

Фæцæуы уый. Бæлццонау уæд фæндараст,
Уæззау цæлхдуртыл макуы скъуырæд къах.
Æд цин, æд маст дæрддзæф рохуатмæ араст,
Ныууагъта царды рухс фæндтимæ мах.

Сæ къæрцц-къæрцц хъуысы Ногбоны æртытæн,
Нæ кафтæн нал ис рæстæгау кæрон.
Хъæуынц фыр буцæн, арфæтæн нæ дзырдтæ,
Цыма ныххур ис хæхты сæрмæ бон.

Хуыцаумæ кувæм... хорз сидтытæ – бирæ,
Уæлæрвтæм зæлы хъæлдзæгæй нæ зард.
Фæлæ нæ зонæм, амондагур Ирæн
Цы 'рхæсдзæн хорзæй ноггуырд азы цард...

КАДГÆНÆНТÆ

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

УАСО

Ныйирд йæ цæсгом Уарзт æмæ Хъуыдытæй:
Уый – махæн судзы знæт тары Цырагъ.
Йæ хъуыды – Арт, йæ зæрдæ та – Гæнах,
Кæсы Сыгъдæг Уд цæстыты æрфæнæй…

Уый рухс æрцагъта сау Дугты фыстытæй,
Уый райхæлдта Къуыбылойы æндах…
Фæрныг адæмты стыр Ныхасмæ мах
Хæссæм нæ Дзырд историйы цъæссытæй.

Уым мах дзыхъхъы нæ лæудзыстæм уырдыг:
Нæ фыдæлтæ сæ удты рухс кæм сыгътой,
Ыстæмныр уыцы уаз бынтæй хъæздыг.

Нæ саукусæг, нæ хæстон лæг! Æвзыгъдæй
Ды иугай дуртæ арф кæмтты фæуыгътай
Æмæ сæ рындзыл самадтай мæсыг.

АБАЙТЫ ВАСО: 120 АЗЫ



(1900-2001)

БИТАРТЫ Зоя

АБАЙТЫ ВАСОЙЫ ТЫХХÆЙ МÆ МЫСИНÆГТÆ

Мæ цардвæндаг уыд хуырджын æмæ дурджын. Фæлæ мæ иу уавæр разæнгард кодта архайынмæ, æмæ мын чысыл цыдæртæ бантыстис саразын дæр. Мæн фæнды зæгъын уый, æмæ мæ фарсмæ кæддæриддæр уыди хорз адæймæгтæ. Ме сфæлдисæджы иууыл стырдæр лæварыл та нымайын уый, æмæ мын Абайты Васоимæ кæй уыдис ныййарæг-хъæбулы ахастытæ. Нæй ахæм æвæрццаг хъуыды æвдисæг дзырд ирон æвзаджы, ирон ахъаззаг удыхъæдыл дзургæйæ, кæцы не сфидауид Абайты Васойы номимæ. Уымæ гæсгæ мæ ныхас райдайдзынæн сæрысуангæй æмæ йын дзурдзынæн йæ ахæм миниуджытыл.

1965 аз. Хуссар Ирыстоны зонадон-иртасæн институты актон зал. Цæуы ныхас ирон æвзаджы Æмбарынгæнæн дзырдуат саразыныл. Ис дзы дзæвгар зындгонд ахуыргæндтæ фæсарæнтæй, Уæрæсе, Гуырдзыстонæй... Мах, студентты дæр, бауагътой уырдæм. Иу-цалдæр ахуыргонды куы раныхас кодтой, уæд рахызт гуырвидауцджын, сæрбæрзондæй Абайты Васо æмæ снывæста йæ ныхас цавæрдæр алæмæттаг æвзагыл. Бындз куы атахтаид, уæд фехъуыстаид йæ базырты уынæр. Васойы размæ дзурджытæй алчи дæр тырныдта йæ хъуыды растдæр банымайыныл, дзырдтой хъæрæй, тылдтой сæ къухтæ, фæлæ Васойы раныхасы фæстæ æмбырды архайджытæй ныхас кæнынмæ ничиуал рацыд, æмæ, уый цы домæнтæ æрæвæрдта ахуыргæндты раз, уыдон сты абоны «Ирон æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат»-ы бындур.

1970 аз. Дзауы ЦИК-ы агъуысты – фынгарæзт Васойы 70 азы цытæн. Мах, ХИЗИИ-ы æрыгондæр кусджытæ, лæггад кодтам, нæ хъус дардтам фынгмæ. Васо иу мур дæр ницæмæ æвнæлдта, донæй дарддæр. Гæзæмæ мидбылхудтимæ, йæ лæдзæгыл æнцойгæнгæйæ, кастис, хъуыста алкæмæ дæр. Фæстагмæ сыстад æмæ уал йæ бузныджы ныхас загъта, стæй фæныхас кодта цыбыртæй ирон филологи, этнографи æмæ нарты кадджыты иртасинаг фарстатыл.

Уыцы азты æз куыстон мæ диссертацийыл æмæ дзырд «сиахс»-æн ницы зонадон ратæдзæнтæ ардтон. Сфæнд кодтон Васомæ «сиахс»-ы

адæмон этимологи арвитын æмæ йæм ныффыссын, æндæр кæй ницы зæгъын у мæ бон, зæгъгæ. Афтæ мæм кастис, цыма Васойы мæнмæ нæ равдæлдзæн. Фæлæ мæнæ диссæгтæ – райстон дзы фыстæг: «сиахс»-ы адæмон этимологийыл уый не сразы, раст этимологи та, дам, бакæсдзынæ дзырдуаты 2 томы. Уыцы том рацыд мыхуыры 1973 азы æмæ «сиахс» иртæст æрцыд куыд тынг æмбæхст этимологихæссæг дзырд, фæлæ йын Васо, кæй зæгъын æй хъæуы, нывнæлдта йæ уидагмæ.

1978 аз. Цæуын зонадон командировкæйы Мæскуымæ. Васойы стыр хæлар, Мæргъиты Алыкси мæм бахатыд, цæмæй Васомæ фæхæццæ кæнон йæ 75 азы юбилейон къамтæ. Куыддæр ныххæццæ дæн, афтæ бацыдтæн æвзагзонынады Институтмæ. Зыдтон æй, Васо уым æрвылмайрæмбон дæр аспиранттæн кæй кастис лекцитæ рагонирайнаг (Авеста) æмæ рагонперсайнаг æвзæгтæй. Банхъæлмæ кастæн æмæ, лекци каст куы фæцис, уæд йæ цурмæ бахызтæн. Уый цавæрдæр чиныг кастис лупæйы фæрцы æмæ чиныджы фæрстæ тагъд-тагъд фæлдæхта, æз æм джихæй кастæн. Уый мæ нæ фæхатыд. Иу дзырдæй, никæй уыдта, ницы хъуыста. Стæй мын аспиранттæй иу, таджикаг чызг Додхудоева Лейли, афтæ зæгъы: «Сдзур æм, æндæра иннæ чиныг райсдзæн кæсынмæ». Æз уымæ фæрсæджы каст бакодтон, зæгъгæ, афтæ тагъд-тагъд чиныг чи кæсы. Чызг бахудти æмæ афтæ: «Дис дæм ма кæсæд, афтæ тагъд кæй кæсы, Васили Иваны фыртæн чиныг бакæсынæн ис йæхи сæрмагонд тагъд кæсыны мадзал».

Уæд æз бауæндыдтæн иронау «Дæ бон хорз» зæгъын. Васо иу уысм фæлæууыд æмæ та дарддæр кæсы. Ныр æз хъæрдæрæй хатыр ракурдтон æмæ зæгъын: «Æз Чъребайæ дæн». Чъреба фехъусгæйæ, фæлæууыд йæ кæсынæй. Æз ын Мæргъиты Алыксийы æрвыстæг йæ разы æрæвæрдтон æмæ загътон: «Адон рарвыста Мæргъиты Алыкси, бахатыр мын кæн, бахъыг дæ дардтон», æмæ рацæйхызтæн. Васо сыстад, бахудт æмæ афтæ: «Алыксийæн бузныг, фæлæ дæхæдæг та чи дæ?» Æз ын мæхи бацамыдтон. Уæд бахъæлдзæгдæр æмæ афтæ: «Мæнæ «Фидиуæг»-ы фæрстыл кæй уацтæ цæуынц мыхуыры, уыцы Битарты Зойæ дæ, гъе æмæ мæм фыстæг фарстатимæ дæр ды æрæрвыстай, æвæццæгæн?» Æз мæ сæр разыйы тылд бакодтон, ныссырх дæн. Васо фæхатыд мæ тыхст, æмæ мæ бахуыдта йæ цурмæ, æрбадын мæ кодта. Бафарста мæ бирæ кæмæйдæрты, мæ диссертацийы фæдыл дæр фæныхас кодтам, термин «сиахс»-æй дæр мæ афарста, зæгъгæ йæ бакастæ 2 томы æви нæ? Стæй та мæ мæ ныццыды нысанæй бафарста.

Загътон ын, фонетикæ-фонологийыл кæй кусын æмæ ирон æвзаджы мырон сконды миниуджытæ кæй æмных кæнын картвелаг æвзæгты мырон сконды миниуджытимæ. Уый фехъусгæйæ, мемæ гуырдзиагау райдыдта ныхас кæнын. Иудзæвгар куы аныхас кодтам, уæд афтæ: «Хорз зоныс гуырдзиагау æмæ дзы спайда кæн, æнæзивæгæй кус, зæгъинаг дзы бирæ ис».

1981 азы уалдзæджы Васойæн радтой Паддзахадон преми æмæ стыр фынг сæвæрдтой, иу-сæдæ адæймагæй дзы фылдæр уыдис. Ракуывтой йын бирæ стыр ахуыргæндтæ. Ирайнаг филологийы секторы разамонæг, профессор В. С. Расторгуева афтæ зæгъы: «Васили Иваны фырт, мах дисы æфтыдта дæ куыстхъомдзинад, дæсгай сахаттæ-иу чиныгæй дæхи нæ фæхицæн кодтай. Мах-иу, кæстæрты, тынг фæндыд демæ аныхас кæнын, фæлæ дæу дæ чиныгæй фæхицæн кæнын нымадтам стыр тæригъæдыл. Нæдæр дæм уæндгæ кодтам. Ныр мæнæ абон айæппæт адæмы ‘хсæн хъуамæ бауæндон дæуыл атыхсын æмæ дын аба кæнон».

Мæнæн мæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыдис ныхас зæгъын, фæлæ мæм йе ‘ввахс адæймаг, йæ хорз хæлар, Исаты Мæхæмæт æрбадзырдта, зæгъгæ, зæгъ Хуссар Ирыстоны интеллигенцийы номæй. Раздæр фæтыхстæн, фæлæ стæй иуцалдæр хъуыдыйады загътон уырыссагау, кæрæдзимæ ныхасгæнгæйæ, мах Ирыстоны Васойы кæй хонæм «Нæхи Васо», зæгъгæ. Стæй дзырдтон иронау. Васо йæ бузныджы ныхасы загъта: «Стыр æхсызгон мын у Ирыстоны мæ «нæхи» кæй хонынц мæ раттæг адæм. Уый мын бауырнын кодта, мæнæн кæй бантыст чысыл балæггад кæнын мæ адæмæн».

1982 азы мæнæн фадат фæцис ацæуын æвзагзонынады институтмæ. Куыддæр ныццыдтæн, афтæ йæм бахатыдтæн, цæмæй мын бар ратта йæ лекцитæм байхъусынæн. Уый мæм æрбакаст, ахъуыды кодта æмæ афтæ: «Зойæ, ды кандидатон диссертаци бахъахъхъæдтай, цæмæн ма дæ хъæуынц мæ лекцитæ?». Æз та йæм ноджыдæр бахатыдтæн. Хорз, зæгъгæ, загъта.

Фыццаг лекци цæуы Авестайæ. Кæсынц текст, анализ кæнынц. Мырты миниуджытæ, стæй дзырды дих кæнынц йæ аразæг хæйттыл, агурынц ын йæ уидаг, тæлмац сæ кæнынц сæ нысаниуджытæм гæсгæ æмæ а.д. Æз хъусын, æмæ мæ дисы бафтыдта сонорон æмхъæлæсон /й/-йы бынат æмæ уавæр рагон ирайнаг æвзаджы. Æз цалынмæ Мæскуымæ ныццыдтæн, уæдмæ дæр куыстон ацы мыры миниуджытыл, фæлæ йын дзæвгар уавæрты йæ архайд не ‘мбæрстон. Æмæ ныр мæнæ фыццаг лекцийыл «дур йæ бынатæй феккуырстис».

Лекци фæцис. Васо мæм бадзырдта йæхимæ æмæ афтæ: «Цæй, æрвылбон дæр афтæ кусдзыстæм, фæнды ма дæ?!» Æз æм бузныджы каст бакодтон æмæ йын загътон: «Дæргъвæтин рæстæджы сонорон æмхъæлæсон /й/-йы позицитæ не ‘мбæрстон, ныр ын йæ ратæдзæн ссардтон, æмæ мын кæд бар ратдзынæ, уæд цæудзынæн». Васо бахудт æмæ афтæ: «Зон æй, кандидаты хатыр дын нæ уыдзæн, аспиранттæй æрмæг куыд домын, афтæ домдзынæн дæуæй дæр, кæд разы дæ, уæд – табуафси!» Стæй ма дзы бар ракуырдтон, цæмæй мын бауадза магнитафоныл йæ лекцитæ фыссын. Фæфыстон сæ дыууæ азы дæргъы. Уыцы лекцитæм цæугæйæ, æз мæхи хатыдтæн ахуырдзауæй æмæ-иу æртыгай бонтæ мæхи цæттæ кодтон, аспиранттæй æмдзæрæны чи цардис, уыдонимæ.

Æрвылбон дæр æнхъæлмæ кæсæн уыдис æнæнхъæлæджы цаумæ. Иуахæмы, апрелы мæйы, тынг хур бон уыдис. Уый æрбацыдис, æрбадтис, дзæвгар рæстæг фæкастис рудзынгмæ æмæ стæй фæрсы: «Уырыссаг классиктæй ахæм боныгъæды афыст кæмæ æмæ кæцы уацмысы ис?» Ничи сдзуапп кодта. Стæй раздæхтис мæнмæ æмæ афтæ: «Ныр бафæрсæм Зойæйы: «Дæ мыггагæй ирон фысджытæй йæ хъайтар кæцы фыссæгæн у æмæ цавæр уацмысы?» «Секъайы «Мад æмæ фырт» – загътон æз.

Арæх æм цыдысты консультацитæм ирайнаг филологийы иртасджытæ куыд æппæт Советон Цæдисæй, афтæ фæсарæнтæй дæр. Иуахæмы йæм æз дæр бахатыдтæн. Уæд мæн бацымыдис кодта ирон æвзаджы раздæр хъæлæсон /ы/ кæй нæ уыдис, уый. Уыл дзурæг уыди дзæвгар æрмæг Колыты А., А. Шегрен æмæ В. Миллермæ. Æз сыл бакуыстон æмæ йæм бацыдтæн хæдзармæ. Радзырдтон ын, цæуыл бакуыстон, уыдæттæ. Дзæвгар рæстæг ницы сдзырдта. Стæй мæ бафарста, Шифнеры текстты л, дам, бакуыстай? Нæ, зæгъын. Уый сыстадис, райста Шифнеры текстæ. Æркаст чиныгмæ æмæ та ницы дзуры. Æз сфæрæзтон: «Васили Иванович, кæд раст нæ дæн, уæд мын æй зæгъ, ма мыл бацауæрд æфхæрынæй дæр». Тыхстис йæ бинойнаг Цхуырбиан дæр. Уый ноджыдæр дзæвгар рæстæг абадт æнæдзургæйæ, стæй афтæ: «Надо же, как я прошел мимо». Æз ын цыма тæригъæд бакодтон, уыйау ын йæ къухмæ февнæлдтон, афтæ зæгъгæйæ: «Ницы кæны, ницы, афтæ дæр вæййы». Æмæ мæхæдæг тынг фæтыхстæн, цины

эмоцитæ мæ фæрæдийын кодтой... Уый бамбæрста, æз субардинаци кæй фехæлдтон мæ фырцинæй. Уый сывæллонау зæрдиагæй ныххудти æмæ дзуры: «Кæсыс, кæсыс, фæнадтай мæ æмæ мæ ныр та хатыр курыс». Стæй мæ æрбахъæбыс кодта, æмæ афтæ: «Надо опубликовать!»

Тынг уарзта йæ къæс Цхинвалы, «Домик на куриных ножках» – афтæ йæ хуыдта. Дзæвгар рæстæг-иу баззад ам немæ. 1987 азы июны мæйы махмæ сихор кодтам. Уыдис ма дзы Хъотайты Гриша, Тахъазты Харум, Джыккайты Шамил… Васо мæ срæуæг кодта, къуыдайраг ныхасыздæхтæй дзургæйæ: «Дæ аппарати ма (магнитофон) рахæсс». Магнитофоны лентыл баззадысты уæды ныхæстæ:

«Всю свою библиотеку я хочу подарить Южной Осетии. Это будет скромный знак моей благодарности Южной Осетии, общественности Южной Осетии, за все, что она для меня сделала. Я представляю себе технически это дело так: на первых порах библиотека не будет вливаться в какую-нибудь Цхинвальскую библиотеку, а будет размещена у меня в этом доме. Для того, чтобы кто-нибудь заведовал этой бибилиотекой, так сказать, следил за ним, чтобы там было все цело. Ну, техническая работа такая: составление каталогов. Я надеюсь, что это возьмет на себя Ксения Григорьевна. Надо будет составить 3 каталога: русский, иностранный, осетинский. В дальнейшем надо будет составить отраслевые каталоги по отдельным дисциплинам. Встает вопрос о том, перебрасывать книги с полками или без полок. Лично я думаю, что перевозить полки – это очень грамоздко и можно просто здесь заказать стеллажи и на них разместить. Но может быть и такой вариант – книги перебрасывать вместе с полками. Библиотека должна быть общественной, т.е. доступной каждому, кто интересуется книгами.

Ну, конечно, такой доступ непосредственно к книгам будет только для самых близких людей. Ну, и другие по каталогу могут находить себе нужную книгу, и получить на дом на определенный срок. Иными словами, она будет работать так, как любая общественная библиотека. Ну, в далеком будущем она, наверное, вольется в местные библиотеки. Может быть, изначально обязанности заведующей библиотеки возьмет на себя Ксения Григорьевна... Посмотрим».

24 июня 1987 г.

Фæлæ стæй хæст... стæй йæ бинойнаг Цхуырбаты Ксеня фæзиан ис, æмæ Васойæн уæд РЦИ-Аланийы хицауад æххуысгæнæгæй баххуырстой иу хорз уырыссаг сылгоймаджы. Куы аивгъуыдта йе 'цæг дунемæ, уæд æппæт дæр раластой ЦИГСИ-мæ «Абайты Васойы фондмæ»

Фæстаг хатт ма 1990 азы æрцыдис. Тынг тыхстис фæсивæдыл. Уый-иу уый размæ дæр арæх æмбæлдис студентон клуб «Ныхас» æмæ клуб «Аполлон»-ы уæнгтимæ. Иу ахæм фембæлдæй куы рацыдыстæм, уæд мæ фæрсы: «Зойæ, уæлдæйттæ нæ дзырдтон, мыййаг?» Æз æмæ йæ бинойнаг кæрæдзимæ бакастыстæм, ныххудтыстæм, æмæ йын æз афтæ: «Васили Иванович, ныр мæ уый куыд фæрсыс?» «Нæ, æз кардзыд дæн, æмæ, гæнæн ис, зæгъой...» Кæсут, адæймаг цас уæздандæр у, цас йæ дунембарынад гуырахстджындæр у, цас фылдæр зоны, уыйас бирæ хуымæтæгдæр кæй у.

1989 азы фæззæджы Абайты Васо йæ фæндаг акодта Цæгат Ирыстоныл. Цыбырты Людвиг Цæгат Ирыстоны Фыскджыты Цæдисæн фехъусын кодта, æмæ сæм бахатыд, цæмæй уыдон æрцæуой Нармæ. Ардыгæй йемæ ацыдысты иу фынддæсæй. Цæгатæй дæр æрцыдысты. Къостайы хæдзар-музейы тыргъы йæ Хъодзаты Æхсар бафарста, зæгъгæ, «Перестройка» куыд растдæр раивæм ирон æвзагмæ. Васо йæ бафарста: «Ды дæхæдæг куыд хъуыды кæныс?». Æхсар ын афтæ: «Рацарæзт». Васо дардмæ дзæвгар фæкастис æмæ стæй афтæ: «Рацарæзт» нæ – «Цæстфæлдахæн».

1992 аз, ноябры мæй. Æз, нæ Республикæйы фыццаг парламенты фыццаг сидты депутат уæвгæйæ, аластон 18 уæззау цæф рынчыны дзæбæх кæнынмæ Мæскуйы рынчындæттæм. Бадзырдтон Абайтæм, зæгъгæ, кæд гæнæн ис, уæд бауайон. Сæмбæлд мыл тызмæгæй. Уый размæ «нæ иууыл стырдæр патриоттæ» уымæ куыд стыр авторитетмæ бахатыдысты, цæмæй ныффыстаид, зæгъгæ, Хуссар Ирыстон административон æгъдауæй хауы Гуырдзыстонмæ æмæ… цæмæй тугкалд мауал цæуа… Æмæ ныффыста…

Мæныл дæр тызмæгæй уымæн сæмбæлд. Æз нал басастæн æмæ аскъуыддзаг кодтон: хъуамæ йæм бахъара нæ тугкалды аххосаг, нæ мадæлты судзгæ хъарæг, нæ хъизæмар, нæ сомбоны хъысмæт… «Васили Иваны фырт, зоныс æй, мæ лекцитæ райдайынц Абайты Васойы номæй æмæ фæвæййынц Абайты Васойы номыл, ныр куыддæр дæ кой скæнын – фæсивæд лекцийæ ацæуынц. Баххуыс мын кæн, дæ хъуыды

куы фælæгъздæр кæнис, ногæй куы ныффыссис...» Уый тынг смæсты ис æмæ тымбыл къухæй æрхоста фынг. «Ды дæ экстремист, националист...» Æз бахудтæн æмæ йын афтæ: «Æмæ мæ чи схъомыл кодта?»

– Ныр афтæ ма зæгъ, æмæ æз!

– Растдæр афтæ у! Уый ды куы фыстай: «Из глубины веков доносится топот скифских коней...» Кæд афтæ нæ уыд, уæд цæмæн фæфыстат, нæ фыдæлтæн ахæм кад цæмæн скодтат? О, бандæвтой мæныл, æмæ мæхи экстремистыл нæ нымайын, фæлæ мæ мадæлон æвзаг хъахъхъæнæгыл.

Стæй йæ фæрсын: «Васили Иваны фырт, гуырдзиаг стыр ахуыргонд Георги Церетелиимæ 1944-æм азы ныффыстат уац «Вокруг Армазской билингвы», æмæ дзы фидарæй загътат, зæгъгæ, Армазы комы, уæлвæз бынат Мцхетайы мидæгæй (ном Армаз ма хæссы Лехургомы иу хъæу) ныгæд сты Скифты паддзæхты стæгдартæ. Зæгъ-ма, Васили Иваны фырт, дæ хъуыды нæ фæивтай уæдæй абонмæ?»

Дзуапп: «Цæмæн хъуамæ фæивон мæ хъуыды, кæд бæлвырд афтæ у!» Æз дарддæр дзурын: «Æмæ кæд скифтæ ам нæ цардысты, уæд уыцы ком æлхæнгæ бакодтой, цæмæй сæ паддзæхты уым ныгæдтаиккой?» Васили Иваны фырт хъуыдыты аныгъуылд æмæ та афтæ зæгъы: «Æмæ стæй цы фесты скифтæ?» Мæнмæ афтæ фæкаст, цыма мын мæ зонындзинæдтæ бæрæг кæны, æмæ та загътон: «Зонады абон дæр дæ номимæ у баст субстратон теори, æмæ сæ уыцы теорийæ æрцагуræм. Нæ фыдæлтæм хæстон демократон цардыуаг уыдис, стæй уыдысты цæугæцардгæнæг адæмыхатт. Сæ иу хай, æвæццæгæн, стырдæр – сæ фæндаг акодтой цæгатырдæм. Иннæтæ ам, гуырдзыйы фыдæлтимæ иумæ, бындур æрæвæрдтой, абоны гуырдзиаг æвзаг æмæ гуырдзиаг адæмыхаттæн. Гуырдзы сæ монон райрæзтыл архайдтой, нæ фыдæлтæ – гъæйтт-мардзæ хæцынмæ, сæ алыварс æрцæргæйæ сæ хъахъхъæдтой ныббырстытæй.

Васо бахудт æмæ загъта: «Фæндараст ахæм равгимæ!» Уæд ын Цхуырбиан афтæ бакодта: «Иннæбон Гуырдзыстоны телеуынынад Рустави-2-йы журналистты æз нал райсдзынæн…» Уый фæстæ æз мæ хъус дардтон Рустави-2-йы равдыстытæм, фæлæ Васойы никуыуал равдыстой.

Кæддæриддæр æз тырныдтон, цæмæй йын исты æхцондзинад æрхастаин. Афæдз-иу æй 2–3 хатты уæддæр абæрæг кодтон. Йæ бинойнаг Цхуырбиан куы нал уыд, уæд æм кастис иу уырыссаг

сылгоймаг, диссаджы уæздан æмæ, Васойы зонадон потенциал чи æмбæрста, ахæм – Мария Леонидовна. Мария Васойæн фæстаг сулæфты онг уыдис йæ цуры. Ацы сылгоймаг цыппар азы дæргъы афтæ æнувыдæй фæкастис Васомæ, æмæ йæхи фыдмæ дæр афтæ ничи фæкастаид. Æз-иу Санкт-Петербургмæ арæх ацыдтæн мæ мæгуыр чызгмæ, ахастон-иу ардыгæй нартхоры ссад æмæ ирон цыхт, стæй-иу мæ фæндаг ракодтон Мæскуыйыл, æмæ-иу Марияимæ уæлибæхтæ, нартхоры тымбыл гуылтæ скодтам Васойæн. Æмæ-иу дзырдта: «Мæхи ныртæккæ хатын Къобы нæхимæ, къобаг хæринæгтæ хæрын...» (Æз æхсызгонæй æрымысын уый æмæ Васо мæ армæй конд кæй аходыдта тынг зæрдиагæй).

Августы мæйы 2000 азы та Санкт-Петербургæй мæ фæндаг ракодтон Мæскуыйыл, фæдзырдтон æм, зæгъгæ, мæ магнитофонимæ фæцæуын æмæ дæ хъуамæ ныффыссон. Ныхас кодтам дзæвгар рæстæг дзæвгар проблемæтыл, фæлæ тынгдæр тыхстис фæсивæдыл. Фæсивæды аздахут ахуырмæ, хæцæнгарзæй æмæ хъæбысæй хæцынæй ænæхъæн наци размæ никуы ацæудзысты. Хъæуы чысылтæй райдайын, ирон дзырды ад, ирон æгъдауы ратæдзæнтæ сын хæрз чысылæй банкъарын кæнын хъæуы, æмæ сæ хæрзæгъдауыл хъомыл кæнут.

Æхсæнады цæугæ ивддзинæдтæ арф æнкъаргæйæ, 1975 азы йæ 75 азы юбилейон мадзалы уымæн загъта: «Если бы меня спросили, какая наука важнее всего в наше время? Языкознание – я ответил бы – «Нет». «Физика?» – «Нет, не физика. Сейчас для нас важнее всего этика.»

ФАРН ПЛАНЕТЫ

Личность В.И. Абаева уникальна во многих отношениях – как по своей биографии, так и по характеру научного творчества. Родившись 15 декабря 1900 г., он как бы связал своей биографией три столетия: XIX, XX и XXI (!). В то же время по месту своего рождения – с. Коби по Военно-грузинской дороге – он представляет собой сразу две части: Европу и Азию.

(Михальченко В.Ю., Исаев М.И. Жизнь как история. Серия литературы и языка. Т.60, №3 –С50-52).

Да, я бы добавила, что Василий Иванович Абаев – это **фарн Планеты**. Слово **фарн**, как объясняет сам В.И. Абаев, общеиранское полурелигиозное понятие… дериват «неба – солнца», обозначало «небесная благодать», «благополучие», «мир», «…» (ИЭСОЯ, 1958, т. I, стр. 421).

Поздравляя В.И. Абаева с 90-летием, академик АН России О.Н. Трубачев сказал: «Нужны очень хорошие и самые высокие слова, чтобы достойно почитать Василия Ивановича. По счастью, такое нужное слово есть в его «Словаре скифских слов», сохранили его и потомки скифов – родные Абаеву осетины, и мы, уважая связь времени, произносим сегодня это слово: **фарн** – солнечная благодать, благоденствие. В других языках нет адекватного слова и понятия, порожденного, видимо, древним иранским культом солнца... и мы вынуждены передавать его по-русски иносказательно. Василий Иванович Абаев – ровесник XX века, и это тоже по-своему символично. Я не удивлюсь, если потом будут говорить о веке Абаева в иранской и осетинской этимологии, имея в виду время ее наивысшего расцвета.

Но вернемся к **фарну**... Хочу пожелать Василию Ивановичу по-славянски полного века жизни, а напоследок скажу все-таки по-осетински: «Фарн уæм цæуæд!», «Да снизойдет на Вас фарн!».

(Исаев М.И. Васо Абаев. Орджоникидзе, 1980 г., стр. 8).

Недаром академик АН СССР В.В. Виноградов говорил: «К В.И. Абаеву не подходите с обычным мерилом, он – особенная личность (Исаев М.И. Васо Абаев. Орджоникидзе. 1980, стр165). Высказывание В.В. Виноградова подтверждается словами директора Института языкознания академика В.М. Алпатова:

Василий Иванович Абаев (1900–2001) фигура, уникальная в исто-

рии отечественного языкознания. Его научная деятельность продолжалась почти восемь десятилетий, ему принадлежат всемирно известные труды по иранскому языкознанию, среди которых фундаментальный «Историко-этимологический словарь осетинского языка», по осетинскому фольклору и литературе.

Сравнительно небольшое количество теоретических публикаций Василия Ивановича Абаева дает основание считать его оригинальным мыслителем. Он нередко шел не в ногу со своим временем, часто обращая свой взгляд на науку прошлого, но в то же время указывал на важные проблемы, игнорируемые его современниками, которые в наши дни оказываются значимыми и актуальными.

(«Памятники отечественной науки XX в». В.И. Абаев. Статьи по теории и истории языкознания. М., 2006, стр. 5, 15).

Бывший директор Института языкознания В.М. Солнцев, поздравляя В.И. Абаева с 95-летием со дня рождения, сказал:

«Василий Иванович Абаев принадлежит не только Осетии, он принадлежит всей нашей стране. Кроме того, я думаю, на меня не обидятся зарубежные коллеги, здесь присутствующие: Василий Иванович Абаев, вероятно, сегодня является иранистом номер один во всем мире».

(Фарн Васо. Цхинвал, т. 3, стр. 620).

«Абаев В.И. – ученый с мировым именем, использовав 190 языков и диалектов мира, создает титанический труд «Историко-этимологический словарь осетинского языка» в пяти томах, который неимоверно обогатил мировую этимологическую науку новыми идеями… Через историю слов ему удалось создать поразительную богатую картину, как бы воспроизвести жизнь осетинского народа с незапамятных времен. Он возвеличил и одновременно приблизил к нам самим и к миру удивительное явление, имя которым **осетинский язык**. (Тут не могу не сообщить своему народу очень приятную новость: Московская осетинская диаспора создала все условия и возможности для перевода «ИЭСОЯ» на английский язык к 120-летнему юбилею В.И. Абаева. Как мне рассказал один из организаторов этого подвижничества, доктор медицинских наук, профессор Амурхан Михайлович Торчинов, готовится пока I-ый том. – (З.А. Битарти). Нельзя не сказать и о том, что В.И. Абаев является одним из основоположников научного

нартоведения. И это он был одним из первых, кто заметил опасность такого явления как дегуманизация науки о языке».

(Выступление Президента РСО–Алания А.С. Дзасохова на столетие со дня рождения В.И. Абаева. Газ. «Социалистическая Осетия», 2000, №52).

Да, именно с именем В.И. Абаева связан разгром структурализма в языкознании в работе: «Лингвистический модернизм как дегуманизация науки о языке». (1963г.). Даже академик А.Е. Кибрик (в 1960–1970 гг.), не принимавший взгляды В.И. Абаева по оценке структуралистов, позже согласился с выводом В.И. Абаева.

В.И. Абаев не отрицал использование статистического метода в языкознании, но резко критиковал идею выделение особой дисциплины: математической лингвистики, видя в ней лишь «скрещение псевдолингвистики и псевдоматематики» и способ ухода от человеческого фактора. Недаром акад. М.И. Исаев действие данной работы В.И. Абаева на структурализм охарактеризовал как эффект взорвавшейся бомбы.

(М.И. Исаев. Васо Абаев. Орджоникидзе, 1980 г., стр. 97, 99).

Не менее значительным является работа В.И. Абаева «Язык как идеология, язык как техника» (1934 г.) в мировой науке. Если данная работа стала одной из причин нападения на него определенной части крупных ученых советской лингвистики, то крупнейший японский лингвист Танако Кацухико, который учился в г. Бонне у Иоганна Лео Вайсбергера и был стипендиатом им. В. фон Гумбольдта, заключает: «**Язык как идеология и язык как техника» лучший из того, что было создано в советской лингвистике**». Свое высказывание Танако Кацухико подтвердил еще раз в своем докладе «Этническое и неэтническое» на международной конференции в Москве 14–17 ноября 2018 г. В частности, он сказал:

«Этническое в языке как предмет научного исследования содержит многие тайны и представляет огромный интерес для исследователей, увлекает нас беспредельно.

В связи с вышесказанным я хочу указать на работу языковеда советской эпохи В.И. Абаева «Язык как идеология и язык как техника» (автор выступил с сообщением в 1931 г.; статья была опубликована в

журнале «Язык и мышление» в 1934 г.).

В этой работе автор говорит о наличии двух видов семантики – технической и идеологической. В.И. Абаев пишет: «Каждый элемент речи может быть, во-первых, носителем известного технического значения, соответствующего какому-нибудь действительно существующему в объектном мире факту или отношению. Эта техническая значимость образует «ядро», устойчивое и способное переходить из эпохи в эпоху, из одной общественной среды в другую, так как оно суммирует эмпирический опыт, основанный на тождестве предметного эквивалента, данного восприятия у людей различных эпох, может охватываться, обволакиваться рядом субъективных, преходящих идеологических представлений, категорий и ассоциаций, которые полностью обусловлены состоянием опыта людей данной эпохи и данной общественной среды и, следовательно, так же неустойчивы и преходящи, как всякие другие формы идеологии. Весь комплекс этих сопутствующих семантических представлений образует «оболочку», придающую речевому элементу известный идеологический аромат».

Такое различение семантических элементов мне представляется весьма убедительным – «оболочка», придающая речевому элементу известный идеологический аромат» есть не что иное, как наше «этническое».

По Абаеву, граница между «ядром» и «оболочкой» не является раз и навсегда заданной. Она подвижна и находится в «непрерывном процессе технизации». Этот процесс ученый называет «десемантизацией» и указывает, что постепенно происходит «перенос центра тяжести с идеологической семантики на техническую».

Оглядываясь на прошедшие со времени публикации работы В.И. Абаева восемьдесят лет, можно увидеть, что в эпоху так называемой «глобализации» тенденция к «десемантизации» проявляется все более явно, и процесс захватывает, в том числе, и собственно лингвистическую науку, о чем свидетельствует построение теории о языке на основе универсальной грамматики. В то же время нельзя забывать, что человек – существо «этническое», и именно язык определяет эту сущностную характеристику человека.

(Языковое единство и языковое разнообразие в полиэтническом государстве. Международная конференция, Москва, 14–17 ноября 2018 г., стр. 51–52).



А что же такое «человеческий фактор» по Абаеву?

Вот как говорит об этом сам В.И. Абаев:

Теперь мне хочется несколько в другом ключе, более серьезном, поговорить вот о чем. Десять лет назад на таком же юбилейном собрании, когда тоже говорили, что филология – очень важная наука, очень серьезная и всякий вклад в нее очень важен, я тут же сказал: «Конечно, филология, как и другие науки, как и естественные науки, очень ценна, очень важна, но самая важная наука в наше время – это этика. Наука о нравственности. Наука о том, как повседневно людям общаться, относиться друг к другу. Наука человеческих взаимоотношений. Вот самая главная наука с моей точки зрения.

С тех пор прошло десять лет, и за это время нравственное состояние нашего общества непрерывно падает и падает. И дошло уже до такого предела, что дальше, кажется, некуда. Такая нравственная деградация наблюдается во всем мире. Но мы превзошли, вероятно, в этом отношении всех. Я не буду говорить о конкретных фактах. Вы читаете газеты, смотрите телевидение, слушаете радио. Какая страшная картина! Эгоизм, цинизм, ничего святого! Повсюду хищения, воровство, взяточничество. Преступность растет в страшных размерах. Межнациональное озверение. Какое-то озверение межнациональных отношений.

Все это упирается в наш нравственный маразм. На таком материале, человеческом, нравственном, на котором мы находимся, никакой здоровой экономики не может быть создано.

И поэтому обязанность и долг каждого человека – призвать к этому: «Давайте, давайте очищаться нравственно!» Давайте приобретать человеческие качества, как они сформулированы от глубокой древности! Конечно, и научные труды, и словари – все это нужно, все это необходимо. Повторяю, я не осуждаю никакую другую науку. Но все же самое главное, повторяю, это наука о том, как нам выйти из нравственного маразма.

Одна такая книга, которая могла бы сделать нас лучше, добрее, милосерднее, человечнее, одна такая наука, дороже, чем сотни фолиантов научных трудов. Но вот таких книг не видно. Таких книг, которые бы нас делали лучше, не видно. В прошлом были такие книги. Была, например, такая книга «Евангелие». Благодаря этой книге человечество поднялось на новую нравственную ступень. Эта книга ознаменовала новую эру в нравственном состоянии человечества. А ведь книга-то – вот она. Наверное, с задних рядов ее вообще не видно. Вот это «Евангелие». Вот в этом «Евангелие» больше веса, чем во всех научных библиотеках всего мира с точки зрения нравственного сознания, с точки зрения истории нравственного сознания.

Вы скажете, что может отдельный человек, вот я, вы или кто-либо другой, в этом отношении сделать? Во-первых, мы все будем обязаны привлекать внимание и общества, и наших властей, и тех, кто руководит нами. Будем привлекать к этой идее, что самое главное для нас сейчас – нравственное возрождение. Часто говорят: «человеческий фактор». Вот о чем я говорю, и есть человеческий фактор. То есть на дурном человеческом материале нельзя построить хорошее общество. Хорошее общество и в смысле хозяйственном, и в смысле социальном и политическом можно построить только на хорошем, нравственно высоком человеческом материале.

(Выступление на юбилейном вечере к 90-летию со дня рождения. 18.10. 1990 г.)

ВСТРЕЧА ВАСО АБАЕВА С ПИСАТЕЛЯМИ И ПРЕДСТАВИТЕЛЯМИ ИНТЕЛЛИГЕНЦИИ

Мыхуыргонд цæуы цыбыргондæй

Куыддæр нæ бæстæйы рацарæзт райдыдта, афтæ Ирыстонмæ ссыд Абайты Васо. Сарæзтой йын фембæлд фысджытимæ. Уæд Фысджыты цæдисы сæрдар уыд Малиты Васо. Дыууæ Васойы фæрсæй-фæрстæм бадтысты трибунæйы уæды «Адæмты хæлардзинады хæдзар»-ы æмбырдгæнæн залы (Сабырдзинады проспект, 25). Фысджыты цæдис æмæ «Мах дуг»-ы редакци дæр уым уыдысты). Æз уæд куыстон журнал «Мах дуг»-ы бæрнон нымæрдарæй. Уыдис мæм уæды рæстæджы япойнаг портативон магнитофон. Цæгольты Васили мын æй балæвар кодта. Фысджытæй уæлдай æмбырды архайдтой нæ интеллигенцийы æндæр минæвæрттæ дæр.

Уæд æз Васойы ныхас ныффыстон магнитофоны лентыл, фæлæ мыхуыргонд не 'рцыд цыдæр аххосæгты тыххæй. Ныр æй хæссæм уæ размæ, æмæ ма иу хатт аргъæнæг фæут Васойы дардмæуынаг цæстæнгасæн, йæ куырыхон зондæн.

КОКАЙТЫ Тотрадз

Васо. Поскольку здесь, в основном, писатели, я бы хотел сказать, какие сейчас в данный, очень важный исторический момент, стоят задачи перед писателями?

Около года назад в Китайе проходил съезд писателей, и председатель союза писателей Китая сказал: «Главная наша задача – это раскрепощение духа: повторяю «раскрепощение духа».

Обидно, конечно, что нам приходится учиться у китайцев, но факт в том, что у нас, насколько я слежу за литературой, выступлениями, нигде не были произнесены эти важные, самые нужные слова: «раскрепощение духа». Во всяком случае, мне не встречались. Мы говорим

«демократия», «гласность», «ускорение», но ни подлинной демократии, ни подлинной гласности у нас не получится, если каждый из нас индивидуально не пройдет через это самое «раскрепощение духа».

Главная задача и главная предпосылка для нашей перестройки и гласности – это предпосылка нравственная. Каждый из нас должен нравственно раскрепоститься. А что такое, откуда взялось это закрепощение? Думаю, все это хорошо знаете. Почему нам нужно раскрепоститься? Значит, мы были закрепощены? Совершенно верно, мы были закрепощены. Вы знаете, что мы прошли через страшные годы. Более молодое поколение не помнит их, но люди моего возраста и помоложе, хорошо помнят, через что мы прошли. По самым скромным подсчетам, не менее 17 млн. человек было уничтожено. Совершенно ни в чем неповинных. Вдумайтесь в эти цифры. Это такое страшное явление, через которое никогда никакой народ не проходил. Это ужас. И мы это перенесли. И каждого из нас должна совесть как-то мучить, и мы все как-то за это ответственны.

Как мы могли, как народ мог допустить вот такую вещь?

Поэтому повторяю, сейчас нет более важной задачи, чем внутреннее раскрепощение, раскрепощение нашего духа. Если мы через это не пройдем, то у нас ни демократии, ни гласности не будет.

Значит, задача заложена ни в каких-то объективных правительственных постановлениях насчет экономики, экономических отношений, проблема сидит в каждом из нас. Каждый из нас должен, как выразился Чехов, по капле выдавить из себя раба. Это он еще при царизме говорил, но ведь при царизме таких ужасов не было. Были, конечно, тоже, мы все знаем, что это был царский режим, какие он насилия совершал, но такого ужаса ведь не было.

В медицине есть такой термин – реанимация. Вы знаете, что это такое? Человек перенес тяжелейшую операцию или перенес тяжелейшую рану, настолько тяжелую, что он уже на грани смерти, он почти труп, и вот тогда его помещают в особую палату. И там стараются вдохнуть в него жизнь. Вот нам надо пройти через нравственную реанимацию.

Мы еще жили, двигались, видимость была бурной жизни. В действительности же, в нравственном отношении мы стали полутрупами. И вот из этого полутрупного состояния нам надо теперь выйти, т.е. пройти процесс реанимации, когда люди, народ, общество утратили в

основном все признаки нравственной жизни, нравственной ценности, нравственного здоровья, и необходимо из этого состояния выйти. Процесс реанимации – процесс длительный, но он совершенно неизбежен, если мы действительно хотим выйти на широкую дорогу подлинной демократии, подлинной свободы и вернуть себе самоуважение. Потому что народ, который безропотно переносил все эти злодейства, уже утратил уважение и к себе, и другу к другу.

Вот в газетах бывают иногда такие курьезы: создали кооперативную столовую, т.е. на новых началах, началах самоокупаемости и т.д., и все пошло хорошо, но потом спрашивают: «Как у вас обстоит дело с обслуживанием клиентов и т.д.?» Да вроде бы все хорошо, но вот официанток и официантов никак не можем приучить к вежливости. Мы им говорим, что вот пришел клиент и говорите ему «здравствуйте», говорите «спасибо», всячески выражайте ваше благожелательное к нему отношение. А официанты отвечают: «Буду я каждому дерьму говорить спасибо».

Мы утратили уважение к друг другу. Для нас сосед, другой человек – это не что-то стоящее, ни какая-то высокая ценность, которую надо беречь, которую надо холить. А что вот так какая-то ерунда.

Вот это основное, что я хотел сказать в своем вступлении. Повторяю, сегодня, самое главное для нас – это духовное раскрепощение. Это тяжелейшая рана, которую мы вынесли. Она оставила след на поколении, не только на тех, кто сам жил в это время и наблюдал и потерял своих близких, но даже на тех, которые как будто совершенно в стороне остались, на них тоже это страшное клеймо репрессий. И нам надо и самих себя, и их из этого высвободить.

Если будут вопросы, я охотно отвечу.

Вопрос. **В нашей печати в связи с решениями XXVII съезда КПСС, январского Пленума, в особенности, после апрельского Пленума, началась такая тенденция, что мы начинаем охаивать даже те великие достижения, которые имел наш народ именно во второй половине 30-х годов. Если мы так будем подходить к истории, не приведет ли это к забвению героического прошлого?**

Васо. В нашем прошлом есть несколько разных сторон. Есть, в частности, сторона экономическая, были пятилетки, каждая пятилетка приносила какие-то новые достижения экономики. У нас создавались

совершенно новые отрасли промышленности. Отрицать, конечно, этого никто не может, это объективный фактор.

Но я четко различаю две стороны: нравственную и экономическую. Вот сейчас как будто нам тоже в одном пакете хотят подать экономику с одной стороны и гуманитарную сторону, с другой, создавая такое впечатление, что они тесно между собой связаны, т.е., если у нас будет ускорение в добыче нефти, стали и т.д., то тем самым это нам обеспечит и демократию и гласность. Ничего подобного!

Между этими двумя пакетами, пакетом экономическим и пакетом нравственным ничего общего нет, никакой связи. Гитлеровская Германия за короткое время достигла огромных успехов в экономике, она развила такую промышленность, что весь мир просто изумлялся. Иначе она и не могла бы воевать со всем миром. Но ведь это была рабская страна, гитлеровская Германия, поэтому нам никак нельзя смешивать эти две вещи. Да, да, можно расцветать экологически и в то же время в нравственном отношении деградировать. Вот с нами как раз это и случилось. Этого нельзя отрицать.

Вопрос. **Как относиться к словам Черчилля «Это счастье для России, что в тяжелое время во главе русского народа стоял такой человек, как Сталин. И с другой стороны, призыв «За Родину, за Сталина!» Как вы смотрите на все это?**

Васо. Черчилль для меня здесь никакой не авторитет, а сказал он это потому, что Советский Союз и Англия были союзниками. И огромную тяжесть войны вынес Советский Союз. Вот в благодарность за это Черчилль и сказал эти слова. Но разве мы на основании его слов будем приукрашивать личность Сталина?! Вот в Камбодже был тоже свой «Сталин». Полпот перебил треть страны, и что же, если у него там были какие-то достижения, может быть, в других областях, разве мы можем ему это простить? Ни в коем случае! Так что слова Черчилля для меня здесь никакого значения не имеют. Те, кто пережил эти годы, знают, что означало такое «счастье». История не знает ничего подобного.

Вопрос. **Как относиться к писателю, который видел то, что совершалось рядом, например, в 37-ом году и в послевоенные годы, когда, например, весь цвет осетинской нации тоже был вырублен, и в то же время он, писатель, весело поет, как будто ничего не случилось.**

Васо. Я не буду бояться крепких слов, я назову их просто подонками. Действительно, вот мы то самое, здесь присутствующее, старшее поколение, лучшие люди нации, нæ хуыздæртæ, фосы цагъд сын ныккодтой. Я не буду перечислять имен, но ведь некоторых из них раньше причисляли к лику святых. Такие, как Георгий Малиев, Цоцко Амбалов, да сколько их, десятки! Это были чистейшие праведники, и они были зверски уничтожены. И если есть писатель, который делает вид, что ничего этого не случилось, то он из самой низшей породы людей, такие недочеловеки.

Вопрос. **Какова ваша оценка фильма «Покаяние».**

Васо. Фильм «Покаяние» надо рассматривать в контексте других таких вот произведений в кино и в литературе, которые наконец-то дают должную оценку тем страшным годам, о которых я говорил. Они играют большую роль в том самом процессе, который я называл реанимацией. Конечно, такие фильмы надо приветствовать. Будем надеяться, что появятся подобные, еще более сильные фильмы, произведения такого типа, как «Дети Арбата» Рыбакова или роман Можаева «Мужики и бабы» о годах коллективизации. Почитайте этот роман, кто не читал. Это же страшная вещь, как проходила коллективизация и так называемое раскулачивание. Какие подонки вершили судьбу честных трудящихся, крестьян, честных работников.

Вопрос. **Ирон æвзаг цы уавæры ис æмæ цы уавæрмæ цæуы дæумæ гæсгæ, стæй, кæд æвзæр уавæрмæ цæуы, уæд, цæмæй хуыздæр уавæрмæ цæуа, уымæн цы бакæнæн ис?**

Васо. Относительно судьбы нашего языка, о будущем я уже высказывался не раз. Верно то, что язык, судьба нашего языка внушает тревогу. И есть признаки, что он может постепенно исчезнуть. Я имею в виду, в особенности, судьбу нашего языка в семье, в кругу семьи. Если язык исчезнет в семье, в домашнем быту, то не поможет уже ни радио, ни газеты, ни телевидение. Поэтому надо особенно беречь судьбу нашего языка в семье.

Я настроен оптимистически. И почему? Потому что есть исторические примеры, когда языку угрожало полное исчезновение, и, тем не менее, он не только не исчез, но расцвел. Один такой пример – это пример Чехословакии. Чехословакия входила в состав Австро-Венгерской монархии вплоть до Первой мировой войны. Государственным языком во всей империи был немецкий. И немецкий язык усиленно насаждался в школах,

в печати, повсюду, где только можно, и создавалось такое впечатление, что для чехов или венгров, особенно для интеллигенции, говорить на родном языке стало даже как-то неудобно, потому что казалось, что родной язык второсортный, а немецкий – это настоящий язык. А чешский или венгерский обречены на исчезновение. Родным языком старались не пользоваться, потому что это считалось признаком некультурности. Научная литература обязательно писалась на немецком языке. Не выходило никаких серьезных работ на чешском, на венгерском языке. Вот такая создалась ситуация. И многие чехи уже думали: «Да, видно нашему языку уже не выжить, видно, наш язык исчезнет». К такому выводу приходили многие интеллигенты, но вдруг наступил перелом.

Возникло движение среди чешской интеллигенции. Движение за родной язык. Возглавлял это движение историк Франтишек Палацкий. Он написал книгу на немецком языке, потому что он как ученый, как историк на чешском языке не мог писать, потому что считался не пригодным для научной литературы. Так вот он написал «История Богемии» (в то время Чехия называлась Богемия.). И вот эта книга наряду с другими факторами, с другими выступлениями сыграла решающую роль в том повороте, о котором я говорю. Повороте в пользу родного языка.

Я не впадаю в пессимизм. Я уверен, что наш язык будет жить, потому что в нем постоянно будет происходить тот процесс, который происходил в середине прошлого века в Чехословакии. Процесс внутренней духовной консолидации.

Вопрос. **Вот, в связи с этим, у нас в Осетии в последние четверть века, самым большим ругательством для писателя считалось обращение к истории. Если поэт или писатель обращался к исторической теме, это значит – он враг Советской власти. Как вы относитесь к этому вопросу?**

Васо. В сущности, в том, что я сказал уже, есть ответ на этот вопрос. Как раз я никак не могу согласиться с тем, что надо как-то ограничивать историческую тематику. Она, наоборот, всячески должна поощряться, ибо способствует жизнеспособности народа. Вот сейчас повсюду идет борьба за сохранение памятников – археологических, письменных и т.д. Это правильная кампания, потому что было такое нигилистическое отношение к этим памятникам. Вот распевали такую песню, я помню сам ее:

Мы раздуем пожар мировой,
Церкви и тюрьмы сравняем с землей...

Церкви и тюрьмы становились на одну доску и одинаково подлежали уничтожению. Теперь идет большая работа по сохранению, по реставрации церквей, потому что все это – памятники истории, памятники национального лица и, конечно, надо это беречь, потому что, если нет истории, нет и будущего. Я себе так и представляю. И потому нам не только не надо ставить преграды перед историческими экскурсами и в литературе, и в науке, а наоборот, надо всячески поддерживать такую тематику.

Афганский язык тоже иранский, поэтому много слов, которые есть в осетинском, они есть и в афганском, и обратно. В моем словаре этимологическом, постоянно приводятся параллели: такое-то слово осетинское, такое-то афганское. И они бывают очень похожи, так что взаимное понимание, даже отдаленное, может возникнуть на почве общего иранского происхождения. А то чтобы в Афганистане жило какое-нибудь племя, которое говорит почти на дигорском или по-дигорски, вообще, речь не об этом. Да, об Афгане много исследований, и он хорошо изучен и в языковом, и в этнографическом отношении. Но я этого не слушал. Там есть ведь два языка вообще. Один называют «дари», этот близкий к таджикскому, таджики могут понимать этот язык. Это официальный язык, на нем говорят правительственные чиновники, государственный язык тоже «дари». А другой, «пушту». Он особенно как раз близок, ну насколько вообще можно говорить о такой близости, к осетинскому. И в этом «пушту» много общих элементов с осетинским. Но не настолько, конечно, чтобы взять рядового пуштуна и, чтобы он мог свободно говорить с осетином. Об этом нет речи. Но все-таки этот пуштунский язык, в отличии от дари, ближе к осетинскому. И пушту, и осетинский относятся к восточной группе, а дари, таджикский и персидский – к западной группе иранских языков. Поэтому между ними большая разница.

Вопрос. **Если писатель, поэт не отражает действительность, правду времени, то это не делает чести такому автору… если он стремится быть правдивым и пишет правду, но если эту правду зажимают, не пропускают в печать, то как быть в настоящее время?**

Васо. Я-то, будучи оптимистом, надеялся, что таких людей, которые сейчас не пропускают правду, уже нет, а эта записка, как будто наводит на мысль, что и сейчас есть такие. Их надо всячески разоблачать, как наследников того страшного времени и всячески их изолировать. Народ нуждается именно в правде, в правде открытой, честной, неприкрашенной...

Вопрос. **Название скифо-сарматского племени – аос. Не усматриваете ли вы в этом названии туркоязычный префикс а?**

Васо. Не знаю, кто приписывал этому названию туркоязычный характер. Это хорошее иранское слово, древнеиранское ауруша, значит «белый, светлый». Мы же говорим «урс туалтæ». В скифское время некоторые племена назывались белыми. Мы говорим Белоруссия – «белая Россия». Так что эпитет «белый» часто фигурирует как эпитет некоторых народов.

Вопрос. **Какова сегодня оценка работ Сталина по языкознанию?**

Васо. У Сталина было еще одно качество помимо других. Он был хитрый. Примитивные люди вообще часто бывают хитрыми. Для них хитрость заменяет ум. Ума нет, но есть хитрость. Вот этой хитростью в высшей степени обладал Сталин. Каким образом он стал лингвистом? В свое время в языкознании большую роль стал играть такой ученый, серьезный ученый, кавказовед Николай Яковлевич Марр. Когда после революции он вступил в партию и стал свои лингвистические теории как-то сочетать с марксизмом, тогда в первые годы Советской власти определилась такая тенденция: в каждой науке выдвинуть вождя, фюрера. И, как вы знаете, в биологии таким «фюрером» был объявлен Лысенко, Покровский стал «фюрером» в области историографии.

И вот-таки «фюрером» объявили и Марра. У Марра – настоящее марксистское языкознание, а остальное – буржуазное. Сам Марр не был настолько ограничен, чтобы стать на такую точку зрения. Но, когда он умер, в 1934 году, некоторые его рьяные последователи (в смысле научном они были на самом низком уровне, но в смысле полицейском, они были на высоком уровне) старались полицейскими способами подавлять все, что, якобы, не соответствует марризму. И в результате в языкознании создалась нетерпимая обстановка. Стали снимать с должностей людей, которые не признавали марровских тезисов, перестали их печатать, и они просто задыхались, они уже не могли работать. В числе таких ученых, которые всячески терпели такой гнет, был и грузинский прекрасный лингвист Арнольд Степанович Чикобава.

Дело дошло до того, что дальше уже терпеть было нельзя. И вот Чикобава взял на себя такую инициативу: он был в хороших отношениях с тогдашним первым партийным секретарем Грузии Кандидом Чарквиани. И он обратился к Чарквиани: «Вот такое создалось нетерпимое положение. Наука языкознание зашла в тупик из-за этих подонков, которые не дают ходу никому». А Чарквиани имел доступ к Сталину. Он изложил Сталину положение дел, и тот, как всякий примитив, решил, почему бы ему не заняться, не решать эти лингвистические вопросы, и вызвал Чикобаву. Чикобава три(!) раза подробнейшим образом мне рассказывал, как он три(!) раза встречался со Сталиным, все его манеры, как он медленно раскуривает трубку, – все это он мне рассказывал.

Чикобава ему изложил, в чем суть дела. Что вот Марр будто бы считает язык классовым, на самом деле язык не является классовым, потому что, если бы он был классовым, то буржуазия говорила бы на одном языке, а рабочие – на другом. У каждого народа было бы два языка. Один – язык буржуазии, другой – рабочих.

Вот эти элементарные вещи Чикобава в этих трех свиданиях изложил ему. А Сталин все это намотал на ус, и потом от себя написал статью, якобы, от себя, а на самом деле он пересказывал то, что говорил ему Чикобава – «Марксизм и вопросы языкознания». Об этой статье у меня есть ответная статья «Лингвистический модернизм как дегуманизация науки о языке». И там я касаюсь этой работы Сталина, и говорю свое мнение. Сталин повторяет со слов Чикобава. что язык не является классовым, что Пушкин был дворянином, а его язык доступен каждому русскому человеку и т.д. В своей статье я говорю так: «В статье Сталина много правильного, но это идет не из каких-то глубин марксистской теории, а «из элементарного здравого смысла». А он это преподнес как достижение марксизма. В результате наступил поворот. Но как это у нас часто бывало, если раньше все клялись Марром, то теперь все стали клясться Сталиным, и доходило это до курьезов, до смешного. Вот о каком-то суффиксе или префиксе идет речь. Выеденного яйца не стоит, можно сказать, а начинается статья так: «В свете гениальных трудов Сталина в области...» и т.д. Каждая лингвистическая работа начиналась вот с такого славословия. Вот до какого состояния дошла даже интеллигенция.

Вопрос. **Вы испытали давление времени застоя 30-х годов на свою работу, судьбу? Как вы пережили это?**

Васо. Я прошел несколько проработок. Это называлось «проработать». Честного человека выводили на «эстраду», так сказать, на общее обозрение и его прорабатывали, т.е. «у него такие-то и такие-то идейные ошибки». Я прошел сперва проработку при Марре, после его кончины, со стороны разных Марристов. Они меня обвиняли в том, что я недостаточно маррист. Было такое противопостановление – марровское языкознание и индоевропейское. Иранские языки относятся к индоевропейской группе, и, естественно, я разрабатывал осетинский язык в этом плане. И меня обвинили в том, что я индоевропеист. Это было даже такое ругательное слово, индоевропеист, в устах этих марристов. За то, что я индоевропеист, я подвергся одной проработке.

Я писал и раньше, и в последней статье, которая вышла в 30-м номере «Известий» Юго-Осетинского института – «Блеск и нищета золотого тиснения», – говорил, что в самом начале монгольского завоевания, часть осетин присоединилась к монголам, участвовала вместе с ними в походах и на Кавказ вплоть до Китая. И вместе с осетинской группой были несомненно и певцы (кадæггæнджытæ). Возникла такая двуязычная среда этих сказителей, т.е. среда, в которой сказители хорошо владели и осетинским и монгольским языками. В этих условиях неизбежно должно было происходить взаимное влияние. Это неизбежно. Когда возникает такая двуязычная среда, то неизбежно взаимное влияние. То влияние, которое в данном случае монголы оказали на осетинский эпос, я о них говорил. Это имя «Батраз», «Хамыц», термин «нартæ» от слова «нар» (солнце) и некоторые другие.

Что касается обратных слияний нартовского эпоса на монголов, то они были неизбежны, потому что была такая тесная двуязычная среда, и тогда не бывает, чтобы влияния шли только в одну сторону. Они всегда идут в обе стороны. Но для того, чтобы судить об этом, мне бы следовало очень хорошо знать монгольский эпос. Я лично этим похвастаться не могу. Но несомненно, априори я уверен, что такое влияние было, потому что есть некоторые слова, например, «ælдар» осетинское, которые проникли и в монгольские языки. Есть, может быть, и другие слова, которые я еще не разобрал. Так что такие взаимные влияния несомненно были. Но повторяю, для того, чтобы о них судить, надо лучше знать монгольский эпос.

Дюмезиль скончался недавно, и о его научном наследии пока яс-

ных таких сведений нет. Но я поддерживаю контакт с его учеником Георгием Шарашидзе. Он сын эмигранта. Я лично с ним знакомился в Париже. Очень хороший парень и ученый хороший. И, вероятно, он займется его наследием, и, если что-нибудь такое будет, то он обязательно мне сообщит. Я уверен, что такой он потому, что Дюмезиль был человек такого трудолюбия, что он не мыслил, чтобы прошел какой-то день, и он ничего бы не написал, хоть несколько строк. Так что, я почти не сомневаюсь, что несмотря на свой преклонный возраст, (ему было уже 88 лет), он до последнего дня работал.

В очередном 6-ом номере «Вопросов языкознания» я дал некролог Дюмезиля. Там я даю ему оценку с научной точки зрения. Он, между прочим, в разговоре со мной, давал общую оценку истории, и история рисовалась ему как волнистая линия, где подъем гуманизма – падение гуманизма, новый подъем – новое падение. Вот так чередуются эпохи подъема гуманизма с эпохами одичания. И XX век он считает самым гибельным в этом отношении. Т.е. XX век – это такое падение гуманизма, которого никогда не было. Но он тут же добавлял: «За всяким средневековьем наступает Ренессанс». Я верю, что и за этим средневековьем наступит Ренессанс.

Вопрос. **Какова была реакция на вашу статью о «Слово о полку Игореве» советских специалистов?**

Васо. Реакция сперва была – гробовое молчание. Потом академик Рыбаков откликнулся, правда не в печати, а письмом. Письмо было такое: я, говорит, полностью с вами согласен в основных оценках. И удивляюсь, что академик Лихачев продолжает до сих пор и устно, и письменно из этого Игоря делать героя. Вот в таком духе. Что касается Лихачева, то он прямо мне не ответил, но что-то написал о единстве. Я ведь доказываю, что в «Слове о полку Игореве» две противоположные тенденции: прокняжеская и антикняжеская. Прокняжеская исходит от дружины, т.е. от этих паразитов, прихлебателей, которые при всяком князе обязательно находились. При всяком правителе бывают такие прихлебатели, паразиты. Так вот, восхваление Игоря идет от этой среды, от среды дружинной. А осуждение Игоря идет от народа. И Рыбаков говорил, что он полностью согласен с этим разделением. А Лихачев пытается доказывать, что на самом деле это единый памятник, что нельзя в нем находить две разные тенденции. Что ж, он остался при своем, а я, конечно, при своем мнении.

Вопрос. **Какие проблемы осетинской культуры мало изучены, на ваш взгляд, на что надо обращать сейчас внимание?**

Васо. Я затрудняюсь ответить на этот вопрос, потому что культура – понятие такое емкое, объемное, что трудно даже выделить, что тут самое важное. Если говорить в том аспекте, о котором была речь, когда я приводил аналогию с историей Чехословакии, то для нас, конечно, важно сейчас, возможно полное и яркое освещение нашего культурного лица. Отдельный человек – это личность, но и народ, в целом, – это тоже личность. И вот выявить во всей полноте особенности, специфику этой личности – это и есть общая задача, которая стоит и перед писателями, и перед учеными-гуманитариями, историками, лингвистами и т.д., чтобы возможно полнее выявить наш народ, как личность, как своеобразную историческую личность. Для этого надо хорошо знать историю, современность. Во всякой личности есть и темные стороны, и светлые. Нам надо, конечно, сосредоточиться не на всех элементах, а на светлых. Я – дуалист, я считаю, что в каждой личности сидит два начала: светлое и темное. В народе, если его рассматривать как личность, тоже два начала: светлое и темное. И наша задача состоит в том, чтобы восхвалять и воспевать то, что есть светлого в нашей исторической культуре. Но и о темной стороне нужно говорить в смысле ее отталкивания.

Вопрос. **Иу заманы, иу-ссæдз азы размæ «Рæстдзинад» нымыхуыр кодта Плиты Грисы æмдзæвгæ «Рагон Ир». Уый фæстæ йæ ныхмæ радзырдта нæ фысджыты иу къорд. Ирон адæмы историйы ахæм хабæрттæ уыдис, æмæ-иу æххуырсты хæцынмæ бацыдысты иутæм дæр æмæ иннæтæм дæр. Афтæ-иу рауад, æмæ кæрæдзи ныхмæ хæцыдысты. Æмæ дзы ахæм ныхæстæ уыд: «Цæй, цы ма йыл дзурæм бирæ, Ахæм диссаг рауад хæст. Кард бæрзонд фæхæссы ирон Æмæ ироны сæрæн – дзæхст!». Гъеуæд фысджыты иннæ хай афтæ дзырдтой: «Грис ирон адæмыл цъыф бакалдта». Дæумæ та куыд кæсы?**

Васо. Гриш говорил правду. Это та сторона нашей истории, которую я называю темной, и Гриш, конечно, не восхвалял это явление, а наоборот, осуждал. Поэтому его никак нельзя обвинять, а что исторические факты были, в этом никакого сомнения нет. Вот были случаи, когда осетинская группа, аланская группа была и в парфянском войске и в римском войске. Все происходило так, как описывал Гриш. Так это

было действительно. И я не понимаю, почему на него напали. Он же не восхвалял такое явление.

Вопрос. **Васо, ныртæккæйы рæстæджы мæнæ цæст кæуыл æрхæца, ахæм курдиатджын æрыгон ахуыргонд искæй зоныс?**

Васо. Кæд æй ды нæ зоныс, уæд æй æз кæцæй зонын!..

Вопрос. **Василий Иванович, 4-ый том историко-этимологического словаря осетинского языка на какой стадии, когда выйдет в свет?**

Васо. Этот том находится в издательстве уже довольно долго. Стоит в плане 1988 года. Вероятно, возникнут еще трудности. Раз стоит в плане, в конечном счете, они обязаны выпустить. Но возникнут трудности какого рода? Этот словарь по своему тексту поддается только ручному набору. Его нельзя пускать прогрессивными методами. А ручных наборщиков осталось во всем Советском Союза буквально считанные единицы. Они сосредоточены в одной типографии в Ленинграде. На 9-ой линии Васильевского острова есть типография АН, это единственная типография, которая справляется с такими текстами. Советский Союз огромный, к ним приходят много таких изданий, поэтому они очень сжаты в смысле сроков. И сказать с уверенностью, что 4-й том выйдет в 1988 году, я бы затруднился. Но в плане он стоит, и поэтому, скрепя сердцем, они когда-нибудь возьмутся за него, я так думаю.

Дарддæр Васо каст Къостайы æмдзæвгæтæ зæрдылдаргæйæ.

Æрмæг мыхуыргонд цæуы фыццаг хатт,
йæ стилистикæ ивд не 'рцыд, афтæмæй.

ПОЭЗИ

ФАРН ÆРХÆСС НÆ ИРÆН!

ДЖЫККАЙТЫ Шамил

НОГБОНЫ БÆЛЛИЦТÆ

Ног аз нæм æрцыди – аивдзæн нæ цард,
Фароны мæстытыл бандзарæм цъæх арт.

Куваем æмæ нуазæм, абузы нæ цин,
Рог аууæттау сæфынц хахуыр æмæ хин.

Сой кæнæм – æрцæудзæн Иры зæхмæ сой,
Ног аз нын æрхæсдзæн фарн æмæ æнцой.

Ферох уыдзæн махæй рагон хъыгау хæст,
Хорз фæндтæ кæндзыстæм хорз куыстæй æххæст.

Бонты хъармæй тайдзæн халасау фыдæх,
Нал уардзæн ызды-зæгъ, нал æнкъуысдзæн зæхх.

Ног Бон, уæд æртхурон Рухсы зæдтæн барст.
Хурау уæд æнæвгъау Иры бæстыл уарзт.

Скæнæд нæ æмдзæрин, сгуыхт æмæ фæрныг,
Уæд нæ зæрдæ арвау тыгъд æмæ æрвыг.

Ног Бон, ратт мæнæн дæр хорз хъуыддæгтæн рад,
Уадз, кæнон мæ сæрæн рухс хъуыдытæй кад.

Курын æз мæхицæн иу хорзæх æрмæст:
Ир, дæ цин, дæ хæрзтæй ма 'фсæдæд мæ цæст!

АВДÆНЫ ЗАРÆГ НАЗЫ ТАЛАЙÆН

Рухс фынтау куы кæнынц мигътыл
Урс гæлæбутæ пæр-пæр.
Ирд ыстъалытæ дæ хихтыл
Калынц сусæгæй цæхæр...
Хорзæй цæр!

Ис дæ хъæбысы æхсæрæг,
Фæзы нал ызмæлы хъæз...
Фæлæ мæй цæгъды дзæнгæрæг...
Маммæй дæ фæдзæхсын æз...
Тагъддæр рæз!

Айрæз. Ног аз нæм æрхæстæг,
Мамм та хъæдбынты хæты.
Бады уый уаты цъæх фæздæг,
Уым кæрдæгхуыз уд сæтты...
Айрæз ды!

Ныр куы фервæзай, мæ зæрдæ,
Тагъд уæд зазхæссæн уыдзæн;
О мæ урс тала, уæддæр та
Искæй назы хих хъæудзæн...
Фидар кæн!..

Цалх дæр атулы мæллæгыл,
Фос дæр уый хæрынц фылдæр...
Айрæз. ...Ма сæмбæл фыдлæгыл,
Тагъддæр æврæгътæй уæлдæр
Сис дæ сæр!

Мит-гæлæбутæ дæ хихтыл
Уаз фынтау кæнынц пæр-пæр.
Пух гæбынайау та мигътыл
Ды æркъул кодтай дæ сæр...
Бирæ цæр!

ХУЫГАТЫ Сергей

УАРЫ МИТ...

Уары мит, сыгъдæг мит уары,
Бæстæ у сыгъдæг, сыгъдæг.
Чидæр дард кæмдæр ныззары, –
Миты цинæй зары лæг.

Зарæг хъуысы, зарæг зæлы,
Зарæг зилы, цыма уад.
Цæй, ныр ахæм рухс изæры
Ацу, мидæгæй æрбад!

Растад миты рухсмæ Ног аз,
Бабадт урс-урсид бæхыл.
Чи йын хион у, чи – зонгæ
Ацы зæдбадæн зæххыл.

Усæ сыгъзæрин феста, уастæн,
Цас цинтæ æрхаста, цас!
Уæлæ ’рзади горæт’ астæу
Стыр æргъæуæфтыд бæлас.

Й’ алыварс цæйбæрц и адæм!
Симд сын бацайдагъ нæртон.
Азæр чи не ’рцæуа ардæм,
Уымæ ’рцæудзæн сом фæсмон.

Бæлас рухс тæмæнтæ калы, –
Ахæм бæлас ма кæм и!
Раст йæ цъуппæй худы стъалы,
’Мæ йæ хихтæй згъæлы мит.

Ахæм рухс æхсæв ыссары
Амонд адæмы ’хсæн лæг.
Чидæр зары æмæ зары,
Дуне у сыгъдæг, сыгъдæг.

ХÆМЫЦАТЫ Албег

* * *

Мах бахызтыстæм Ног азы къæсæрыл,
Фыр цинæй уадзæм ивгъуыдæн нæ маст.
Куырой-иу разылд хаттæй-хатт нæ сæрыл,
Уæддæр нæ кæнæм Зæронд азæй хъаст.

Фæцæуы уый. Бæлццонау уæд фæндараст,
Уæззау цæлхдуртыл макуы скъуырæд къах.
Æд цин, æд маст дæрддзæф рохуатмæ араст,
Ныууагъта царды рухс фæндтимæ мах.

Сæ къæрцц-къæрцц хъуысы Ногбоны æртытæн,
Нæ кафтæн нал ис рæстæгау кæрон.
Хъæуынц фыр буцæн, арфæтæн нæ дзырдтæ,
Цыма ныххур ис хæхты сæрмæ бон.

Хуыцаумæ кувæм... хорз сидтытæ – бирæ,
Уæлæрвтæм зæлы хъæлдзæгæй нæ зард.
Фæлæ нæ зонæм, амондагур Ирæн
Цы ’рхæсдзæн хорзæй ноггуырд азы цард...

УАЛЫТЫ Лаврент

НОГБОНЫ ÆХСÆВ

Дысон-бонмæ нæ кодтам фынæй:
Цин йæ уацары горæты райста.
Немæ сабийау хъазыди мæй,
Уый зæрин тынтыл арфæтæ хаста.

Цины музыкæ алы ран зæлыд,
Уынгты, хæдзæртты рудзгуытæй хъуыст,
Зæлыд зæрдæты, зæлыди сæры,
Æмæ дунейæ ферох и куыст.

Уынгты адæм кæрæдзи нæ зыдтой,
Фæлæ «Ногбоны хорзæх!» – дзырдтой.
Фервæзтысты фыццаг хатт сæ зыдæй,
Æмæ а дуне нал уыд сырддон.

Ногбон ног амонд адæмыл уæрста,
Цины батад æнусон фыдæх,
Диссаг, адæм кæрæдзийы уарзтой,
Æмæ цинæй ысулæфыд Зæхх!

АБАЙТЫ Эдуард

ЗЫМÆГОН ХУР

Хур нæм ныккасти ædзынæг,
Дзаг цæстæй зæхмæ ныккаст.
Ратагъд æрæгмæ тædзынæг,
Дысоны хъызтæй фætарст.

Æхсæвы ирды фæрчытæ
Кодта къæркъадæвдæг хъызт,
Фæлæ ныр ихын фæдджытæй
Митдон уæгъдвædæгæй мызт.

Хуры хъарм къулрæбын сæмбырд,
Цыма чырвазы йæ пырд,
Æви фætагъди æхсæмбал
Уымæн йæ цæхæрæй ныр?

Хурзæрин, мах стæм дæ уазæг!
Кæрчытæн хурварс – дзæнæт.
Хурмæ – цъынд, дзуллагбадт уасæг,
Нал дзы ис кæрчыты мæт.

КЪАДЗАТЫ Станислав

МИТУАРДЫ ЛÆВАР

I

Йæ алы тæпп дæр талынгæн – рæхуыст,
Сæ цуры стъалытæй цы кæныс!
Сыгъдæгдзинадæн раздæхта йæ хуыз,
Æдзæмæн раздæхта йæ хъæлæс –
Куыд дзинг кæны æрдхæрæны хъуытаз!
Йæ дыдзы зæлтæ мит-тæппытау – уаз...

II

Зымæгон бон йæ кæронмæ фæхæццæ,
Нæ дуне цыма фегуыппæг, фæсæццæ...
Цыма æдзæм йæхæдæг дæр фæхъус.
У афтæ сабыр, афтæ сабыр ныр,
Æмæ дын ахсын райдыдта мæ хъус
Изæрмилты цъæх базырты сыр-сыр...

ЧЕДЖЕМТЫ Георг

ЗЫМÆГОН ЭТЮД

Мæргътæ фæтарстысты
Зæххы мæрдон æмæ ’ргъæвст буарæй.
Æмæ атахтысты,
Атадысты
Фæндыры зæлтау.

Бур фæсалгæрдæг
Размæ фæцудыдта,
Æмæ йæ уды бур хал аскъуыд.
Хъуынаварс тулдз æй
Йæ сыгъзæрин сыфтæртæй бамбæрзта.

Тæгæры рæхснæг тала
Йæ бæгънæгдзинадæй ныфсæрмы –
Лыстæг сырх æнгуылдз-хихтæй
Йæ рæсугъд зæнг æмбæхсы.


Уартæ уый та – æхсæр бæлас,
Йæ саджил бæгънæг цæнгтыл
Бæлоны къæцæлджын æфтуан
Арвы кæуындзаст цæсгоммæ систа.

Зымæджы урсæрфыг ус
Йæ цъæх къæбицæй рахаста
Ихсыд зæронд сасир,
Урс æврагъ дзы бавгæдта
Æмæ, гъæйдæ-гъа! Луарынтæ систа…

…Сау зæхх тарф фынæй баци,
Æмæ урс фынтæ уыны.



ДЗЕСТЫ КУЫДЗÆГ: 115 АЗЫ



(1905 – 1981)

БИЦЪОТЫ Гриш

ЙÆ УÆЛÆУЫЛ ЗЫНДОН

Дзесты Куыдзæджы кой фыццаг хатт кæд фехъуыстон, уый бæлвырдæй нæ зæгъин. Фыссæджы ном бирæ рæстæджы уыди нæдзуринаг, хъодыгонд, цыма нæ уыди, нæ райгуырди. Астæуккаг скъолайы ахуыргæнгæйæ-иу ирон литературæйы урокты ахуыргæнæг йæ кой æнæ скæнгæ нæ фæуыдаид, фæлæ, репрессигонд фыссæджы кой скæнын къухмæ хи марæн кард исæгау тæссаг уыди. Педагогон институты филологон факультеты куы ахуыр кодтон (1950 – 1954 азтæ), уæд дæр Куыдзæг лагерьты йæ уæлæуыл зындон æрвыста.

Куыдзæджы кой кæмæй хъуыстон, уыдоны нымадæй, фыссæг уыди Хуыцауы лæвар курдиатæй рæдау хайджын. Æмæ, йæ удæй райгуыргæ уацмыстæ ферохæн æвгъау кæй сты, уый мæм бахъардта. 1959 азы, Литературон институт каст фæуыны фæстæ, Цæгат Иры фысджыты ныхасмæ базыдтон. Уыдтон Куыдзæджы дæр, хъуыстон ын йæ хъæлæс. Уыцы аз Сталиниры дунейы рухс федта йæ радзырдты æмбырдгонд «Хорхæссæг». Хъуыды ма кæнын: Куыдзæджы нæма федтон, уыцы рæстæджы-иу ацы радзырдты кой арæх рауади. Уæлдай арæхдæр-иу хъус ацахста «Хорхæссæг». Куыдзæджы фыст у, уый-иу æдзух нæ фæнысан кодтой, цыма уацмыс æрдзон хуызы райгуырди æмæ царди йæхи цардæй.

Дзесты Куыдзæг суæгъд ис 1957 азы, йæ ног уацмыстæ мыхуыры цыдысты, фæлæ азымджын бынаты цæмæн бахауд, уал азы йæ кæмдæрты цæмæн фæдардтой, уыдæттæй ницыма раргом. 1973 азы фæзынди, нæ фысджыты цард æмæ сфæлдыстады тыххæй кадавар зонинæгтæ кæм бакæсæн уыди, ахæм чиныг – «Писатели Северной Осетии». 101 фарсыл кæсæм: «В 1934 – 1935 гг. Дзесов учился в аспирантуре при Северо-Осетинском научно-исследовательском институте, но завершить учебу ему не удалось; в 1936 году он был лишен возможности заниматься творческой деятельностью до 1957 года».

Уыцы рæстæг дæр ма æцæгдзинад афтæ арф æмбæхст цыди. Хъуамæ мацы рахъæр уыдаид. Чиныджы æрмæстдæр загъд ис: 21 азы дæргъы йын сфæлдыстадон куыст кæныны фадат нæ уыди. Æндæр ницы. Ома, Куыдзæджы царды уадиссагæй ницы æрцыди, мачи мацы ахъуыды кæнæд.

Цасфæнды фембæхс рæстдзинад – кæддæр хурæнбæрæг равæййынц æбуалгъы æцæгтæ. Куыдзæг йæхæдæг кæй нал федта, йæ цардæмбал Хъариаты Тамарæ дзæвгар рæстæг арф æмбæхстæй кæй фæдардта, уыцы чиныг – « Зæрдæйы ностæ » – дунейы рухс федта 2002 азы (раздæр мыхуыргонд цыди журнал «Мах дуг»-ы). Уым фыццаг фарсыл кæсæм: «24 август, 1936 аз. Æмбисæхсæвæй чысыл фæстæдæр æрбамидæг сты мæ фатермæ. Семæ ма нæ кæрты цæрæг тæтæйраг æмбискар сылгоймаг Катя... Суанг райсомы аст сахатмæ фæджигул кодтой, чингуытæ сыфгай февзæрстой, стæй уæд сдзырдтой сæхимæ, линейкæ æркуырдтой æмæ мæ аластой. Зыдтон æй, лæг сæм куы бахауы, уæд фæстæмæ æвыдæй нал раздæхы...»

Дзæнæттон цард аразыны рæстæг Куыдзæг кæм фæзылынджын æмæ йæ уал азы йæ райгуырæн уидæгтæй цæмæн атыдтой, уыдæттæ базонын мæ фæндыди. Уалынмæ сбæрæг сты, æбуалгъ рæстæджы фысджытæй тихалæгау чи æрбайсæфт, уыдоны нæмттæ. Куыдзæг сыздæхт Ирыстонмæ, сæрæгасæй йæ уыдтон, фæци йын литературон куыст кæныны фадат æмæ куыста. Уый уавæры фыссæгæн хъуамæ йæ иу дзырдмæ дæр къух бакæнæн ма уыдаид, дзырдты ауон æмбæхст мидис агурæг къæрцхъус дзырдхæсджытæ йæм мацы ссардтаиккой.

Ныр мæ цæстытыл ауайы Куыдзæджы удæгас сурæт: йæ æвæллад къахдзæф, йæ сыгъдæг, зæрдæбын хъæлæс, йæ æнæкъæм зæрдылæмбæлæг худæндзаст цæсгом. Æназымæй æфхæрд адæймаджы зæрдæ хæрамæмбæхсæн сваййы, сау сыгъдæй фæсудзы. Ахæм адæймаг æй йæхæдæг дæр нæ бамбары, цыдæр хæлбурцъ дзы куыд сирвæзы, царды ад нал фенкъары, йе уæны хæрамы мигъ ныббады, æмæ дæм дзы æддæмæ æнтъыснæг ивылдзæн. Куыдзæгмæ уыцы хуызы мæ зæрдæ никуы ницæмæй фехсайдта. Йæ хъазæн ныхас дæр нæ фæкъаддæр – Æгъуызарты Саукуыдзæн загъта: «Ныр мах æмнæмттæ стæм, æрмæст мæнæн мæ куыдз разæй ис, дæуæн – фæсте». Æндæр хатт Фысджыты цæдисы фæдзырдтам цæуылдæрты. Уалынмæ сæрдар фехъусын кодта: «А теперь попрошу остаться членов партии. Другие свободны». Куыдзæгæй æнæрхъуыдыйæ цыма схауди, хъæрæй сдзырдта: «Беспартийная сволочь, удаляйся».

Уæдæ цы бæллиццаг миниуæгæй фæхайджын – цæйфæнды кой йæм рацæуæд – æнæмæнг-иу бæлвырд хабæрттæй уырнинаг скодтаид йæ дзуринаг. Уый йын царды æцæгтæ зæгъыны æнæсайд мадзал уыди, – фарнхæссæг адæймаджы сурæт дæр дзы-иу разынди, галиу митæ дæр-иу раргом сты.

Иу рæстæджы мын дзырдта, Хуссар Ирæй лидзгæйæ, цы фыдæбæттæ бавзæрстой, зынæфцæгыл Дæргъæвсгоммæ куыд æрхызтысты – сæ дарæстæй ма цыдæртæ райсын сæ къухы бафтыд, сæ фос сæ разæй тардтой... Иу рæстæджы йæ ныхас фескъуыди æмæ афтæ бакодта: «Æмæ гъер уымæн саразæн куы ис, Дæргъæвсгомы рæбинаг хъæу Джимарамæ автобус цæуы. Хъæуæй скæсгæйæ, уыцы æфцæг зыны армы æвæрдау...»

Куыдзæг йæ æвзонджы бонты цы æфцæгыл æрхызти (уæд ыл цыди фынддæс азы), уымæ скæсын æй куыд тынг бафæндыд, уый хатыдтон æмæ æз дæр бацыбæл, бацырын дæн. Æмæ фемвæнд стæм: Джимарамæ бацæуæм, æмæ Куыдзæг уым йæ ныхас ахæццæ кæндзæн кæронмæ.

– Уырдыгæй Куырттаты ком дæр дард нал у, – æргом цин æвзæрста Куыдзæг. – Фæлмæн æфцæгыл тагъд фæхæццæ уыдзыстæм, Дулаты Хъасайы бабæрæг кæндзыстæм æмæ нæ изæры автобус ам æрбалæууын кæндзæн

Йæ бинойнаг Тамарæ нæм æнцад фæхъуыста, стæй фидар хъæлæсæй цæхгæр загъта:

– Куыдзæг, нæ ацæудзынæ уырдæм, нæ дæ ауадздзынæн, æмæ мацуал сдзур.

Куыдзæг æм æдзынæг ныккаст æмæ загъта:

– Уым та диссагæй цы ис? Цæуылнæ хъуамæ ацæуон?

– Цæуылнæ, уый тынг хорз зоныс æмæ йыл мауал дзурæм.

Тамарæ цы зæгъынмæ хъавыд, уый фембæрстон. Уый размæ Куыдзæг уæззау низы ахæсты фæци, инфаркт æй æрцахста, дзæвгар рæстæг сынтæгæй нал сыстади. Кæддæр сæм рынчынфæрсæг бацыдтæн, æмæ мын Тамарæ цыбырæй бамбарын кодта рынчыны уавæр, Куыдзæг кæм хуыссыд, уыцы уаты къæсæргæрон мæ нымад ныхæстæ зæгъыны рæстæг алæууын бауагъта.

Фæстæдæр базыдтон – Куыдзæгмæ йæ фыццаг бинойнаг æмгæрон нал æрцыди. Æмæ æфхæрд лæг кæцыдæр хатт куы суæгъд ис, уæд æй Мæхъиты Лавер базонгæ кодта Хъариаты Тамарæимæ.

Тамарæйы фыд Едза (йæ гæххæттыты – Харитон) – зындгонд дохтыр, æмæ уый дæр уыди репрессигонд. О, æмæ сæ базынды хабар дисагæн дзуринаг рауади. Уыцы бон сæ зæрдæйы фаг фæтезгъо кодтой Куыдзæг æмæ Тамарæ. Искæй раз фæсномыгæй дæр зæгъæн кæмæн нæ уыд, уыцы дзуринæгтæ скалыны фадат сын фæци, царды уæззау уаргъ сын иумæ æнцондæр хæссæн кæй уыдзæн, уый сæ бауырныдта.

Дыккаг бон уыди, æви æртыккаг – сæ цард баиу кодтой.

Кæддæр мын Тамарæ дзырдта, цалдæр цæрæнуатæй сын лидзгæ кæй æрцыди, сæ дзаумæттæ-иу иу ранæй иннæмæ лæгуæрдонæй кæй ластой. Иу цары бын нымад мæйтæ ацардысты, уæд та Куыдзæджы æрцахстой. Сæ чызг Фатимæ райгуырди 1949 азы. Афтæ мын дзырдта: «Æртæ мæйы мыл цыди, уæд мын мæ къам систой, æмæ йæ мæ мад Куыдзæгмæ лагерьмæ арвыста». Ныр Тамарæйы йæ фыд æмæ йæ цардæмбалæн фæйнæ ранмæ бадæттын хъуыди исты хæринæгтæ. Йæ фыццаг лæгæй дæр ын чызг баззад, хъуыди йæ цардамæлттæ кæнын, æмæ æхсæв, бон нал хынцта: хуыдта сылгоймаджы уæлæдарæстæ, æмбал ма йын фæци, тæнгъæд сапон кæимæ кодта, ахæм сылгоймаг. Фæсхæсты азты-иу ахæм сапон уæй кодтой горæты стыр базары...

Æмæ ныр куыд хъуамæ ауагътаид Тамарæ фæстион рынчыны, æнæниз адæймæгтæй дæр кæмæндæрты улæфт кæм нал фæфаг кæны, уыцы къæдзæхцъупп бæрзæндмæ!

Куыдзæгæй уæд фыццаг æмæ фæстаг хатт фехъуыстон хивæнд зæрдæйæ гуырд цæхгæр ныхас:

– Гъемæ мын кæд уырдæмты цæуæн нал ис, уæд мæн уыцы цард ницæмæнуал хъæуы!

Йæ цæлхдурæвæрæн ныхæстæ фесты Тамарæйæн æмæ сабыр ивазгæ хъæлæсæй афтæ бакодта:

– Гъемæ дын уæд де 'рыздæхынмæ мæрддзæгтæ бацæттæ кæндзынæн...

Хæрам ныхасæн æм йе стыф дæр нæ уыди. Тынг тарсти, уыцы æвræгъты бæрзæнды йæ зæрдæ куынæ бафæраза...

Фæсмон мæ хордта: Куыдзæг цы уæззау низы ахæсты бахауди, уый мæ куыд ферох ис? Дзырдтон: «Фæстæдæрмæ аргъæвæм нæ балц». Фæлæ уый йæ фæнд нал аивта.

...Нæ автобус коммæ бахæццæ æвæджиауы бонгуыræн рæстæг. Згъоргæ машинæйы, рудзынгæй кæсгæйæ, зын раиртасæн уыди, уыцы бæзджын копрадзхуыз ахорæн кæцырдыгæй ивылди, уый: ахуырста комы фæхстæ, хъæдæй æмбæрзт рæгътæм сæнхъæвзта. Исдуг мæм афтæ фæкасти, цыма уыцы ахорæн тар мигъæнгæс ныууыдзæн, фæлæ йыл æривылди фæлмæн тæмæн сæууон рухс, копрадзхуыз ахорæны ахъардта æмæ цыма ком бирæмыггаг хæзнагуыræн фестад – æнæнымæц алыхуызтæй рарттив-барттив систой тигътæ æмæ цъуппытæ. Ахæм рæстæг адæймаг дзурынæн нал вæййы, цыдæр удæнцой æвзæрстон.

Сæумæрайсом автобусæй æрхызтыстæм Дæргъæвсгомы рæбинаг хъæу Джимарайы. Рухс райсом скодта, æмæ цæст суынаг. Ивгъуыд æнусы 20-æм азы æд фос, æд хæссинæгтæ Дæргъæвсгоммæ кæуылты æрхызтысты, Куыдзæг нал æфсæсти уыцы æфцæгмæ кæсынæй, сног сты йæ зæрдæбын дзуринæгтæ.

Хъæуы стæм змæлджытæ нæ-иу дæрддзæфæй дæр æрбауыдтой: цымæ адоны та ацы фæсвæдмæ сæ къах цæмæн æрбахаста? Афæстиат стæм æнахуыр стыр дуры уæлæ мæсыджы цур. Уый, бæлвырд, йæхимæ, æнæ æркæсгæ, йæ цурты ацæуын никæй ауадзы. Æввахсдæр хæдзары кæртæй нæм рацыди Куыдзæгæй, æвæццæгæн, дæс азы кæстæр къæсхуыртæ лæг. Æнæбары салам нын радта, ома, мæ уды дзæбæхæн ацæрон, зæгъгæ, хæдзары чи нæ бады, сымах дæр уыдонæй стут. Ахæмтыл ælхыскъ ныхасæй нæ бацауæрды. Иурæстæджы мæм ахæм хъуыды фегуырди: «Чиныг чи уарзы, кæд уыдонæй у, уæд Куыдзæджы ном хъуамæ зона. Уый фæлтæр ын йæ фыццаг радзырдтæ хæлофæй кастысты». Æмæ нæ фæрæдыдтæн – йæ цæсгом фæрухс. Йæ уацмыстæй йын чысыл скъуыддзæгтæ зæрдылдаргæйæ радзырдта. Йæ ном ын нæ бахъуыды кодтон, йæ мыггаг – Дзампатæй. Не 'фсин, загъта, хæдзары нæй, фæлæ уæ истæмæйты фæхынцдзынæн. Кой дæр æй не суагъта Куыдзæг, Куырттаты коммæ тырныдта. Уым, Лæцы хъæуы, Дулаты Хъасайтæм дыууæ мæйы фæцарди. Ленин куы амарди, уæд ыл, хохаг æвадат уавæрты цæрынæй чи бастад, ныр дзæнæттон цард æнхъæлæй зæрдæрухс чи бавзæрста, уыцы фыдæбонджын хохæгтæ скодтой кады зарæг, сæвæрдтой йын цыртдзæвæн.

Куыдзæг 17 азы дæргъы фæци, удтæ кæм мардтой, уыцы уæлæуыл зындоны. Æмæ афтæ ахъуыдыгæнæн ис: цы зæрдæйæ ма фыста, зындоны амæддаг æй чи фæкодта, уыцы парти саразæг фæтæджы тыххæй? Сфæлдыстадон куыст кæныны фадат ын цæмæй фæуа, уый тыххæй йæ цыдæр саразын кæй хъæуы, ууыл, æвæццæгæн, æнæ хъуыды кæнгæ нæ уыди. Фыссæджы курдиат ын парахатæй лæвæрд уыди, фæлæ нæ райхæлди: советты рæстæг сфæлдыстадон кусæджы йæхи джиппы уагъта, фæлмæнвад, коммæгæс уæвын хъуыди, лæггадгæнæг хъуамæ суыдаис. Не сси ахæм фыссæг Куыдзæг, цасфæнды йæ куы тардтаиккой уыцырдæм, уæддæр ын йæ æрдзæй лæвæрд рæстуд уыцы фадат нæ радтаид. Æмæ Ленины тыххæй фыст чиныг дæр нæ рауади конъюнктурон. Йæ гæнæнтæ цыбыр уыдысты, йæ авналæнтæ – къуындæг, уæддæр фыссæг арæзта сфæлдыстадон атмосферæ. Йе сфæл-

дыстады ахсджиаг бынат чи æрцахста, уыцы документалон жанр ын сси царды æцæгдзинад æвдисыны æнæсайд фæрæз.

Нæ фæндаг Куырттаты коммæ цыди фæлмæн æфцæгыл, цæхгæр хæрды никуы суади уæрдонвæндаг, цадæггай уæлдæрæй-уæлдæр бырыди. Уый мæ цæст куы æрцахста, уæд мæ катайтæ сног сты – уæдæй нырмæ нæ автобус фæласта, ныр нæ фистæгæй нæ фæндаг цы бæрзондмæ хоны, уым Куыдзæг куы бавзæр уа? Иудадзыг æм мæ хъус дардтон: йæ къахайст нæ къуызыди, йæ хъæлæс – фидарзæл. Архайдтон, цæмæй цæуæм цадæг къахдзæфтæй, рæстæгæй-рæстæгмæ-иу æрлæууыдтæн, ома, аулæфын аипп нæу. Куыдзæг хохаг зынвадæтты цард мысыди, сæхи комы æрдзон уавæртæ амы уавæртимæ барста. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу рахиз къухы æнгуылдзтæй асгæрста галиу цонджы тугдадзинтæ.

Фыййагдоны æрзæткъахæнтæм куы ныууырдыг кодтам, уæд мæ бауырныдта, нæ балц дзæбæхæй кæй ахицæн, уый.

Цыдыстæм Дулаты Хъасайтæм, æмæ мын Куыдзæг куы иу бæрзæндмæ, куы иннæ къуылдыммæ амыдта æмæ-иу сæ алкæимæ баст цаутæ æмæ æмбисæндтæ дзырдта. Хæдзары хицауы бынаты нæ баййæфтам – уисойæгтæ ласынмæ ацыди. Йæ бинойнаг Елена нæ фæхынцта. Йæ дыдагъ къæбæры ад дæр мæ нæ ферох, фæлæ хохаг зайæгхалæй æфсæст стуры цыхты æмæ царвы ад мæм уæды хуызæн адджын никуы фæкастысты. Кæмдæр кастæн: хохаг зайæгхал у æртындæс хатты хъæздыгдæр быдирагæй...

Не ’мвынг ма бадти ме ’мгар хъæуккаг нæлгоймаг. Сахатмæ нæ хъус дардтам, автобус нын ма аирвæза, зæгъгæ. Фæлæ куы сыстадыстæм, уæд нын уыцы нæлгоймаг нæ фæндаг ахгæдта: «Нæхимæ уын æнæ цæугæ нæй! Мах хойраджы ад дæр базонат». Куыдзæг ын лæгъстæтæ кæнынмæ фæци, сахатмæ йын амоны. Уый ноджы фæкарздæр: «Нæ хæдзары къæсæрæй уын æнæ бахизгæ нæй!» Сбустæ йыл кæнинаг уыдтæн, фæлæ мæм мæ зæрдæ афтæ сдзырдта: «Секъайы радзырды кæй кой цæуы, уыцы куырттатаг лæг ма уæд?» Æмæ сдзырдтон зæрдиаг хъæлæсæй: «Куыдзæг, иугæр æй афтæ фæнды, уæд нын цæугæ у. Ахсæв адонмæ баззайдзыстæм». Нæ хонæг уыцы рæвдз фæкодта: «Хорз, чысыл багæдзæ кæнут. Æз ныртæккæ ам уыдзынæн», – æмæ феддæдуар. Æмæ – фесæфт...

Уый фæстæ ма Дзесы-фыртимæ иумæ фæцыдыстæм дыууæ хъæумæ. Афтæ йæ бамбæрстон: йæ уæлæуыл зындоны рæстæг цы бирæ цыдæртæ нæ

федта, кæдæмыты нæ афтыди, ныр уырдæмыты тырныдта. Æмæ иуахæмы куы ской кодта, дæ райгуырæн хъæу Ставд-Дурты, дам, никуы уыдтæн, зæгъгæ, уæд бацин кодтон. Зæгъын, уадиссагæй дзы ницы ис, хъæу райгуырди советон дуджы. Арæны хъæу у æмæ, бæлцæттæ уæрдæттæй куы цыдысты, уæдæй ахæм ныхас баззади: «Ставд-Дуртæй – уазджытæ!» Ставд-дуртæгтæ сæ хъæуæй бузныг цæмæй сты, уыдæттæ куы фæнымайынц, уæд, зæгъын, фæзæгъынц: «Хæсты рæстæг хъæу дыууæ мæйы дæргъы немыцы къухты уыди, уым баззадысты партионты æмæ Сырх Æфсады зындгонд командирты бинонтæ æмæ дзы хъыгдард ничи æрцыди – банымудзæг сæ нæ разынди...» Мæ фыдыфсымæры læппу Виктор нæ фæласта, хъæуы хуыздæрæн цы фенæн уыди, уыцы рæттæм... Хъæуыбын – фермæтæ, сæ бакомкоммæ Æрæфы доны был улæфæн дзæбæх базæ. Кæддæр партийы дыккаг секретарь Бурков сæрдыгон уырдæм ныфтыди æмæ æруыдта цъæхвæлыст æрдузтæ, алы гагадыргъы фидауц, зад къутæртæ, доны зæллангазæлд, уылæнты уæнгроггæнаг уддзæф йе уæнгты ахъардта... Æмæ дзы фæзынди уæды зæххон дзæнæтуарзджытæн улæфæн бынат.

Æз дæр æй уæд фыццаг хатт федтон. Чысыл аив агъуыстытæ хъазæн, хиирхæфсæн фæзтæ, херытæ æмæ цыдæртæ. Цæст цæуыл аныдзæва, абон дзы ахæмæй ницуал ис.

Ставд-Дурты зæххы халсар тынг сгуыхы. Халсæртты хъармуæттæ (пархоз) дæр федтам. Æвæджиауы рæсугъд джитритæ, пъамидортæ дзы æрзади. Куыдзæг сыл фæцин кодта, цыма сæм йæхæдæг фæзылди. Ацы дзуринаг цас рæгъмæ хæссинаг у, фæлæ, фæстæмæ горæтмæ здæхгæйæ мын Куыдзæг цы радзырдта, уый мæ нал ферох. Зивæггæнагтæ, лæвараемхасæнтæй цæрын чи уарзы, ахæмтæ, дам нæм нырма бирæ ис. Æртæ хатты йæ æрцахстой, æмæ та иуахæмы куы суæгъд ис, уæд хъæуы æрцарди. Куыст ын чи радтаид, агургæ дæр æй нæ кодта, æмæ куыстуарзон лæг хъæууон уавæрты базмælыди. Куыст хъынцъымтæ рохгæнаг у, дæхимæ хъусын дæ нæ бауадздзæн... Бавдæлди æмæ цæхæрадоны ныссагъта халсарты æмæ цъæххалты алы мыггæгтæ. Уалдзæг йæ тыхы бацыди, сыхæгтæй сæм-иу куы чи æрбауади, куы чи. Куыдзæг сын сæ ныхæстæ фæзмыдта: «Петрушкæ ма мын авæрут. Иу-дыууæ уырыдзыйы ма мын авæрут...» Куырдтой алцыдæр. Уый фæстæ аз рагуалдзæджы Куыдзæг бавдæлди, æмæ сæм алцы курæг чи цыди, уыдонæй алкæмæн дæр балхæдта алцæй мыггæгтæ æмæ сæ хæдзæрттыл айуæрста. Йæхæдæг та йæ цæхæрадонмæ раздæрау базылди. Сæрд та райдыдта æмæ, фарон сæм-иу курæг чи æрбауади,

уыдон та сæм радыгай уадысты: «Петрушкæ ма мын авæрут». Хуыскъ астæутæ уыдысты...

Иуахæмы та Заманхъулмæ фæцыдыстæм. Уым дæр уæды онг никуы уыди Куыдзæг. Хъæуы уынгты фæзылдыстæм æмæ зæронд уæлмæрдтæм нæхи байстам. Цыртытыл фыстытæ кæсгæ цыдыстæм. Хъæуы бындурæвæрæг Хъуысаты Берды ингæны цур дзæвгар алæууыдыстæм.

Уый фæстæ нæхи систам фæхстæм, хъæды дымджытæм. Ам кæддæр хъæуккæгтæ фæсагътой æнгуз бæлæстæ. Уырдыгæй æркæсгæйæ, хъæу зынди армытъæпæны æвæрдау. Хъæды дымджыты алы гагадыргъ – хæрх. Алцæмæй дæр æртыдтам кæм армыдзаг, кæм фылдæр.

Чысыл раздæр нæм Фысджыты цæдисы сæмбæлди Абайты Васо. Æмæ нæм Заманхъулы йæ кой рауади. Куыдзæг загъта: «Йæ ныхæстæ мæ фæцагайдтой. Цыма фæстаг хатт æмбæлæм, йæ цæст нын цы уарзта, уыдæттæ нын фæдзырдта». Адæймаджы ном хæссын, загъта, стыр бæрн у. Хæрзиуджытæ æмæ кадджын нæмттæй йæ цардвæндаг рæсугъдгæнæгыл уæгъды ацæуынц йæ бонтæ. Æз, загъта, мæхицæн ном скæнон, хорзæхджынгонд æрцæуон, уыдæттыл мисхалы бæрц дæр никуы бацархайдтон. Адæймаг хъуамæ хъуыды кæна, йæ фæстæ исты фарны фæд цæмæй баззайа, ууыл.

Иу рæстæджы Куыдзæджы цæсгом фæсагъæсхуыз æмæ бустæ хъæлæсæй афтæ бакодта: «Нæ йæ æмбарынц æмæ дзы хъаст кæнын байдайынц. Айфыццаг мын нæ фысджытæй иу афтæ: Мæскуыйы уыдтæн, Васомæ бадзырдтон æмæ мын мидæмæ нæ загъта. Ай дын диссаг! Мæскуымæ Ирыстонæй Васойы хиуæттæ æмæ зонгæтæй чи ныфтыд, уыдон йæ хæдзармæ куы цыдаиккой, уæд цы сарæзта, уымæн йæ цыппæрæм хай дæр нæ сарæзтаид».

Налцыкмæ æрхуыдтой, сывæллæттæн чи фыста, Цæгат Кавказы уыцы фысджыты æмæ чиныгуадзæнты редакторы. Уыдысты дзы мæскуыйаг фысджытæ æмæ Детгизы редактортæ дæр. Æмбырды сæйраг темæ: «Фæллойгæнæг – сывæллæтты литературæйы сæйраг хъайтар». Æдзух куыд вæййы, афтæ та ныр дæр дзырдтой, алцыдæр чи зоны, æдзухдæр «раст хъуыдытæ» кæмæ разыны, ахæмтæ. Куыдзæг дæр ныхасы бар ракуырдта, цалдæр ныхасы загъта фæллойадон хъомылады стыр ахадындзинады тыххæй. Махмæ-иу, загъта, хохаг царды уавæрты сывæллоны куыстыл æфтауын байдыдтой, къахыл дæр иу нæма ауади, уыцы кары. Ацы лæг цы зæгъынмæ хъавы, зæгъгæ, ныццымыдис сты. Йæ ныхасæн ахæм дæнцæг æрхаста: къахæй нæма ауади, ахæм сабийы

къухы-иу уис радтой, хуртуаны кæрон-иу æй сбадын кодтой, саби барæнæбары уис тылдта, хуртуанмæ уыйадыл маргъ æввахс нæ уагьта... Рæдзæ- мæдзæгænджытæ дæр æм ныхъхъуыстой, журналты, газетты кусджытæ йæм уадысты, куырдтой дзы: «Дæ хорзæхæй, ныффыс нын уац, ахæм æрмæг нæ тынг æхсызгон хъæуы».

Мæхицæн та мын ахæм хабар дзырдта. Кæцыдæр куыстытæ-иу сæ тæккæ тæмæны куы уыдысты, уæд-иу æй сывæллонгæс скодтой, авдæнузæг. Æртæ авдæны дæр ын-иу бакодтой йæ бæрны. Гъе, ахæм рæстæг-иу йæ цахъхъæн лæппуты уынджы хъазгæ куы æруыдта, уæд-иу сæм бахæлæг кодта. Хъазгæ куынæ акæна, уæддæр сæ цуры иучысыл алæууа. Сабиты сывæдæгты цы хæринаг уыди, ууыл-иу арахъхъ чысыл акодта, афынæй-иу сты æмæ-иу цасдæр феуæгъд.

Цыдæр æхсызгон бæлвырд хабæрттæ мæ ферох сты, фæлæ, кæсын куыд базыдта Куыдзæг, уый афтæ хъуыды кæнын. Джиппыуагъд сыфтæ сæ кæцыдæр уаты къулыл баныхæстой, æвæццæгæн, фидауцæн. Уыцы джиппæйфыст рæнхъытæм кæсыныл фæцалх æмæ, дамгъæтæй чи кæцы у, уый иртасын байдыдта. Цалдæр дамгъæйы иумæ цыдæр кæй нысан кодтой æмæ сæ дзырд кæй рауайы, уый дæр базыдта.

Диссагæн-иу æй дзырдта Куыдзæг. Чиныджы æдæрсгæ кæсын чи зыдта, уыдонæн хистæртæ стыр аргъ кодтой, ахуыргонд лæгыл æй нымадтой. Къостайы чиныг-иу æм радтой хистæртæ. Фæлæ сын Куыдзæг ænæ чиныгмæ кæсгæйæ дзуры Къостайы зарджытæ. Æмæ, дам сæм-иу уый æппындæр диссаг нæ касти. Гъе, фæлæ-иу чиныджы фыстытæ зæлланггæнаг хъæлæсæй æдæрсгæ кæсын куы байдыдта, уæд-иу зæрдиагæй ныхъхъуыстой. Хистæртæ та Къостайы зарджытæ сæхæдæг дæр дзурын зыдтой.

Иурæстæджы Куыдзæгимæ уыдыстæм горæты сæрмæ Фысджыты сфæлдыстадон хæдзары. Изæры тезгъойы рæстæг-иу санатори «Редант»-æй сæхимæ ныдздзырдта. Тамарæ-иу æй алы хатт дæр ænæ фæрсгæ нæ фæци: «Æмæ хæргæ та цы бакодтай?» Куыдзæг-иу сбустæ кодта: «Уый та цы сдиссаг кæныс? Хæрын бегарайы хуызæн у, исты комдзæгтæ акæн æмæ фæхицæн...» Уыцы уæззау низæй куы фæцудыдта, уæдæй фæстæмæ йын Тамарæ йæ алы къахдзæфмæ дæр йæ хъус тынг дардта. Кæрæдзи сæ цæстæнгасæй дæр æмбæрстой, дыууæ æфхæрд уды кæрæдзи цæрайæ цардысты. Дæ зæрдæбындæр зæгъинæгтæ кæуыл бауæндай, дæ цардæмбал дын ахæм удæй хæстæг куы разына, уæд уый стыр амонд куыд нæу.

Хъариаты Тамарæ æмæ Мария Литвиненко ныффыстой чиныг «История осетинского театра». Чиныгæн дуне рухсмæ фæндаг чи радта, уыдонæй иу уыди театралон аивадæн зындгонд аргъгæнæг Константин Рудницкий, йæ бинойнаг дæр – аивады кусæг. Тамарæ семæ тынг балымæн. Кæддæрæй-кæддæрмæ-иу йæ зæгъинæгтæ куы сбирæ сты, уæд-иу сæм Мæскуымæ фæцыди æмæ-иу семæ йæ ныхасмондæгтæ суагъта. Кæддæр бадис кодтон, зæгъын, уыцы дард фæндагыл æрмæст ныхæстæ кæнынмæ фæцæуыс? Мæскуыйаг стæм товартæй нæ алхæныс? Йæ уæзбын хъæлæсæй афтæ бакодта: «Æмæ мæ цæмæн хъæуынц?»

Рацарæзты рæстæг Мæскуыйы бæзджын журналтæ æнæрынцойæ мыхуыр кодтой фæсарæнтæм афтæг уæрæсейаг фысджыты хъодыгонд уацмыстæ. Тамарæйы иу хатт журнал «Новый мир» кæсгæ баййæфтон сæ хæдзары æмæ йæ афарстон:

– Цы кæсыс?

– Мæнæ ног роман.

– Йæ автор чи у?

– Æмæ йын цы зонын...

Гъе, уыцы æбуалгъ рæстæджы тыххæй рæстдзинад базонынæй диссагдæр царды ницыуал уыди æмæ къух-къух цыдысты уыцы журналтæ дæр.

Тамарæ фыццаг хатт чындзы Украинæмæ ацыди. Индзылер, хорз лæг Федор Коржмæ. Уæлдæр ма йæ загътон, йæ лæгæй рахицæн æмæ йæ æнахъом чызг Зирæимæ Ирыстонмæ æрыздæхт. Куыдзæг æмæ Тамарæйы чызг Фатимæ мын дзырдта: «Йе ’фсин Агафья Федоровна æмæ йæ хицау Яков Порфирьевич уæддæр сæ чындзыл уыйбæрц æнувыд уыдысты, æмæ йæ фæстæ Дзæуджыхъæумæ цæрынмæ ссыдысты, сæ амæлæтмæ ам фæцардысты». Фатимæйы йæ сидзæр сабибонты уыдон фæрæвдыдтой. Дыууæ зæрондимæ цы рæстæг арвыста, уый мысгæйæ зæрдæрухс бавзары.

Æххæст не ссæрибар Куыдзæг йæ цæргæбонты. Афтæмæй йæ сфæлдыстадон куыст кæнын куыд зæрдæйæ фæндыд! Цас зæгъинæгтæ йæм уыди, мидæгæй йæ судзгæ кодтой æмæ сæ ма скал, ма сæ фервæз! Уæд æй саусыгъдæй басыгътаиккой. 1957 азы фæстæ Куыдзæг фыста очерктæ, радзырдтæ, уацаутæ, фæлæ йæ хатын – йæ мидцензор ын йæ алы дзырд дæр фæрсудзæны уагъта. Бæгъгъæтт æргом раст дзырдты аууон дæр къæрцхъус дзырдхæсджытæ советон хицаудзинадæн фыдбылызхæссæг хъуыдытæ кæй ардтой, уый дзы нал ферох. 1935 азы

йын журнал «Фидиуæджы» рацыди дыууæ радзырды «Бирæкрат» æмæ «Къуызыппа». Чиныг «Зæрдæйы носты» кæсæм: «Уыдон антисоветон радзырдтæ сты, зæгьгæ, сæ кой æппæты фыццаг райдыдта Габуты Миланка, стæй ма йын хъузонтæ дæр фæзынд, æмæ мæ куы ’рцахстой, уæд хахуыр НКВД-мæ дæр бахæццæ. Адон сæ барвыстой обкомы культпропмæ. Уым къамис сарæзтой сæхиуæттæ æмæ фысджытæй, æмæ радзырдтæ схуыдтой антисоветонтæ. Уæвгæ та дзы ахæмæй ницы цыд. Сæ иу у финансон хайады кусджыты бюрократизмы ныхмæ, иннæ та – цæстфæлдахджыты æмæ карьеристты фæливæн миты æмæ мæнг рапортты ныхмæ». Мидцензоры цæлхдурæвæрæнтæй-иу бафæлмæцыд фыссæг æмæ уæд бафæлвæрдта документалон жанры гæнæнтæй дæр.

Чиныг «Алагираг Сатана»-йæн редактор уыдтæн. Хъарм рæстæг райййæфта, æмæ-иу искуы бæлæсты бын аууонмæ нæхи байстам. Æрмæг æмбырд кæнгæйæ, Куыдзæг цы æхсызгондзинад бавзæрста, уый-иу банкъардтон, Уырымты Марийайы цардæй чиныгмæ чи нæ бацыди, уыцы хабæрттæ-иу дзурын куы байдыдта, уæд. Ома сæ спайда кæнын мæ бон нæу, фæлæ дын сæ дзургæ уæддæр ракæнон.

Иурæстæджы Марийамæ бахатыд райкомы фыццаг лæг. 200 мин айчы, дам дын балхæндзыстæм, афæдзы дæргъы паддзахадмæ цы æйчытæ радтай, уыдонмæ сæ бафтаудзыстæм æмæ дын ратдзысты Социалистон Фæллойы Хъайтары ном. Марийа цæхæртæ ныккалдта, партийы обкомы хæдзары балæууыд. Обкомы фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билары йæ кусджытимæ дуарæхгæдæй ныхасгæнгæйæ сæййæфта. Иу уæладзыгæй иннæмæ ссæуæн асиныл сбадти Марийа æмæ йæ кæуын нал уромы. Хабар Билары хъустыл æрцыди æмæ йæм рауади, йæ кусæн уатмæ йæ бахуыдта. Марийа схæлбурцъ ласта, уæдæ, дам, ныронг дæр афтæ лæвæрдтой Хъайтары нæмттæ?!

Рæстæй æфхæрд фыссæгмæ æгъатыр рæстæджы тыххæй зæгъинæгтæй фылдæр цы уыди, ноджы ахæм зæгъинæгтæ, æмæ æнæмæнгæй дунейы рухсмæ хаст чи хъуамæ æрцыдаид. Фæлæ уымæн уæвæн куынæ ис, куынæ зæгъгæ-иу асагъæс кодтон...

Иуахæмы дзы лæгæй-лæгмæ ныхасы рæстæг схаудысты уыцы ныхæстæ. Чи зоны, цы дзуры, уый йæхæдæг дæр нал бафиппайдта, йе та рæстдзинад зæгъыны ныфс æрдзон курдиаты домæнтæй гуырыди. Йæ хъуыдыты дард кæмдæр балæууыди, сабыр хъæлæсæй дзырдта: «Цульман вагоны нæ афтæ бирæйæ бакодтой, мæнæ тъæпæнæджы æвæрд цæхджын кæсæгтау. Иуварс нын тупикмæ батардтой нæ вагон. Хур

бæстæ сыгъта, æмæ сфæлвых стæм. Иурæстæджы айхъуыстон зарæг. Æфсæйнаг хызæй æхгæд чысыл рудзынгæй акастæн. Иу-дыууадæс азы йыл цыдаид, ахæм чызджы хъæбысы – æнахъом саби. Хъæдын хæдзары цурты даргъ къахдзæфтæ кæнгæйæ, авдæны зарæджы хуызæн зарыди:

Широка страна моя родная,
Много в ней лесов, полей и рек.
Я другой такой страны не знаю,
Где так вольно дышит человек.

Ацы ныв цыма цавæрдæр эпикон уацмысæй фелвæста. Зæххон адæймаджы зондæй бамбарæн кæмæн нæй, ахæм æнахуыр æбуалгъ æцæгтæ мын дзырдта. Уый фæстæ дæр ма мын йæ лагерьты цардæй радзырдта, нал ферох вæййынц, ахæм уæззау нывтæ. Æнцой мын нæ лæвæрдтой. Куыд æвгъау уыдысты ферохæн, цы æнахуыр хæзна уацмыс сæ рауаид, æнусты баззайынæн дзы цы ахсджиаг зæгъинæгтæ ссарид чиныгкæсæг. Кæддæр ын аивæй бакой кодтон, зæгъын, дæ уæззау мысинæгтæ æвгъау сты ферохæн. Цыма мæ нæ фехъуыста – ницы загъта.

Æмæ ницыуал æнхъæл уыдтæн.

Иурæстæджы Куыдзæг æррынчын. Уынгмæ ма-иу рацыди, фæлæ йæ къахдзæф ныууæззау, йæ цæсгом фæнизхæрд. Кæддæр æй афарстон: «Куыдтæтæ дæ, Куыдзæг? Де 'нæниздзинад куыд у? Фæллад хъæлæсæй афтæ бакодта: «Дзинад ма дзы ис». Уый фæстæ тагъд аивгъуыдта æцæджы дунемæ...

Уыцы хъуыды та мæ ногæй фæцагайдта: æвгъауаг мысинæгтæ йемæ ахаста!.. Æмæ, Куыдзæджы мысинæгтæ журнал «Мах дуг»-ы мыхуыргонд цæудзысты, зæгъгæ, мыл иуахæмы хабар куы сæмбæлд, уæд цы цин, цы зæрдæрухс бавзæрстон! Кастæн «Зæрдæйы ностæ» æмæ хъуыдытæ кодтон: цымæ йæ кæцы рæстæджы фыста? Дзуапп ссардтон уацмысы мидæг: «Нæ экскаватор, фыццаг хатт уадзын кæй райдыдтой, ахæмтæй уыд, ныртæккæ, 1973 азы, ахæмтæн сæ кой дæр нал ис». Цæвиттон, дæ мысинæгтæ ферохæн æвгъау сты, зæгъгæ йæм куы бахатыдтæн, чи зоны, уыцы бон дæр дзы иукъорд фарсы ныффыста.

Дзесты Куыдзæг йæ цардæй ахицæн 1981 азы, реабилитацигонд та æххæстæй æрцыди æрмæстдæр 1989 азы.

Удтæ афтидгæнæн рæстæджытæ ралæууыдысты, æмæ уды рухсæй гуырд сызгъæрин дамгъæтæй фыст чиныг дæр ничиуал агуры, телеэкранæй цы хъылмайы зæйтæ раскъæрдтой, дзыллæтæ уыдоны амæддаг фесты. Мæ цæстытыл ауади: «Зæрдæйы носты» къухфыст йæ рæстæджы

боны рухсмæ куы раирвæзтаид – къух-къух ацыдаид.

Чиныг «Зæрдæйы ностæ» нымайын фыссæг Дзесты Куыдзæджы сфæлдыстадон сгуыхтыл. Соцреализмы мадзалæй фыст уацмысты царды æцæгдзинад цас раст æвдыст цыдис, уымæн ацы чиныг æвæджиауы барæн уаид, æмæ йæ бахæссын хъæуы скъолаты ирон литературæйы Программæмæ.

ДЗУЦЦАТЫ Хадзымурат

ХОР ХАСТА ИРОН ЛИТЕРАТУРÆМÆ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ, æмдзæвгæтæ фыссын куы байдыдтон, уæд-иу сæ хастон Хъорнисы хъæуæй Цхинвалы сахармæ Хуссар Ирыстоны Фыскджыты цæдисмæ. Иухатт та зымæгон бон, хуылыдз æмæ фæлладæй куы æрбаздæхтæн нæхимæ, пецы фарсмæ куы 'рбадтæн, уæд та мæ иннæ хæттытау мæ фыд, хъæууон ахуыргæнæг, фарста, кæй федтон фыскджытæй, кæимæ дзы ныхас кодтон, ме 'мдзæвгæтæ мын кæд нæ бафаудтой æмæ а. д. Æз ын алцыдæр куы радзырдтон, уæд исдуг цæуылдæр ныхъхъуыды кодта, æмæ æрæджиау загъта:

– Гъе, мæ лæппу, раздæр нæм цы фыскджытæ уыд, уыдон ма куы уаиккой!.. Иу дзы Дзестæй уыд, йæ ном – Куыдзæг. Никуы мæ ферох уыдзæн йæ радзырд «Хорхæссæг». Ахæм тыхджын фыст æй ныккодта, ахæм, æмæ йын зæгъæн дæр нæй...

– Æмæ кæм сты ныр уыцы фыскджытæ?

– Уыдон кæм сты, уым уæд дæ балгъитæг дæр. Æрцахстой сæ, «адæмы знæгтæ» сæ схуыдтой æмæ сæ фесæфтой. Сæ фыстытæ дæр сын скуынæг кодтой. Кæд ма дзы искуы ис, уæддæр сын кæсыны бар нæй, сæ кой кæныны бар дæр нæй.

– Æмæ мын уæдæ ды цæмæн кæныс сæ кой?

– Зонай сæ... Фæлæ дæхæдæг макуы мацы срæди... Макæмæн мацы зæгъ æмæ макуы макæй бафæрс...

Уæд мæ фыд, чи зоны, æнхъæлдта, зæгъгæ, ам дзы кæй нæ фехстой, уыдон та амæлдзысты кæмдæр, дард кæмдæр фыдхъизæмар æмæ фыдудæй. Æниу, чи зоны, æнхъæлдта, зæгъгæ, исчи дзы удæгас баззайдзæн, исчи дзы æрыздæхдзæн, исчи дзы кæд не 'рыздæха, уæддæр – абон уа, сом уа – сæ ном æрыздæхдзæн, се сфæлдыстад æрыздæхдзæн. Чи зоны, мæнæн дæр уымæн ракодта сæ кой. Фæлæ уæд æз афтæ бамбæрстон,

æмæ сæ атыдтой, мах кæм цæрæм, уыцы дунейæ, аппæрстой сæ, махæн цæуæн кæдæм нæй æмæ нын уынæн кæмæн нæй, ахæм дунемæ. Æмæ, мах кæм цæрæм, уыцы дуне æнустæм уыдзæн æнæ уыдон.

Афтæ йæ бамбæрстон æмæ йæ афтæ æмбæрстон, цалынмæ Мæскуымæ ахуырмæ нæ ацыдтæн, уæдмæ. Уым, Сталин куы амард æмæ Берияйы куы фехстой, уæд студенттæ сусу-бусу кодтой, репрессигонд фысджытæ, дам, рæхджы хъуамæ æрыздæхой... Æмæ институт каст куы фæдæн, Хуссар Ирыстоны чиныгуадзæны редакторæй кусын куы байдыдтон, уæд дын иу сæрдыгон бон кæсын, æмæ Цхинвалы сахары зæронд хидыл Гафезимæ лæууы иу æнæзонгæ адæймаг. Куы сæм баввахс дæн, уæд мын Гафез афтæ:

– Бирæ цæрай, мæнæ базонгæ у... Дзесты Куыдзæг!

Æз джихæй фæсæццæ дæн. Мах кæм нæ цæрæм, уыцы дунейæ æрцæуæг! Алцæй æнхъæл дæр уыдтæн, фæлæ Куыдзæджы фенон!..

Иумæ куы аныхæстæ кодтам, куы абадтыстæм фынджы уæлхъус, стæй йын йæ уацмыстæ дæр куы бакастæн, уæд бамбæрстон: мах кæм цæрæм, уыцы дунейы у къахæй-къухмæ, æмæ йын уыцы дунейæ фæхицæнгæнæн нæй. Чи йæ дзы хицæн кодта, уыдон сты дунейы знæгтæ, адæмы знæгтæ æнæ дыкъæдзыгтæй.

Ай-гъай, а дунейæ у, æмæ уыцы иу рæстæг, цыма а дунейæ дæр нæу. Уымæн æмæ Куыдзæгау йæ курдиат, йæ аивадæй мæ фыд æмæ йæ хуызæттыл, ома, адæмыл дис чи бафтауы, уыдон арæх нæ, – райгуырынц æмæ æргом рацæуынц стæмхатт. Уыдонæн, цыма, иннæ адæмы хъауджыдæр, æндæр у сæ ныхыфыст æмæ сæ нывыконд.

Куыдзæг-иу арæх ацыд Хуссар Ирыстонмæ, æмæ иухатт мæ фыд æмæ йе ’мбæлттæн фадат фæцис Куыдзæджы фæхонын. Гафез, Дзугаты Гиуæрги, Джиоты Дауыт æмæ æндæртимæ йæ аластой Хъорнисмæ. Уым ыл тынг фæцин кодтой, тынг æй сбуц кодтой. Уый фæстæ-иу Куыдзæгимæ куы фембæлдыстæм, уæд-иу мæ кæддæриддæр бафарста мæ фыдæй. Мæ фыд куы амард, уæд нæм тæфæрфæсы тел дæр æрæрвыста.

Рауад афтæ, æмæ Куыдзæджы радзырдты æмбырдгонд «Хорхæссæг» -æн (1959) редактор уыдтæн æз. Мæхи йын, мыййаг, редакцигæнæг не скодтон, æрмæст бацархайдтон, цæмæй йæ радзырдтæ, йæхæдæг нæм сæ куыд радта, афтæмæй рухсмæ рацæуой: мацæмæ дзы фæцагайон, иу дзырд, иу рæнхъ дæр дзы ма аивон, ма сраст æмæ ма ахаххх кæнон. Æз афтæ не 'нхъæлын, æмæ хъуамæ макæй редакци кæнай: ис ахæм фысджытæ, æмæ сын, æнæ редакци скæнгæйæ, рауадзæн нæй. Фæлæ ис ахæм фысджытæ, æмæ сæ уацмыстæ, сæхимæ куыддæриддæр сты, афтæмæй сæ куы рауадзай, уæд уый у иууыл хуыздæр редакци. Ахæм фысджытæм рæстытæ, хæххытæ кæнынмæ бавнæлдтай, уæд сæ кæныс змæнтгæ, халгæ, маргæ. Фæлтау сæ ма ныммыхуыр кæн.

Куыдзæг бирæ «редакцитæ» баййæфта политиконæй æмæ идеологонæй, партион-æхсæнадон æмæ барадхъахъхъæнæг кусджытæй, се 'нæхъола æмæ æнахъинон рафæрс-бафæрстæй, хæлæг, лыскъзæрдæ, æнæмбудæг критикты фаутæ æмæ æфхæрдæй, баййæфта сæ ахæстоны уа, хасты уа – фыдвæтк æмæ фыдгуыстæй, уазал æмæ стонгæй, тыхми æмæ тасæй... Ахæм «редакцитæй» йæхимæ бирæ хорз цыдæртæ сæфта æмæ фесæфта, йæхæдæг дæр залым дугмæ гæсгæ йæхи бар-æнæбары «редакци» кодта, йæхицæй кайдта æмæ фæкайдта, фæлæ уæддæр баззад адæймаг æмæ фыссæгæй.

Æз ын йæ радзырдты æмбырдгондæн ныффыстон цыбыр бацæуæн уац æмæ йæ схуыдтон «Цардхъом курдиат». «Цардхъом» уымæн, æмæ йыл уæд 54 азы йедтæмæ нæма цыд, æмæ «йæ дзул лæвæрд» кæй нæма фæци, кæй фæлдисдзæн ног уацмыстæ, ома, фыссæг ма кæй у æмæ кæй уыдзæн, ууыл мæ зæрдæ дардтон. Æмбырдгонды радзырдтæй загътон: «Кæй зæгъын æй хъæуы, Куыдзæджы радзырдтæ иууыл æмхуызон нæ фæцæудзысты адæмы зæрдæмæ, æмæ уый дисса г нæу – æгæрыстæмæй классиктæм дæр вæййы тыхджындæр æмæ лæмæгъдæр уацмыстæ». Афтæ зæгъгæйæ, æз фæрæдыдтæн, уымæн æмæ Куыдзæг уыд ирон литературæйы классик. Уым цы радзырдтæ ранымадтон, Куыдзæгæн йе ’взонджы азты радзырдтæ («Хорхæссæг», «Хур скæсæны ’рдæм нæ ныгуылы», «Амондджын» æмæ æндæртæ), уыдон æз фыццаг хатт куы бакастæн, уæд мæ ахъаззаг нынкъуыстой. Уымæй фæстæмæ йын цы уацмыстæ бакастæн, уыдонæй мæ афтæ никæцыуал нынкъуыста.

Куыдзæг уыд хорхæссæг, ома, хор хаста ирон литературæмæ. Аив хор, монон хор. Хаста йæ, цæмæй литературæ стонг ма уа, сыдæй ма мæла, цæра æмæ цæуа фæлтæрæй-фæлтæрмæ. Æз цы радзырдтæ ранымадтон, уыдон сты, мæнмæ гæсгæ, равзаргæ, æрдхæрæн, номхæссæн хор. Уыдонæй мæ лыстæггай, лæмбынæг æркæсын фæнды дыууæ радзырдмæ – «Хорхæссæг» æмæ «Хур скæсæны 'рдæм нæ ныгуылы»-мæ, сæрмагондæй сæ жанрон структурæмæ.

ДЗЕСТЫ Куыдзæг

ÆРДХÆРÆНЫ ЛÆВАР

1

Сæумæрайсом. Къаннæг хæххон хъæу æмызмæлд сси æгасæй дæр. Ныхасы фæстæ фаджысы рагъы сæрæй хъуысы рæгъаугæсы хъæр: «Алчи йæ хъом рауадзæд!» Сæмхæццæ сты адæм æмæ фосы уынæр. Фыййæуттæ кæрæдзи фæдыл ивылынц хъæуæй сæрвæттæм.

Дæсаздзыд, къæсхуыргомау, фæлæ нуарджын лæппу Гæбил – æххуырст фыййау – фестад йæ хуыссæнæй, йе ’рчъитæ акодта æмæ смидæг йæ фысымты хæдзары. Йæ хызын алы хатт дæр ауыгъд вæййы, къонайы фæстæ сылгоймæгты бадæны ’рдыгæй цы цæджындз ис, ууыл. Райста йæ зæгæлæй, баппæрста йæ йе ’фцæджы. Фæндыд æй, куы йæм ныккастаид, цы хæринаг ын нывæрдтой, уый куы базыдтаид, фæлæ фысымты зæронд усæй йæ цæсгом нæ бахъæцыд. Хызын асгæрста йæ рæбынкъæдзæй, фæлæ ницы бæрæг базыдта. Каудуар бакодта æмæ фос раскъæрдта. Хъæугæрон кæройнаг хæдзарæй куы рахызт, уæд ныккаст йæ хызынмæ æмæ хорзау нал фæци: уыди дзы æрмæст хъæбæрхоры кæрдзын æнæ ахуыйæнæй. Æнкъард хъуыды февзæрд йæ сæры: «Ардыгæй æхсырдуцæн афонмæ нырма мæйæ фылдæр ис, æмæ мын уæдмæ айдагъ кæрдзын куы æвæрой, уæд куыд уыдзæн?» Фæлæ цы йæ бон у. Ацы хатт дæр та хорз «арфætæ» фæкодта йæхинымæр йе’лгъин фысымтæн.

Фос ахæрд кодтой фæсхъæу, сæрвæтты. Сæ фæстæ сæргуыбыр æмæ æнкъардæй цыдис Гæбил.

Бирæ нæ хæссы дæсаздзыд сабийы маст. Дзуг нæудзарммæ схæццæ сты æмæ, зыдæй хизгæ, апырх сты ногзад кæрдæгыл. Гæбил æрбадт сæ дæле, хызынæй систа æнæхъæн кæрдзын йæ галиу къухмæ, йæ уæлæ йын æрæвæрдта хиталæг физонæджы бæсты, рахиз къухмæ систа чысыл дæргъæццон дур сыкъайы бæсты æмæ зæронд лæгау кувын райдыдта:

– Уæ, Хуыцау, табу дæуæн, Хуыцау! Хуыцау, барст дын фæуæд мæнæ ацы хус къæбæр, æндæр дын цæмæй скувон! О, фæлæ мын ацы кæрдзын æнæ ахуыйæнæй чи нывæрдта, уыдонæн сæ цæхджынтæ æмæ сæ цыхтытæ сæ бинонты хуыздæры марды хистæн бахъæуæнт...

«Аммен, Хуыцау!» – фæцис куывд, дур аппæрста, кæрдзын фæ-

стæмæ хызыны сæвæрдта – нырма раджы у аходæн хæрынæн – æмæ фæлгæсын райдыдта дæлæмæ, хъæумæ.

Бæрзонд нæудзар къуылдымы рæбын фыдуаг чысыл цæугæ доны былыл ныттыгуыр сты нудæс хæдзары – Æхсæйнаг хъæу. Хъæуы астæу – кæлæццаг гæнах æмæ ардæгхæлд мæсыг. Иннæ хæдзæрттæ уыдон алы фарс æмгуыдынæй нырривæд сты дæлдæр-уæлдæртæй æмæ, дардæй бакæсгæйæ, æппындæр бæрæг нæу – иу дзы кæм фæвæййы æмæ иннæ кæм райдайы. Тъæпæнсæр уæлхæдзæртты хуыггæмттæй сæнары фæздæджы лыстæг тæгтæ къæдз-мæдзытæй ивæзынц хæрдмæ, стæй ныгуылæнырдæм фездæхынц, хъæуы æдде баиу вæййынц æмæ иу къуымбилæй ленк кæнынц сæууон уæлдæфы.

Хъæуы фале, доны фаллаг фарс, – ног агъуыст, Æхсæйнаг хъæу сæрыстыр кæмæй у, уый – ног скъола. Цалдæр азы фæтох кодтой ацы комы цæрæг адæм, цæмæй сын паддзахы хицауад бар радта ам скъола байгом кæнынæн, æмæ уыцы хъуыддаг æндæраз сæ къухы бафтыд.

Сывæллæттæ æмбырд кæнынц скъоламæ. Цы тæхудиаг сты. Гæбилы æмбæйттæ ныр дыккаг аз цæуынц ахуыр кæнынмæ, фæлæ уый нырма скъолайы къæсæрæй кæсгæ дæр нæ бакодта. Дыууæ азы размæ афæлвæрдта скъоламæ бацæуыныл, фæлæ йæ йæ мад кой дæр не суагъта: «Мах æрсытимæ кæрдо нæ цæгъдæм.» Ацы æмбисонд арæх фæдзуры йæ мад, фæлæ Гæбилмæ æппындæр раст нæ кæсы. Фыццаджыдæр, уый тыххæй, æмæ скъоламæ цæуын æмæ кæрдо цæгъдын иу не сты, дыккаджы та уый, æмæ скъоламæ чи цæуы, уыдон цæмæй хуыздæр сты Гæбилæй. Хъæбысæйхæсты йыл уыдонæй ничи тых кæны, дугъы уайгæйæ йæ разæй ничи кæны, уыдонæй бирæ хæрæгыл бадын дæр нæ уæнды, фæлæ Гæбил бæхыл бадгæйæ дæр нæ тæрсы. Уæддæр Березон алы хатт афтæ фæдзуры: «Ды сидзæр дæ, æмæ дын уыдон фæзмæн нæй».

Гæбил уæлдай цы хъуамæ загътаид йæ мады ныхасыл, фæлæ уæддæр хъуыды кодта йæхинымæр: «Ныр мæнæй фыддæр чи у, уыдон чиныджы кæсын куы базоной, æз та куы нæ, уæд мæ мæлæт хуыздæр нæу?» Фыййау кæмæ уыд, уыдоны лæппумæ уыди хъæбæр гæххæттыл ныхæст æмæ хицæн лыггонд абетæ. Гæбил йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй уыцы абетæ балхæдта «туджы аргъæй»-дæс æмæ дыууиссæдз хъулæй. Йе ’мбæлттæй скъоламæ чи цыд, уыдоны руаджы дамгъæтæ сахуыр кодта, фæлæ дарддæр та? Чиныг ын нæ уыди, æмæ кæсын кæм хъуамæ сахуыр уыдаид? Курæггаг чиныгæй дæр цæй чиныг ис. Уæдæ ælхæнгæ дæр цæмæй бакæна? Иугæр абетæ афтæ зынаргъ сты, уæд

чиныг æппынкъаддæр дыууæ фондзыссæдз хъулæй асламдæр кæм ссардзæн? Стæй чи рауæй кæндзæн чиныг?

Зымæг аивгъуыдта Гæбилыл æнæ чиныгæй. Фæлæ уæддæр æнцад нæ бадтис. Кæд ын-иу чиныг кæсынмæ ничи радта, уæддæр-иу искæцы скъоладзауы цур хъуамæ сбадтаид æмæ кастаид уый чиныг йæхинымæр.

Æрцыд уалдзæг. Гæбил та йæ фыййауы хызын йе ’фцæджы æрæфтыдта. Ныр ын искæй чиныгмæ кæсыны фадат дæр нал уыди. Фæлæ йыл иу сæрдыгон изæр сæмбæлд стыр циндзинад: æнæнхъæлæджы, бынтон лæвар йæ къухты бафтыд абеты чиныг.

2

Фос хизгæйæ, Гæбил бафиппайдта: ахуыргæнæг алы изæр дæр рацæуы хъæуæй иу дзæвгар æддæдæр, къуылдымыл бирæ фæбады, стæй, фæстæмæ цæугæйæ, фæндаггæрæтты цалдæр дидинæджы ратоны æмæ сæ йемæ рахæссы. Диссаг касти уый Гæбилмæ. Цæмæн æй хъæуы дидинæг? Фос æй нæ хæрынц, лыстæнæн нæ бæззы, нæдæр хосбæндæнæн... Гæбил зоны, алы сæрд дæр цаварддæр базаргæнджытæ æрбацæуынц сæ хъæумæ дидинæг ælхæнынмæ. Фелхæнынц æрмæст иу хуызы дидинæг: лыстæг даргъ зæнгыл зайгæ бур фæркджын дидинæг. Кæмдæр, дам дзы цыдæр хос аразынц. Фæлæ ахуыргæнæг та алыхуызон дидинджытæ фæтоны. «Чи зоны, уыдон дæр истæмæн хъæуынц», – хъуыды кодта Гæбил, фæлæ иу хъуыддаг йæ зæрдæмæ нæ фæцыд: иугæр рацыдтæ, уæд æрмæст дæ армы дзыхъхъы цы бацæуа, æндæр ма ’ртон, уæд уый цы у?

Иу дзæбæх хур бон ныхъхъуыды кодта Гæбил ахуыргæнæгæн хорздзинад фæуын. Хуссар рагъы сæрæй дæлæмæ райдыдта алыхуызон дидинджытæй алкæмæй дæр дыууæ-æртæ армыдзаджы тонын, æмæ, цалынмæ рагъы æмбисмæ хæццæ кодта, уæдмæ дæр йæ дæлармы нал цыдысты. Æмæ изæры йæ уаргъимæ хъæууынджы куы фæцæйцыд, уæд ыл худæгæй куыд нæ мардаиккой лæппутæ. Гæбил сæрыстырæй цыди сæ рæзты, йе ’ккой йæ ронæй баст дидинджыты стыр куырис, афтæмæй, æмæ иттæг бузныг уыд йæхицæй, уымæн æмæ иннæ лæппутæй ахæм хорз хъуыды никæй сæрмæ æрцыд.

Цалынмæ скъолайы размæ бахæццæ Гæбил, уæдмæ уæндонæй цыди, фæлæ ныр хъуыдытыл фæци: «Куыд бадзура ахуыргæнæгмæ?» «Кæд, мыййаг, мæсты у, уæд, дам, нæмгæ дæр кæны... Уæд та йæм куыдз куы уаид. Уæд мыл уый сræид æмæ мæм ракæсид...» Ахуыргæнæг цы уаты

цард, уый рудзынджы размæ бацыд æмæ уым слæууыд æд æргъом. Кæсгæ зæхмæ кæны, фæлæ йæ цæсты зул рудзынгмæ дары.

Ахуыргæнæг æнæзонгæ læппуйы йæ рудзынджы раз куы ауыдта, уæд рацыд æддæмæ æмæ дзуры:

– Мæнмæ æрбацыдтæ, лæппу?

– О, – загъта Гæбил, зæхмæ кæсгæйæ.

– Æмæ цы зæгъдзынæ?

– Мæнæ дын æрбахастон...–Гæбил ацамыдта йæ сæрæй йе ’ргъоммæ.

– Цы сты уыдон?

– Дидинджытæ...

– Мæнæн сæ æрбахастай?

– 0, – зæгъгæ, бакодта Гæбил æмæ куырис зæхмæ æрæппæрста.

– Æмæ куыд гыццыл сты? – йæ мидбылты бахудт ахуыргæнæг.

– Бæндæн мæм нæ уыд... райсом дын фылдæр æрбахæсдзынæн...

Ахуыргæнæг худæгæй бакъæцæл, фæлæ уæддæр Гæбил нæ бамбæрста, худт цæуыл уыди, уый æмæ фенкъард.

– Æмæ дын чи загъта, дидинджытæ мæ хъæуы, уый? – фæрсы та йæ ахуыргæнæг.

– Мæхæдæг дæ федтон, куы сæ тыдтай, уæд, æмæ дæ, зæгъын, алы бон цæуын ма хъæуа...

Ахуыргæнæг йæ худын цæхгæр фæурæдта, дидинджыты цур дзуццæг æрбадт, сæ баст сын райхæлдта. Диссаг æм фæкаст: дыккаг аз кусы ацы хъæуы, сæрвæттæм дæр арæх ауайы, фæлæ дзы уыйбæрц алыхуызон æмæ рæсугъд дидинджытæ ис, уый æнхъæл нæ уыд.

– Дæ ном та цы хуыйны?

– Гæбил.

– Кæй лæппу дæ?

– Берозоны.

«Кæй лæппу дæ?»– ахæм фарстæн алчидæр йæ фыды ном фæзæгъы, фæлæ Гæбилæн йæ фыд раджы амард. Хъæубæстæ йæ иууылдæр «Берозоны фырт» хонынц, æмæ куыд фæстæмæ йæхæдæг дæр афтæ хонын байдыдта йæхи. Ахуыргæнæг базыдта, Гæбил сидзæр кæй у æмæ йын фæтæригъæд кодта.

– Дæ хуын бирæ уæд, Гæбил, фæлæ скъоламæ та цæуылнæ цæуыс?

– Фыййау вæййын, нана мæ нæ уадзы, – æфсæрмдзæстæй загъта Гæбил, цыма стыр азымджын у, уыйау, стæй ма æрæджиау йæ ныхасыл бафтыдта, – кусæг нын нæй...

– Хорз нæу уый, – ænкъардæй загъта ахуыргænæг. Фæлæ Гæбил нæ бамбæрста, цы нæ у хорз: фыййау цæуын, скъоламæ нæ цæуын æви сын кусæг кæй нæй, уый. Уæддæр æм тынгдæр афтæ фæкаст, цыма скъолайы тыххæй хъуамæ загътаид, æмæ уæд чысыл фæныфсджындæр.

– Абетæ балхæдтон æмæ уыдон бæргæ базыдтон, фæлæ...

– Балхæдтон, зæгъыс? – фæдис кодта ахуыргænæг, уымæн æмæ ацы хъæуы ахуыргænæн чингуытæ – йедтæ нæ уæй кодтой.

– О, – загъта Гæбил.

– Кæмæй?

– Æхсарбегæй.

– Цас сыл радтай? – фæхъæлдзæгдæр ахуыргænæг.

– Дæс æмæ дыууиссæдз хъулы! – загъта хъæрæй Гæбил æмæ фыццаг хатт уæндонæй бакаст ахуыргænæджы цæсгоммæ. Уый ænхъæл уыд, ахуыргænæг ныддис кæндзæн уыйбæрц стыр аргъыл, фæхæрам уыдзæн Æхсарбегмæ, фæлæ ахуыргænæг æрмæст йæ мидбылты бахудт æмæ та фæрсы:

– Чи дын бацамыдта абетæ?

– Иннæ лæппутæм кастæн æмæ афтæмæй...

– Æмæ уæд æххæст чиныг цæуылнæ балхæныс?

– Хъултæ мæм фаг нæма ис...

– Цас дæм æрæмбырд?

– Æртиссæдзы.

– Уый æгæр чысыл у, фондзыссæдзæй асламдæр дын ничи ратдзæн, – загъта ахуыргænæг æмæ фæрсæгау бакаст Гæбилмæ. Лæппу ницы сдзырдта. Уый куыд æнхъæл у, афтæ чиныг уыцы аргъыл дæр ничи ратдзæн. – Цæй, уæд та дын æз ауæй кæнон чиныг, – дзуры ахуыргænæг, – иннæ дыууиссæдзы мын фæстæдæр ратдзынæ. Рацу мидæмæ.

Гæбил йæ бынатæй нæ фезмæлыд, сагъдауæй аззад æмæ хъуыдыты аныгъуылд: «Кæд мæ нæмынмæ сайы мидæмæ. Кæд мæ фæлваргæ кæны – абетæ æцæг базыдтон æви гæды ныхæстæ кæнын. Кæд æм хъыг фæкаст, абетæ хъултæй кæй балхæдтон, уый».

– Рацу, рацу, цæмæ лæууыс? – фæзылд æм ахуыргænæг.

– Хъултæ мæхимæ не сты æмæ...

– Æууæндын дыл, уый фæстæ мын сæ æрбахæсдзынæ, – хинымæр худгæйæ, ахуыргænæг бараст йæ уатмæ. Гæбил дæр ацыд йæ фæстæ ænæбары, фæстæмæ фæкæс-фæкæсгænгæ. Æххæст мидæмæ бацæуын нæ бауæндыд, фæлæ дуаргæрон ærлæууыд алидзын æввонг.

Фæлæ дзæгъæлы уыдысты сабийы хъуыдытæ. Ахуыргænæг уайтагъд фæстæмæ фездæхт, йæ къухы дзыхъхъынног абеты чиныг.

– Мæнæ дын чиныг, Гæбил, дæ хъултæ дæр дæхицæн уадз. Фæлæ ардыгæй фæззæгмæ præвдз кæсын куы нæ базонай, цыдæриддæр дзы фыст ис, уыдон, уæд дын æй фæстæмæ байсдзынæн. Куы сæ базонай, уæд та дæ скъоламæ дæр райсдзынæн.

Уалдзæджы дæргъы уыцы чиныг нæ фæцух Гæбилы хызынæй. Бонизæрмæ йæ зæхмæ нæ уагъта æмæ, æппынфæстаг афтæ præвдз кæсын базыдта, æмæ бирæ хуыздæр арæхст, скъоламæ чи цыдис, уыдонæй дæр.

Йæ фысымтæн хъыг уыди, сæ фыййау «йæ куыдзы бон кæй нæ зоны» æмæ чингуытимæ кæй архайы, уый. Сæ зæронд лæг иухатт ныскъуыдтæ кæнынмæ дæр хъавыд Гæбилы чиныг, фæлæ йæ хистæр фырт нæ бауагъта: чиныгмæ кæсгæйæ, дам, хизæнуаты фынæй нæ кæндзæн. Æмæ, раст зæгъгæйæ, Гæбилы фынæй кæнынмæ не 'вдæлд. ædзухдæр йæ чиныгмæ касти. Иубон ын æгæр фæци. Уæлдай фылдæр афæстиат кæсыныл, æмæ йæ фос кæйдæр уыгæрдæнтæм баирвæзтысты. Уый фæдыл изæры над байййæфта æмæ йæм уый ницы диссаг фæкаст, фæлæ, чысыл ма бахъæуа, йæ чиныг дæр ын ныппырх кæной. Гæбил цъиусуры цавд ныккодта йæхи йæ хызыныл зæронд лæджы къухтæм æмæ йæ аскъæфта. Уыцы бонæй фæстæмæ чиныг хъæумæ нал хаста, æмбæхст æй дардта сæрвæты, къæдзæхы æххæлы.

Фыццаг мæй Гæбил афтæ æнхъæлдта, никæд бафсæддзæн чиныг кæсынæй. Фæлæ иугæр ацы чиныг кæронмæ цалдæр касты куы фæци, цы уроктæ дзы уыдис, уыдон кæсын нæ, фæлæ ма сæ зæрдылдаргæйæ дзурын дæр куы базыдта, уæд æм йæ зæрдæ уыйбæрц тынг нал ради.

3

Аивгъуыдта уалдзæг, сæрд – хæхбæсты мæгуыр адæм «дыууæ хоры астæу» цы рæстæг хонынц, уый дæр æмæ ралæууыд дзадджын фæззæг. «Дзадджын»–зæгъгæ, чи зоны, бынтон раст нæ уа уæды рæстæджы хæххон фæззæгæй афтæ зæгъын, фæлæ уал уæддæр цалдæр мæйы æфсæст уыдзысты хъæбæрхорæй.

Æхсæйнаг хъæу райдыдта хор æфснайын.

Бады Гæбил хъæуысæр, «Æхсырдуцæн къуылдым» кæй хонынц, уым йæ фосы цур. Йæ хъæдын къус йæ тæккæ дзагæй бацымдта æхсыр хъæбæрхоры кæрдзынимæ, йе 'ххуырсты бонтæй дæр та иу аивгъуыдта, æмæ хъæлдзæг у йæ зæрдæ. Фосæн бынатмæ скъæрыны афон нæма

у, æмæ уал фæлгæсы хъæумæ. Доны фаллаг фарс скъолайæ рараст ахуыргæнæг, хидыл æрбахызт æмæ æрбацыд хъæуы Ныхасмæ. «Ацы афон хъæуы æдде нæзыты къохмæ куы фæцæуы, уæд ныр афтид ныхасмæ цæмæ æрбацыд?» – хъуыды кæны Гæбил æмæ йæ каст уырдæм скодта. Ахуыргæнæг иучысыл алæууыд, стæй йæ чъылдым Гæбилы 'рдæм, афтæ сисгæрон къæйбандоныл æрбадт. Бирæ нæ фæци иунæгæй. Чысыл фæстæдæр Темсыраты зæронд лæг йæ лæдзæджы æнцæйтты æрбацыд æмæ æрбадт ахуыргæнæджы фарсмæ. Уалынмæ Кæндысаты хистæр, уыдоны куы федта, уæд рахылд йæ къæлæтджынæй æмæ сæм уый дæр æрбацыд. «Цы хуыздæр ма хъæуы дыууæ зæронды? Куыстмæ нал цæуынц æмæ ныр ныхасæй сæ мондæгтæ суадздзысты...» – хъуыды кæны Гæбил.

Хуымдзаутæ хъæумæ цæуын байдыдтой. Къаннæг хъæубæсты стыраæй-чысылæй, Гæбил кæй нæ зоны, ахæм дзы нæй. Дæлæ рацæуынц Дзанæгаты бинонтæ: сæ хистæртæ – дыууæ, сæ фырттæ– цыппар æмæ фондз та – сылгоймæгтæ. Ныхасмæ куы рахæццæ сты, уæд ныллæууыдысты ахуыргæнæг æмæ дыууæ зæронды цур, æрмæст ма сæ дыууæ чындзы баздæхтысты сæхимæ. «Кæд Дзанæгатæй, салдат чи ис, уый чиныг æрæрвыста, æмæ сын ахуыргæнæг уый кæсы...» – фенхъæлдта Гæбил, фæлæ уыцы хъуыды дæр бирæ нæ ахаста, чидæриддæр цыди хуымтæй, уыдонæй кæд иуæй-иу сылгоймæгтæ, æндæр иннæтæ тыгуыр кодтой ахуыргæнæджы алыварс. Ныхас байдзаг адæмæй. Хæдзæртты чи уыд, уыцы æфсинтæй дæр бирæтæ цыдысты Ныхасмæ. Гæбилæн йæхи йас лæппутæ стыр лæгты цурмæ нæ уæндыдысты, фæлæ Ныхасы цур Гæмсыры уæлхæдзары уæлувады къæйтыл дæлгоммæ ныххуыссыдысты, хъусынц дæлæмæ, Ныхасмæ.

Æмæ та стыр хъуыдыты бацыд Гæбил. Салдаты чиныг (уыцы рæстæджы афтæ хуыдтой фыстæг) нæу, уымæн æмæ æгас хъæу ууыл цæмæн æмбырд кæнынц? Уæдæ зианы хабар куы уаид, уæддæр адæм Ныхасы фæзы цы ныттыгуыр сты, мæрдджыны хæдзармæ цæуылнæ цæуынц? Кæд та, мыййаг, пъырыстыф исты мæстыйаг гæххæтт сæрвыста хъалон фидыны тыххæй? Нæ, ахæм гæххæтт ахуыргæнæг никуы фæкæсы, уый хъæуыхицау писыræн фæкæсын кæны, стæй ахæм гæххæттытæ хъусынмæ хæдзарæн лæг æрæмбырд кæнынц, сылгоймæгтæ та йæм æппындæр нæ фæхъусынц.

Цы уыдзæн, уæдæ, цы хабар у? – утæппæт адæм цæмæ æрыхъуыстой, хуымдзаутæнсæ фæллад æмæ се 'ххормаг чи ферох кæнын кодта?

Чи зоны, афон нæма уыд фос хъæумæ аскъæрынæн, фæлæ Гæбил нал фæрæзта хъæцын уымæй фылдæр. Фос кæрты бакодта, каудуар сыл ахгæдта æмæ хæдзары смидæг. Йæ хызын цæджындзыл ацауыгъта æмæ йæхæдæг дæр згъорынмæ хъавыд Ныхасмæ, фæлæ йæм чындзытæй иу фæраздæр:

– Гæбил, кæд дын тынг æххормаг нæу, уæд азгъор æмæ байхъус, ахуыргæнæг Ныхасы цыдæр диссаджы чиныг кæсы...

Гæбил нал фенхъæлмæ каст чындзы ныхасы кæронмæ дæр æмæ уайтагъд Ныхасы бамидæг. Ахуыргæнæгæн æрмæст йæ ныхас хъуысти æддæмæ, йæхæдæг æппындæр нæ зынди. Гæбил бабырыд адæмы 'хсæнты æмæ, йæхимæ дæр диссаг фæкаст, – ничи йыл схъæр кодта, ничи йæ асхуыста, æвæццæгæн, никæй æвдæлд ахæм митæм. Лæппу уæд ноджы фæныфсджындæр æмæ, лæугæ чи кодта, уыдоны къæхты бынты бабырыд æмæ къаннæг зиллаччы ахуыргæнæджы тæккæ раз зæххыл фæтъæпæн.

Ахуыргæнæг касти чиныг, ирон чиныг, скъолайы сывæллæттæ кæмæй фæахуыр кæнынц, ахæм нæ, фæлæ æндæр. Гæбил йæ сæр зæххы æмвæз æргуыбыр кодта æмæ аивæй бакаст чиныджы æддаг цъармæ. Хъæбæр цъарыл æппæты уæле фыст уыди «Къоста», уымæн йæ быны ставддæр дамгъæтæй – «Ирон фæндыр», стæй ма дзы ноджы дæлдæр лыстæгдæр цыдæр фыстытæ, фæлæ Гæбил уыдон нал равзæрста...

Гæбилы æрбацыдмæ ахуыргæнæг касти «Чи дæ?». Æмæ æгас хъæубæстæ стыраæй, чысылæй, цыма сæ бынæтты цавддуртæ фестадысты, афтæ, æдзæм лæугæйæ, хъуыстой кадæджы ныхæстæм æмæ æдде бакæсæг фенхъæлдтаид – адон хъусгæ нæ, фæлæ ныхъуыргæ кæнынц уыцы ныхæстæ адджын комдзагау.

Фыййауæн – уæлæфтау,
Хæлынхуд, хызын,
Йæ къæбæр – æнæвгъау,–
Йæ куыст нæу уæд зын.

Касти ахуыргæнæг æмæ Гæбил иу мисхалы бæрц дæр дызæрдыг нæ кодта – уыцы ныхæстæ Гæбилæн сæрмагонд йæхи тыххæй фыст кæй сты, ууыл. Æмæ канд Гæбил нæ, Ныхасы уæвджытæй йæ рæстæджы фыййау чи нæ цыди!

Нæ зымæг ингæн у,–
Йæ зæйтæ – нæ мæт...

Каст дарддæр ахуыргæнæг, æмæ дис кодта Æхсæйнаг хъæу: цавæр

адæймаджы бон бацис уыцы ингæны дзыназæг адæмы сагъæс æгас дунейы размæ рахæссын æмæ йыл чингуытæ фыссын?

...Хур аныгуылд. Æризæр. Ахуыргæнæг дзæбæх нал æвзæрста чиныджы фыст, фæлæ уæддæр нæма ныууагъта йæ кæсын. Хъусæг адæмæй ферох, сæ фосмæ сæ зилын кæй хъæуы, уый дæр, ничи сæ ацыд ахуыргæнæджы цурæй.

Бегаты Гæмсыр Æхсæйнаг хъæуы дæр æмæ æгас комбæсты дæр зондджын æмæ дзырддзæугæ лæгыл нымад уыди. Уый балæууыд ахуыргæнæджы размæ æмæ йæм дзуры:

– Арфæгонд у, мæ хæдзар! Арфæ дын кæнын атæппæт адæмы номæй. Хетæджы фыртæн йæ кой ныры онг дæр цыди нæ хъустыл, йæ зарджытæй дæр нæм иуæй-иутæ мæнæ дæ хуызæн ахуыргонд адæмы руаджы хæццæ кодтой, сæ цæрæнбон бирæ уæд. Фæлæ нын ныртæккæ цы банымадтай, ахæм диссаг нырма никуы фехъуыстам. Гъемæ, дæ рын бахæрон, райсом æнцойбон у, æмæ дæхицæн уыйбæрц зын скæн, æмæ нын уыцы чиныг суанг йæ сæрæй йæ бынмæ банымай...

Æвæццæгæн, уыцы райсомæй æнкъарддæр æмæ æвæндондæрæй никуы ацыд Гæбил йæ фосы фæстæ. Æмæ уæвгæ дæр куыд нæ: «Адæм æрæмбырд уыдзысты, æмæ та сын ахуыргæнæг кæсдзæн Къостайы чиныг... Нæ фæлæ уæйыгмæ лæскъыл цы мæгуыр лæг куыста, уый цы дзæбæх фыст у!» – хъуыды кæны Гæбил æмæ фæлварыы Къостайы ныхæстæ æрымысыныл, фæлæ дзы йæ зæрдыл лæууы æрмæст дыууæ рæнхъы:

Хоры къутуйау – йæ тæнтæ...
Бинаг был – кæфой...

Гæбил хорз зоны бæрз уисæй быд хоры къуту: уæлейæ – нарæгдзæф, къубалы хуызæн, куыд дæлæмæ – фæтæндæр, дыууæрдыгæй дæр стуры фаджысæй сæрст. Кæнæ, хор дымгæмæ кæмæй фæсыгъдæг кæнынц, уыцы кæфой...

Кæсы Гæбил Кæндысджын рагъы сæрæй æмæ уыны: адæм æмбырд кæнын байдыдтой скъолайы размæ. Цæуынц Æхсæйнаг хъæумæ фæрсхъæутæй дæр. Æвæццæгæн, уыдон дæр фехъуыстой чиныджы хабар æмæ ныр чыртæ-чыртæй тындзынц байхъусынмæ. Сыджытсæр уæлхæдзæртты сæр та фæздæг куы ауыдта, уæд йæ зæрдыл арбалæууыд, знон цы фыстмæ байхъуыста, уый: «Сæнар кæмæ нæй, уый ныссæйы...». Фæлæ ацу æмæ ды æрхъуыды кæн, дарддæр куыд уыди, уый.

Ахуыргæнæгмæ чи хъусы, уыдонмæ хæлæггæнгæ, æнкъардæй аивгъуыдта бон Гæбилыл. Изæры йæ фос хъæумæ куы æрыскъæрдта, уæд базыдта бирæ ног хабæрттæ. Адæм та ацы изæр дæр æрæмбырд сты Ныхасмæ, æцæг ахуыргæнæг нал æрбацыд чиныг кæсынмæ. «Æвæццæгæн, сын æй кæрæй-кæронмæ бакаст...» – ахъуыды кодта Гæбил æмæ фенкъард. Фæлæ адæмы ныхæстæм куы байхъуыста, уæд уыдоны ’рдæм фæци. Ныхасы уæвджытæ ныронгау незаманы таурæгътæ нал кодтой, сæ дзырд уыди Къостайы чиныг. Гæбилæн йæ фыдыфсымæры лæппу – мæгуыр, æвадат адæймаг, мадзура лæг – никуы æрыхъусын кодта адæмы йæхимæ. Гæбилмæ дæр ма диссаг фæкаст, уæндонæй йæ ныхас куы баппæрста, уæд:

– Сымах фарныардыстæн, мæнæ хорз адæм, знонæй ардæм мæхимæ цыдæр кæсын байдыдтон. Æз афтæ æнхъæл уыдтæн, æмæ мæ сагъæс мæ ницæйаг хæдзары къуымтæй дарддæр никæдæм хъуысы, фæлæ, кæсут-ма, Къоста мах тыххæй уæззау цым лæдзæгæй ныххоста паддзахы къæсæр...

– Къоста ма дæу дæр куы сдзурын кодта, Цыппу, кæдæй-уæдæй, – зæгъгæ йын йе уæхск æрхоста, йæ фарсмæ чи лæууыд, уый.

Ноджы ма иу хабар базыдта Гæбил: абон æгас ком куы æрæмбырд сты, уæд бауынаффæ кодтой æртæ барæджы фæсхох Нармæ фервитын, цæмæй Хетæгкаты Къостайæн арфæ ракæной ацы комы цæрæг адæмы номæй.

Æрталынг. Ныхас раафтид. Гæбил бацыд йæ фысымтæм, хъæбæрхоры кæрдзыны æрдæг æмæ мисыны къусæй бахсæвæр кодта æмæ рацыд уæлхæдзармæ йæ хуыссæнмæ. Бафæллад уый дæр. Цæсты уæлтъыфалтæ æрхауынæввонг сты – хуыссæг æй æрцахста, фæлæ уæддæр Къостайы кой нæ хицæн кæны йæ сæрæй. Йе ’рвад цы ныхас ракодта, уый дзыхы дзырдтæй нæ, фæлæ нывгондæй æрбалæууыд йæ цæсты раз, мæнæ стыр фыййæуттæм цы стыр даргъ фысахсæн лæдзджытæ вæййы, ахæм уæззау цым лæдзæг йæ къухы, афтæмæй Къоста бамидæг паддзахы галуаны. Паддзахы дынджыр хъулон куыйтæ йæм ралæбурдтой... Цас уыдысты, цас! Æмæ уый дæр цы диссаг у? – Чи куыд бонджындæр у, афтæ йæм куыйтæ дæр фылдæр вæййы. Фæлæ сæм Къоста куы февзыста, уæд таппызарты хай фесты; стæй уæд Къоста бацыд æмæ паддзахы къæсæры тарваз ахæм цæлхъ нылласта, æмæ цары сæгтæ дæр æрызгъæлдысты...

4.

Рацыд æртæ къуырийы, Гæбил «Ирон фæндыр» фыццаг хатт куы федта, уæдæй нырмæ. Боныгон ын амал нæ уыд, фæлæ йын изæрыгæтты цалдæр хатты фæцис ахуыргæнæгмæ байхъусыны фадат. Къостайы фыстыты иуæй-иуты йæ зæрдыл бадардта, кæрæй-кæронмæ нæ, фæлæ æхсæнмæ-æхсæнты. Фæлæ уыцы бонтæй фæстæмæ къаннæг фыййауы сæрæй нал хицæн кодта уыцы иугæндзон хъуыды: «Уæддæр цы амалæй бафтдзæн къухы уыцы чиныг?» Сæххæст уæвæн цы бæллицæн нæ уа, уый, дам, хъуамæ адæймагæн йæ сæрмæ дæр ма ’рцæуа, – афтæ фæзæгъынц. Гæбил зыдта, уыцы чиныг æрмæст ахуыргæнæджы йеддæмæ никæмæ ис, алы бон дæр æм адæм æмбырдтæ кæнынц хъусынмæ. Кæцæй хъуамæ бафта уæд фыййауы къухы? Фæлæ ацу, æмæ ды уынаффæтæ кæн зæрдæйæн!

Æризæр. Гæбил хизы йæ дзуг хъæугæрон Сæрзилæджджын къæдзæхы сæрмæ. Ацы къæдзæхæн йæ уæллаг фæрсты ис галвæндаг Цæгат Хъугоммæ. Ахуыргæнæг арæх рацæуы ацы фæндагыл, бирæ фæбады къæдзæхы уæле къуылдымыл, чиныг дæр фæкæсы суанг талынггæрæттæм.

Бады Гæбил æмæ та йæ зæрдыл æрбалæууыд «Ирон фæндыр». «Ехх, мæ дыууæ æрчъийы дæр мæ куы нæ уаиккой æмæ мæ уыцы чиныг куы уаид!» – зæгъгæ, хъæрæй сдзырдта Гæбил æмæ цæхгæр фæстæмæ фæзылд. Фефсæрмы. Ныр уыцы ныхас исчи куы фехъуыстаид, уæд худинаг нæ уыд! Исчи дæр ма ахæм чиныг æмæ дыууæ зæронд æрчъийæн иу аргъ кæны?!

Фæлæ, кæс-ма, уартæ ахуыргæнæг рацæуы галвæндагыл. Гæбил сыстад æмæ фæскъуылдыммæ бацыд, ахуыргæнæгмæ ауонæй куыд кастаид, афтæ.

Ахуыргæнæг æрбахæццæ къæдзæхы сæрмæ æмæ æрбадт галвæндаджы былыл. «Ныр ахуыргæнæгæн зынахсæн бæх куы уаид, ахсын ын куы нæ комид, æмæ йын æй æз куы ’рцахсин...» – хъуыды кæны Гæбил, фæлæ йæм уый дæр ницы бæрæг хæрзиуæг кæсы, чиныгимæ абаргæйæ. «Уæд та, зæгъæм, дон тынг куы раивылид, ахуыргæнæг дзы мæн тыххæй нæ, фæлæ ænæбары куы ныххауид æмæ йæ дон куы аласид, стæй æз йæ размæ куы фæуаин, мæ лæдзæг æм куы фæдарин, ахуыргæнæг ууыл куы фæхæцид, æмæ йæ афтæмæй куы фервæзын кæнин...» – сæнттæ цæгъды Гæбил «Ирон фæндыр» райсын мондагæй.

Хæхбæстæн сæ дымгæ дæр сæхи хуызæн дæрзæг у: куы бынтондæр ныссабыр вæййы, куы та уыцыиу футт ныккæны æмæ, бæрзонд лыстæг кæрдæгыл æхситтгæнгæ, Урс фæйлауæнтæй сфардæг вæййы сæрвæтты.

Дымгæ ницы зыдта Гæбилы фæндтæн, фæлæ уæддæр йæ кæнон кодта. Иуахæмы фелвæста ахуыргæнæджы уæрæхчъил худ æмæ йæ дæлвæндаг амидæг кодта. Фæлæбурдта ма йæм ахуыргæнæг, фæлæ ницы... Худ атылд æмæ цъæх ауындзæг къæдзæхы сæры иу пæлæхсар ныллæг бæласыл банцад. Цалдæр къахдзæфы ныккодта ахуыргæнæг худы фæстæ дæлвæндаг, фæлæ йæ сæр разылд æмæ фæстæмæ йæ цыппæртыл сбырыд.

Гæбил фæсæррæтт ласта йæ бынатæй, цæстыфæныкъуылдмæ фæндагмæ æртахт, йæ нымæт æмæ йæ хызын феппæрста æмæ фæдæле.

– Кæдæм!.. Фæлæуу!.. Раздæх!..

Ахæм цыбыр æмæ тызмæг дзырдтæй ма бауромынмæ хъавыд ахуыргæнæг фыййауы, фæлæ уæдмæ Гæбил нæудзараэй ныххызт æмæ ælыгбын зæххыл йæ фарсыл бырын байдыдта.

– Ахаудзынæ, раздæх фæстæмæ! – иу хатт ма бафæлвæрдта ахуыргæнæг лæппуйы бауромын. Гæбилмæ уыцы ныхас хъуысгæ дæр нæ кодта, бырыд дæлæмæ æмæ ныххæццæ къæдзæхмæ. Ныр ахуыргæнæг хъæр нæ, фæлæ цыма йæ улæфт дæр йæ хъуыры фæбадт, афтæ бамыр, æмæ ма йæ дыууæ къухæй кæрдæгыл ныххæцыд.

Нæзы бæлас, цыма къæдзæхæй йæхи аппарынвæнд кодта, афтæ комы сæрмæ агуыбыр. Йæ уидæгтæ къæдзæхы скъуыдты афардæг сты, сæ тæккæ ставддæр та къæдзæхы æмбуар ссыди уæлæмæ, схæццæ ælыгбын зæхмæ æмæ уым сыджыты аныгъуылд. Гæбил уырдæм куы ныххæццæ, уæд ыл дæлгоммæ æрхуыссыд, уидаг йæ дыууæ къахы æхсæн бакодта, афтæмæй ныббырыд бæласы бындзæфхадмæ. Ныр хъуамæ иннæрдæм разила, абыра бæласыл æмæ худ райса къалиуæй. Фæлæ куыд бантысдзæн уый ауындзæг къæдзæхы сæр æнæ истæуыл фæхæцгæ, æнæ сæр разилгæ?

Ахуыргæнæгæн æм нал бацис йæ бон кæсын æмæ йæ къухтæ бамбæрзта йæ цæстытыл. Куы ракаст, уæд йæ зæрдæ йе ’муд æрцыд: Гæбил худыл хæцы йæ дæндæгтæй æмæ йæ цыппæртыл сбыры фæстæмæ бæласы уидагыл.

Цикъæйæ фæлурсдæр ныцци ахуыргæнæг фыййауы ссыдмæ.

– Исчи дæр-ма афтæ кæны? – загъта лæппуйæн уайдзæфгæнæгау.

Хуыздæр нæ уыд Гæбил йæхæдæг дæр. Ныр дæр ма рызтысты йæ

зæнгтæ, фæлæ уæддæр загъта:

– Мæнæн ахæм къæдзæхтыл бауайын – арсы хъуыны мæлдзыг!

– Цæуыл дæхи мардтай, гормон, цы уыдаид худæн, куы ахаудтаид, уæд дæр?!

– Уыцы бæласæй куы ахаудтаид, уæд суанг донмæ ныххаудтаид...– раст кодта Гæбил йæхи.

Ærбадын кодта ахуыргæнæг Гæбилы йæ фарсмæ æмæ фæлмæн ныхæстæ райдыдта йемæ.

Æхсызгон уыд Гæбилæн ахуыргæнæджы фарсмæ бадын, йемæ стыр лæгау ныхæстæ кæнын, фæлæ цы хуызы ской чындæуа «Ирон фæндыры» тыххæй?

– Кæсын базыдтай, а уалдзæджы дын цы чиныг радтон, уым? – зæгъгæ куы бафарста ахуыргæнæг, уæд фæцис амал Гæбилæн йæ бæллиц зæгъынмæ æмæ фæтагъд кодта:

– Уыцы чиныджы цыдæриддæр фыст ис, уыдон кæсын нæ, фæлæ ма сæ цъындæй дæр бæргæ банымайдзынæн, фæлæ...

– Фæлæ ма цы уæдæ?

– Цы кæсон, уый мын нал ис...

– Дыууæ боны фæстæ горæтмæ цæуын ахуыргæнæн чингуытæ 'рбахæссынмæ æмæ та дын ног чиныг ратдзынæн, тæрсгæ ма кæн.

Æхсызгон уыд Гæбилæн уыцы ныфс, фæлæ уæддæр ахъуыды кодта: «Ныр Къостайы чиныджы кой куы скæнон, æмæ ахуыргæнæг куы смæсты уа... ахуыргæнæн чиныг дæр мын куынæуал ратта...»

Йæ ныфс асаст Гæбилæн. Æмæ уæвгæдæр куыннæ. Зоны Гæбил, æгас комбæстæ Къостайы чиныгмæ байхъусыны тыххæй ахуыргæнæгмæ æрæмбырд вæййынц. Цæвиттон, ныр уыцы чиныг радта Гæбилæн, стæй йæм уæд адæм куы 'рцæуой, уæд сын цы бакæсдзæн? Афтæ сын дзурдзæн: «Чиныг мæнмæ нал ис, Берозоны фыртæн æй радтон, æмæ уымæ цæут?» Уæд та мын æй иу-дыууæ бонмæ куы аваерид... Кæсынмæ, – хъуыды кæны Гæбил æмæ дардыл райдыдта:

– Ахуыргæнæг, Къостайы чиныджы афтæ фыст кæм ис: «Атъæпп уа, цы фыййау хоны Амонджын йæхи!», уый зæрдылдаргæйæ дзурын цал бонмæ базонæн ис?

Ахуыргæнæг бамбæрста, фыййауы ныхас цæй фæдыл у, уый æмæ йæхимидæг бахудт, фæрсы йæ:

– Къостайы чиныг дæ хъæуы?

Гæбил уыцы фарстæн йæ уæлвæд ницы дзуапп радта. Зæхмæ кæсгæйæ, æддæдæр абадт ахуыргæнæгæй, уымæн æмæ, куыд фехъуыста, афтæмæй ахуыргæнæг нæмгæ дæр ракæны, лæппутæй æгæр къæбæда митæ чи кæны, ахæмты, æмæ, уый зонгæйæ, адæймаг лидзынæввонг куы уа, уæд бирæ хуыздæр у.

– Иу бон мæм куы фæуид, уæд дзы æнæкæсгæйæ дзурын сахуыр кæнин иуцалдæр,– загъта та Гæбил, ахуыргæнæгмæ йæ цæсты зулæй кæсгæйæ.

Ахуыргæнæг та, йæ мидбылхудгæ, бакаст лæппумæ, стæй сындæггай сыстад. Гæбил фæтарст æмæ уый дæр фæгæпп ласта æмæ дæрддзæф алæууыд.

– Ды бавдæл, Гæбил, æмæ, изæры дæ фос куы бафснайай, уæд мæм скъоламæ æрбацу æмæ аныхæстæ кæнæм, и?

– Хорз! – иттæг райгæйæ загъта Гæбил.

Ахуыргæнæг ацыд. Гæбил исдугмæ, йæ мидбынаты лæугæйæ, баззад – нæ йæ уырныдта ахуыргæнæджы ныхас, стæй, уый куы фæауон, уæд галвæндагыл йæ сæр фæдæлæмæ кодта, йæ къухтыл хъен алæууыд, атылд къориау, – фыр цинæй цы акодтаид, уый нал зыдта...

Ацы изæр дæр та Гæбил æххæст нал банхъæлмæ каст афонмæ, афтæ баскъæрдта йæ фос хъæумæ. Уыцы хивæнд мийы тыххæй нады кæй бахаудзæн, уый зыдта, фæлæ, цæмæ 'нхъæлмæ кæсы, уый йæ къухы куы бафта, уæд уый цур над цы давы! Йæ амондæн, фысымты лæгтæй йæ разы ничи фæци, æмæ, куыддæриддæр фос кæрты дуарæй фæмидæг сты, афтæ згъорынмæ фæцис скъоламæ.

Ахуыргæнæг сбадын кодта Гæбилы стъолы фарсмæ, йæхæдæг дæр æрбадт йæ комкоммæ æмæ фæрсынтæ райдыдта фыййауы сæ хæдзары хъуыддæгтæй: фос æмæ сæм хуымгæнд цас ис, хос сын чи фæкæрды, суанг ма суг куыд амал кæнынц, æмæ йæ фыййауы æмгъуыд кæд фæуыдзæн, уыдæттæй. Ныббузныг Гæбил йæхицæй, уымæн æмæ фыццаг хатт æрбадт ныхасмæ стыр лæгимæ. Æппынфæстаг ахуыргæнæг загъта, цæмæй Гæбил скъоламæ цæуын райдайа, фос куынæуал хиза, уæд. Кæд, мыййаг, иннæ сывæллæтты не 'ййафа, ахуыры азы райдианæй нырмæ чи ахуыр кæны, уыдоны, уæд ын уый феххуыс кæндзæн.

Уыцы ныхæсты фæстæ ахуыргæнæг бацыд, бирæ чингуытæ æвæрд кæм уыд, уыцы скъапмæ æмæ уырдыгæй райста иу чиныг. Гæбил рæстмæ нæ ауыдта чиныджы цъар. Иу цæстыфæныкъуылдмæ ахъуыды кодта: «Кæд æндæр исты чиныг у?», фæлæ уалынмæ ахуыргæнæг

ærбацыд йæ цурмæ æмæ йæм чиныг бадаргъ кодта: «Уый та дын мæ лæвар!»

Ахуыргæнæг ма цыдæртæ дзырдта, фæлæ Гæбил, рагæй кæмæ бæллыд, уыцы чиныг йæхи къухты куы ауыдта, уæд æй ærбалхъывта йæ риумæ, цыма йын фæстæмæ айсынæй тæрсы, уыйау æмæ, йæ цæсты тъыфылтæ тъæбæртт-тъæбæртгæнгæ, кæсы ахуыргæнæгмæ, фæлæ ницыуал уыны, ницыуал æм хъуысы.

– Æнхъæл дæн, мæ лæвар дæ зæрдæмæ нæ цæуы, – загъта ахуыргæнæг. Гæбил фестъæлфыд. Йæ цæсгом фæрайдзаст, йæ цæстытæ сæрттывтой, йæ дзых ныххудынæввонг гомæй баззад.

– Иууылдæр мын æй радтай? – бафæрæзта ма зæгъын.

– Иууылдæр, уæдæ йе ’рдæг! – зæгъгæ, бахудт ахуыргæнæг. – Фæлæ уайгæ уæхимæ æмæ дæ фæллад суадз.

Стыр, цыдæр зæрдæбын арфæ зæгъынмæ хъавыд Гæбил, фæлæ фырцинæй йæ бон нæ бацис æмæ йæ къух ауыгъта, цæхгæр фæзылд фæстæмæ æмæ дуарæй феддæ ис.

Скъолайæ сæ хæдзармæ цæугæйæ, Гæбилы бахизын хъуыдис суадоныл, цæугæдоны сæр нарæг хидыл, хæххон чысыл хъæуы æнæбарæг уынгты кæйдæр кауы сæрты, хъæхъхъаг куыдз кæмæ ис, уыдон рæзты – ацы хатт Гæбил зонгæ дæр нал кодта, кæуылты тахт, уый, сонт мидæг фæцис сæ хæдзары, йæ мады æфцæгыл атыхст æмæ ма сдзырдта:

– Нана! Къоста!.. Къоста!..

Зæххы къорийыл фыццаг хатт адæймаг куы сæвзæрд, уæдæй ардæм цыдæриддæр лæвæрттæ фæчындæуыд, уыдон мур дæр ницы уыдысты, Гæбил цы лæвар райста, уый цур...

ГУЫРДЗЫБЕТЫ Барис

ХÆХТЫ ЗÆЛТÆ

НЫХАСЫ ФАРН

Ныхасы дуртæ... Ам нывæстой фарны хъуыдытæ нæ буц хистæртæ. Нывæстой... фæлæ хъæу федзæрæг... Æмæ æгомыг дуртæ дæр æрхуымæй лæууынц. Фарны ныхæстæ цæрддзугæнæг мæргьтау æрдзы хъæбысы дард кæмдæр аныгъуылдысты. Рæстæг сæ йе ’бæрæг хæзнадоны раджы бафснайдга...

Ныхасы дуртæ... Баззад ма сæ нæ рагфыдæлты дуджы хъарм – тавын сæм мæхи.

ФÆЛДИСÆГ

Æрдз – мæ фæндыр. Йæ хъистæ – мæ дадзинтæй уагъд. Ныййарæджы адджын ныхас, нæ сабиты кæл-кæл – мыртæ. Сæууон уддзæфы сусубусу, Терчы урсбецыкк уылæнты хъазт – мæ зæрдæйы зæлтæ.

Æз – фæндырдзæгъдæг. О, æрдз – ме ’нусон азæлд, мæ кæугæ, мæ худгæ фæлдисæг.

ХÆС

Мæ хъызт зымæджы цырен арт... Мæйдар æхсæвы мын мæ развæндаг чи рухс кодта, уыцы уарзты быркуы – Ныййарæг. Хъарм æмæ уарзæгой... ... Ныр мын фæкалдтæ. Бацъынд дæ. Бамынæг дæ рухс.

О, куыд æнæхъару дæн, куыд æдых! Чи кæд бафыста мады хæрзтæ? Ме ’нæхъаруйæ, ме ’нæбонæй лæдæрсынц мæ цæссыгтæ... Æмæ цы кæны... Уый дæр хæс фидын у...

МАД

Барстай мын алцыдæр... Уайдзæф мын кæм хъуыд, уым дæр мæ рæвдыдтай. Ныр нал дæ, ацыдтæ, æз та, цы уыдтæн, уымæй баззадтæн. Рæдийын. Æнæсæрон – мæ ныхæстæ. Сæрхъæн – мæ митæ... Уайдзæфтæ мын судзынц мæ цæстытæ, æвдæрзынц мын мæ зæрдæ. Судзины хуынчъы мын ласынц мæ уд.

Ды нал дæ, æз – цæрын...

УАРЗТ

"Дæхи удхарæй ма мар, æз дæу дæн..." – Уыцы ныхæстæ мын загъта й нæ хъæугæрон суадоны был мæйрухс дзæнæтон æхсæв. Стъалытæ дæр уæд мæ амондмæ бæллыдысты. Доны фæлмæн уылæнтæ, сатæг уддзæф дæр мæнмæ хæлæг кодтой.

Зæрдæ риуы къултыл фырцинæй йæхи хоста. Фæндыд æй æрвон тыгъдадмæ стæхын, уæлмонц хъуыдытæ йæ сæ уæлныхты систой. Къæлætæрфыг мæй дæр мæм йæхи хуызæн нал каст. Æвзист æрдынау мын айдæн фестад, дæ хъоппæг цæстытæ дзы цыдæр адджын мидбылхудт кодтой.

О, уый базырджын уысмы рæстæг уыд. Ныр æцæгæлæттæ стæм кæрæдзийæн. Алчидæр нæ йæ цард йæхирдыгонау сарæзта. Кæддæры уарзондзинады цæхæртæ æртхутæг фестадысты... Уæвгæ ма зноны зынг абон дæр мынæг æрттывд кæны. Судзгæ æвзæгтæ нал уадзы, фæлæ тавы ныр дæр ма йæ хъармæй.

О, æнусон у уарзт... Æнусон!.. Уæлдайдæр – фыццаг уарзт.

ДЫУУÆ АРТЫ

Иу дзырдта:

– Æз мардтæн æмæ нæ цардтæн. Сыгъдтæн æмæ басыгъдтæн. Афтæмæй та цардис æмæ нæ сыгъдис. Нæ мардис æмæ нæ басыгъд. Ныртхутæг йæхимидæг.

Иннæ ницы дзырдта... Фæлæ мардис, сыгъдис æмæ... бахсыст.

ÆЗ –ДУНЕ

Зарæг æмæ хъарæг – дыууæ базыры. Тæхынц иу уды быдыры. Цæрынц сæ дыууæ дæр мæ зæрдæйы. Мæ риуы – сæ хъысмæт. Хъарæг – ме 'дзард бæллицты зæхх.

Зарæг – мæ рухс хъуыдыты æнæбын суадон.

...Æз – дуне.

СÆУÆХСИД

(Розæ Кочысонæн)

Цыкурайы фæрдыг-стъалы... Ирон ныхасы хуры схъис-фæндыр. Ферттывта æмæ фæтар. Йæ дидин нæ райхæлд кæронмæ: хъысмæт æй фæсайдта.

О, фæтар сæууон æртæх, фæлæ баззад цæргæйæ. Иры дзыхъхъы нал байсыст йæ аив уды зæл. Ирон аивадон литературæйы фыццаг сылыстæг, фыццаг булæмæргъ. Йæ зарæг анхъæвзта. Курдиат – сæуæхсид – хæхты сæрмæ æрттивы... Æрттивы...

ДЗÆНÆТ

Дзæнæт. Уый, дам, мæрдты бæсты ис. Фæллой кæнын дзы нæ хъæуы, цьæх нæуу – фæллад уадзынæн, æхсыры цад – найынæн, пылы стæгæй – сынтæджытæ.

О, фæлæ йæм уæддæр ничи бæллы! Сывæллон хъомыл кæм нæ кæны, чындздзон чызг моймæ кæм нæ цæуы, усгур læппу къахфындзтыл кæм нæ кафы, ныййарæг хъæбулы кæм нæ уыны, хъæбул мады хъæбысы кæм нæ хъарм кæны, уый цæй дзæнæт у?! Уым хъуытаз хъæлæс æмыр кæны, бумбулийау урс буар – лæзæргæ. Дардмæ уынæг хъоппæг цæстытæ тайынц, сырхварс фæткъуыйау уадултæ хус кæнынц. Нæ! Уый дзæнæт нæу! Адæймаг хуры скастмæ кæм не 'нхъæлмæ кæсы, йæ аныгуылд ын кæм не 'рттивы, хуры хæрдгæ тынтæ хæхтыл кæм нæ хъазынц, куыствæллад буарыл хид цæппузыртæй кæм нæ тæдзы, уый рохуат у, сæфты дуне.

Æз дзæнæт æндæрхуызон æмбарын. Æрвон æнæкæрон цад, хуры тынты рухс, стъалыты зынг цæстыты ныкъуылд, дзыллæты цин, сывæллоны мидбылхудт, денджызтæ, цæугæдæтты абухын, суадæтты иугæндзон сыбар-сыбур, æхсæрдзæнты хъазт, мæргъты цъыбар-цъыбур, бæлæсты сыфтæрты къухæмдзæгъд... Цард цæдджинагау кæм фыцы, гъе уый дын æцæг дзæнæт! Сывæллон рæзгæ кæм кæны, чындздзон чызг моймæ кæм цæуы, усгур йæ амонд кæм ары, уарзт пиллон артæй кæм судзы, гъе уый дын дзæнæт!..

ЦÆМÆН?..

Чидæр калмы, маргджын кæй у, уый тыххæй ныммардта. Æндæртæ йыл аудынц, марджы хъæстæ кæй у, уый тыххæй.

Царды фæтк: иутæ маргæй уды хос фæлдисынц, иннæтæ æвдадзы хосæй марг аразынц. Цин æмæ маст иу цæсты къуырфæй лæдæрсынц. Удхæссæг æмæ уддæттæг иу авдæны цæмæн рæзынц?

НЫЙЙАРÆГ

Ныййарæг, дам куы нал вæййы, уæд дæр хæрзаудæн фæкæны йæ

цотыл. Йе ’нусон хæдзармæ ацæуы иунæгæй. Цæрынмæ кæй ратты, боны рухс кæмæн балæвар кæны, уыдоны йæ талынг уатмæ нæ фæхоны. Æмæ цæры йæ туг, нæ рох кæны йæ ном.

ЧИ ЗАГЪТА?

Арын дзы, æнаххосæй чи фесæфт, уыцы зындгонд революционер Арсæгты Горгайы рухс ном

Иу гоймаджы азар кæй басыгъта, уый хъизæмар йæ удæй хицæн кæны. Йæ зæрдæ салд Цæгаты зæххы ис, уæддæр ма агуры ирон хæхтæ. Амард адæймаг. Амард гоймаджы марг æвзаджы дзыхæй. Абон дзы "знаджы" ном ахаудта. Стæфсыд йæ буар – йæ зæрдæ йæм ногæй æртахт. Чи загъта, æмæ æнæмæлгæ дуне нæй? Чи загъта, æмæ ацы зæххыл кæронмæ ницы цæры?

ДИДИНÆГ

Знон дæр ма йæ мыдамæст базыртыл мыдыбындзытæ сæ къахфындзтыл кафыдысты. Мыдагур æм пæр-пæрæй тахтысты. О, знон дæр ма йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ кастысты, налхъуыт-налмасау æрттывта... Ныр фæкалд къæвдайы уазал æртæхтæм. Ничиуал æй барæвдыдта. Ничиуал æй слæууын кодта йæ къæхтыл. Амард æрдзы чызг. ...Афтæ у мах цард дæр.

Иу уысмы райгуыраем, иннæйы аззайæм фæсауюн. Æндæртæ нæ бынаты алæууынц. Æнусон у цард.

УЫДИС АХÆМ РÆСТÆГ

Гæвзыкк ма цы вæййы?! Æнæхæдзар, мамæлайы къæбæр – нæ хæлц. Ныййарæг – мæ ныфс æмæ ме ’нцойгæнæн. Нæ сикъо хъуг – нæ дарæг. Иу бон хъалон æмбырдгæнæг фæзынд:

– Дзидза! – Нæй, мæ цæст.

– Къуымбил! – Ницы нæм ис ахæмæй, мæ хъæбул.

– Æйчытæ! – Нæй.

Нæ уыд, æмæ йын æндæр цы загътаид Дзыцца.

Нæ сикъо йæ амæттаг фæцис... Уый ма нæм уыдис, æмæ уый дæр нал уыд.

Æрталынг, фæлæ æхсæв мæ ныййарæджы цæстытæй талынгдæр нæ уыд. Æз та, фынккалгæ хъарм æхсыр мысгæйæ, бафынæй дæн.

О, уыдис ахæм рæстæг дæр. Уыдис...

ИС

Нæ уыны... нæ хъæуы... Æмæ йыл худынц.

Хайджын сты хъысмæты цæстуарзон лæварæй, æмæ ссæндынц кæйдæр фæллад уды фæзгъæртæ. Ис хъулæттæ. Мады гуыбыны дæр ис сау æмæ урсытæ.

Уæдæ кæцæй рацыдысты уарзт æмæ фыдæх?

Иу мады цот, æмæ кæрæдзийы бумбули тонынц.

Иутæ – сæ хъал зæрдæйæ, иннæтæ – се ’нæбон æмæ æнæхъаруйæ.

УАРЗТ

Уарзт, судзын дæ арты. Дæ уацары дæн æз. Фестад зынг мæ уд. Ехх! Ныр иу доны хуыпп, иу æртах!

О, сонт хъæр! Æрлæуут! Уæд æнæдон мæ цард. Цы нæ вæййы – мыййаг куы бахуысса мæ уарзты цæхæр... Кæм ма ссардзынæн йæ арты рухс Прометейæн. Фæлтау судзæд. Зынгхуыст артдзæстæй дыдзы рухс – хуыздæр. Мæн нæ, уæддæр æндæрты удтæ рæвдаудзæн.

ХУРТÆ

Мæ рагфыдæлтæ рабадтысты се ’нусон зæппæдзтæй. О дунейы фарн, бузныг дæн дæуæй! Уддзæф мæм зырзыргæнгæ æрбахаста сæ хъæлæс: "Æгас цу, нæ фæдон!" – Уæ бон хорз! – дзуапп дæттын æз дæр. Хъоппæгцæст суадон – сæ цины цæссыгтæ – суагътон дзы мæ дойны.

Рагфыдæлтæ æмæ сæ фæдон лæууынц сæ иумæйаг къæсæрыл. Уынынц кæрæдзи хуртæ.

ХОРЗДЗИНАД

– Лæппу, зæхх рæвдыд уарзы, йæ зæрдæхудты макуы бацу– дзырдтаиу мын Дзыцца. Раст уыд. Барæвдыдтон æй. Ныр мæм зад æфсиртæ сæ цæстытæ ныкъулынц, сæ сæртæй мын ныллæг æркувынц. Мæ зæрдæйы хъарм мæм здæхы дзаг æфсиртæй. Хорздзинад нæ рох кæны зæхх...

ДОНХÆРИС

Нæ кæрты астæу – бæлас. Дзыцца-иу йæ сыфтæртæй фæлыст къалиуты бын арæх бадтис. Фæлæ йæ бандон афтидæй баззад... Донхæрис æрхуымæй лæууы. Цæуыл у цымæ йæ мæт? Æвæццæгæн, йæ иунæгдзинадыл. Кæд, мыййаг, Дзыццайы мысы?

РÆСТДЗИНАД

Ссæстой дæ къæхты бын, сыгътой дæ сондоны арты... фæлæ нæ амардтæ. Рæстдзинад! Кодтой дыл хахуыртæ, æвæрдтой дын дæ дзыхыл цъутта, дæ бæрзæйыл – æфсондз.

Нæ баззадтæ æгомыгæй, нæ бафынæй дæ. Уæлахиз дæ абон – фæндараст кæн.

Æхсæв арвыл мигъ ничи фиппайы, фæлæ арвыл судзæд иунæг стъалы – уынæм æй не ’ппæт дæр.

Рæстдзинад! Рæстдзинад – йæ ном.

АДÆЙМАГ ÆМÆ КАЛМ

Адæймаг, дам, кæддæр йæ зæрдæйы дзæбæхæн фæцагайдта калмы. Куыд æм не ’рбамæсты уыдаид! Фæхай йын кодта йæ маргæй.

Уæдæй абонмæ калм – æнæуынон. Удхæссæг фестад. Æмæ йæ сурынц. Æмæ йæ судзынц.

Цæмæн? Ærмæстдæр, йæхи кæй хъахъхъæдта, уый тыххæй. Æмæ уæд ’цæй мидæг ис йæ аххос?

Адæймаг æмæ калм... Сæ дыууæ дæр – ацы сау зæххы цæрæгойтæ. Алкæмæ дæр – йæхи марг. Чи сын бакæсдзæн сæ хъуыдыты сусæг чиныг?

ГÆЛИР ФÆНДÆГТÆ

О, уыцы чызг! Кæддæр æй бæстырæсугъд хуыдтон. Аууонау зылд мæ фæстæ. Уый уарзондзинад уыд, æвæццæгæн, æз та йæ не ’мбæрстон.

Уарзондзинад – уый арт у, пиллон арт. Æз та йыл æнæнымдæй ихдон ауагътон. Йæ фæндаг ын ахгæдтон.

Ахуыссыд...

Æмæ ныггæлиртæ сты нæ фæндæгтæ...

АДÆМЫ ФЫДÆХ

Лæг – тараерфыг, æнкъард, мæрдонхуыз. Цы йыл æрцыд?

Уæле, дам, бардзырд рацыд: æнæном фыстæджытæ, хахуыртæн тых нал ис.

Уый та йæ цард ахæм хъуыддæгтæн снывонд кодта. Ныр судзы дывыдон арты, йæ рагон хотых сызгæ, никæйуал æвдæрзы, асаст йæ хъару.

Æмæ цы арт бандзæрста, уым басыгъд, цы байтыдта, уый æркарста, цы æркарста, уый ссивы – адæмы фыдæх...

ЧИ МЫН РАТДЗÆН ДЗУАПП?

Æмæ, дам, дуры гуыбыны уд нæй? Ис, ис... Уæдæ йыл дидинæг цæмæн æрзад? Уæдæ йыл цæмæн разад цъæхдзæст кæрдæг? Ærдз æгомыг нæу. Алкæмæн дæр дзы йæхи хъæлæс, йæхи уд, йæхи æвзаг ис. Ærмæст алы зæххон хайджын нæу ахæм алæмæттаг læварæй.

О, ис нæ астæу зайæгойтæй ныллæгдæр удтæ. Цæмæн сын радта дунейы фарн дæргъвæтин цард? Цæмæн? Чи мын ратдзæн дзуапп?

ÆНУСОН ФАРСТ

Уарзт кæм ис, уым æхсиды цард дæр, фæлæ ма ærдз цæмæн радта йемæ маст æмæ фыдæх? Цæмæн сфæлдыста калмы? Дидинджытæ ссæндынмæ?

О дунейы фарн! Уарзт æмæ хæрамдзинад, тудждзын æмæ тугагур цæмæн цæрынц иу арвы бын?

ФÆТК

Ærдз – фæндыры иугæндзон зæлтæ, æгæрон сусæгдзинæдты дуне, мæ хъуыдыты æвидигæ суадон...

Алчидæр дзы йæхирдыгонау басæтты йæ дойны. Æз дæр... Цы дзы ныффыссон? Мæ раст уды сыгъдæгдзинад? Мæ удфæлдæхт монцты тох? Цыфæнды, куыдфæнды куы зæгъон, уæддæр æппæты удтæ нæ бахъарм кæндзынæн. Кæйдæр цур уæддæр хъулонæй баззайдзынæн.

Уый царды фæтк у.

НЫЙЙАРÆГМÆ

Æз рæзыдтæн – цин кодтай. Æз-иу фæкалдтæн, ды мæ-иу слæууын кодтай мæ къæхтыл. Кодтон рынчынтæ –ды хъæрзыдтай. Рæдыдтæн æз – барстай мын.

Хæс дыууæрдæм у. Ды æруатон дæ. Мæ бон дын баххуыс кæнын ницæмæй у. Удыл тайгæ зынæй лæууын дæ разы. Фынгæн мын цы къухтæ дардтай, – лæууынц дæ фæрстæм уæгъдæвæрдæй. Мæрдон хæрв дæ цæсгомыл йæ кæлмæрзæн æрæмбæрзта. Цæмæй дын бафидон дæ бирæ хорздзинæдтæ? Удмарæг хъуыдытæ æхсынынц мæ буар. Дæ уды фæлмæн базыртыл мæ рустæ никуыуал андзæвдзысты. Цæуыс дæ мæрдон чырыны де ’нусон хæдзармæ. Ме ’нкъард хъуыдыты æрхæндæг зæлтæ хъуысынц риуы арф лæгætæй. Чызг мойаг ссардзæн. Усгур læппу бацагурдзæн йæхицæн цардæмбал. Фæлæ... Æз кæм агурдзынæн дæу, ныййарæг. Маст æмæ хъизæмар, хъизæмар æмæ маст...

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

«АЛЛОНЫСТОН – ИВГЪУЫДЫ СУРÆТТÆ»

Алани… Нывгæнæг кусы, иу сойджын ахорæн, иннæ, æмæ мæнæ кæттагыл хуызджынæй зынын райдыдта рагон адæмы зæрдæисгæ истори.

Рæстæг ницы хъомыс у аивадæн, нæй йын рæстæджытæ-заманты афонтæ дæр – кæрæдзи фæдыл сæ хуыз скалынц ног сурæттæ, фæлгонцтæ. Хурдзаг нывты фæстæ фæзынынц тарæй-тардæргæнæг силуэттæ, стæй, хур уæлдæрæй уæлдæрмæ куыд цæуы, афтæ уыдон дæр райдзастдæр кæнынц, ныррухсдзæфтæ вæййынц.

Ахорæнтæ бæзджынæй-бæзджындæргæнгæ цæуынц, иу дуг иннæйы ивы. Ивгъуыды фæлмæй знон ирдæй, удæгасæй разыны.

Уый у аивады æрдхæрæны кæлæн.

Нырыккон Аланты фыццаг профессионалон нывгæнджытæ дæр æргомыздæхт ивгъуыд дугты темæтæм уыдысты. Дисы ‘фтауынц, куыд дæсны æмæ æцæг сты уæдыккон царды нывтæ, уымæй Тугъанты Махарбеджы куыстытæ. Аргъ нæй уæдæ, Хохты Аслан-Гирей цы орнаменттæ снывæзта, Дзанайты Азанбег цы историон хуызджын нывтæ скодта, уыдонæн дæр.

Лæг йæ цæст æрæвæры Нарты кадджытæм гæсгæ арæзт куыстытыл.

Рагзаманты хъаймагъ фæахъаз Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстадæн дæр, йæ гением æрмдзæфæн – æцæг, адæмы бындурон культурæйы рухс сæ ивылы.

Нæй дын истори, нæй традицитæ, нæй дын, рæстæджытæ-замантæ кæй сцытджын кодтой, ахæм бынтæ, уæд фæллойаг у дæ фидæн дæр. Уæлдайдæр, дугтæ куы раив-баив кæнынц кæрæдзи, уæд. Мæнæ тæккæ абон, мæнæ, глобализацитæ-йедтæ апп-уппы куы систой дунеты цард, уыцы æнæсæрфат заман.

Алайнаг национ культурæ дæр тæссаг уавæры бахауд, цырддзæст æмæ къæрцхъусæй хъахъхъæнинаг куы у, уæд не ‘хсæнад æргомыздæхт фæци нæ историон ивгъуыдмæ, ома, культурон рæзтæн ахъаззагдæр фæрæз цы у, тыхдæттæг æмæ ‘нцой, уымæ. Уыцы хъуыддаджы æгæрон у йæ ахадындзинад нывгæнынадæн. Уæлдай ахсджиагдæр та ныр, нæ дуджы, уымæн у, æмæ бæстæ бæз-бæз кæны, аивадмæ тынг дард чи лæууы, ахæм продукцийæ. Æмæ сын, хъыгагæн, ныхкъуырд æрмæст,





КЪАДЗТЫ Вадим. Паддзахы бæрæгбон Аланийы



КЪАДЗТЫ Вадим. Реквием



КЪАДЗТЫ Вадим. Скифты лæвæрттæ



ДЗАНÆГАТЫ Зауырбег. «Едзиты Сослæнбег»



АЙЛАРТЫ Олланæ. Сыгъдæг Никъала Дуалы цардæрфыст



ДЖЫККАЙТЫ Мурат. Гунтимæ тох



ДЖЫККАЙТЫ Мурат. Аланты тох хазартимæ



ЛОТИТЫ Игорь. «Еситы Аслæмырзæ»



ЛОТИТЫ Игорь. «Гырдзыбеты Бласка»



КÆСОЙТЫ Лаврент. Хуссар Ирыстоны паддзахадон театры фойейы панно



МÆРГЪИТЫ Таймураз. Къоста – нывгæнæг



ПУХАТЫ Вадим. Ос-Бæгъатыр



ПУХАТЫ Вадим. Лехелы кадæг



ПУХАТЫ Вадим. Сæрмæтты бæхæфсад



ДЗБОЙТЫ Арсен. Мария Ясыня



КЪУЫЛЛÆТЫ Зинаидæ. Сылгоймаджы намысы сæрвæлтау



ДЗУКЪАТЫ Никъала. Къоста



ДЗАНÆГАТЫ Зауырбег. Ос-Бæгъатыр



КЪОРНАТЫ Алан. Задæлесчы Нана

æви фылдæрхатт зноныккон нывтæ дæттынц, уыцы тематикæйыл нырыккон ахадгæ куыстытæ тынг гæзæмæ ис.

Фæлæ кæд фæзыниккой арæхдæрæй. Уый охыл арæзт цæуы алы ерыстæ-конкурстæ, паддзахад дæр йæ хъус æрдардта историмæ, уæдæ кæддæрау сфæлдыстадон кусæджы алы хуызты къуылымпы нал кæнынц вульгарон идеологийы домæнтæ.

Чырыстон дины бæрнон кусджытæ æмæ Цæгат Ирыстон-Аланийы нывгæнджыты Цæдисы хъæппæрисæй арæзт уыд 1 конкурс графикæ æмæ хуызджын нывтæй, «Алани: ивгъуыды сурæттæ», зæгъгæ. Стыр аргъгонд ын æрцыд, хаст æрцыд федералон программæмæ «Аланийыл саргъуыды 1100 азы». Нæ истори дзы цæстуынгæйæ æвдыст цæуы раг-рагзамантæй суанг XX æнусы онг.

Скифты паддзæхтæ, алæмæты рæсугъд æмæ тызмæг, знæгтыл тасæфтауæг чызг-паддзах Амагæ, астæуккаг æнусты Алани, XIX æнусы цардыуаджы хицæн сценæтæ, Мидхæсты цаутæ…

Журналы «Равдыст»-мæ ныр цы куыстытæ бахастæуыд, уыдон дæр иу ахæм конкурсы архайдтой – Задæлесчы Нанайы номыл. Ома, уыцы ерысы нысан уыд, Дзæуджыхъæуы уыцы табуйаг сылгоймагæн кæй сæвæринаг сты, уыцы скульптурон композоциты 'хсæн, аккаг аивадон фæлгонц сбæрæг кæнын.

2018 азы Нывгæнджыты цæдис, Цæгат Ирыстон-Аланийы истори æмæ археологийы Институт, стæй сæрмагонд æхсæнад «ДальЛес» (Мæскуы) сарæзтой конкурс «Ос-Бæгъатыры»-ы цыртдзæвæнæн хуыздæр эскиз сбæлвырд кæныны охыл. Ос-Бæгъатыр чи уыд, ууыл дæрдтыл дзурыны сæр дзы кæй нал хъæуы, уый æмбарæм, стæй йын аккаг цыртдзæвæн куы уаид, уый дæр нæ кæй нæ фæнддзæн.

Æмæ дзы цы куыстытæ-проекттæ уыд, уыдон иууылдæр хаудысты монументалон жанрмæ – æндæр хуызы скульптурæ фидаугæ дæр нæ кæнид ахæм стыр лæгæн, номдзыд балхонæн, нæртон Æхсæртæггаты байзæддагæн.

Фидарæй нæ уырны, æмæ нырыккон нывгæнджыты къухы дæр кæй бафтдзæн Аланийы ивгъуыдимæ баст бæрзонд аивадон куыстытæ. Уæдæ Задæлесчы Нанайы цыртдзæвæн дæр йæ рагæй нысангонд бынат кæй æрцахсдзæн Дзæуджыхъæуы цытджын ран, Ос-Бæгъатыры цыртдзæвæн та ма ноджыдæр Цхинвалы кæй уыдзæн, уый дæр гуырысхойаг нæу.

МАМИАТЫ Михал,
историон наукæты кандидат

УЫРЫЙММÆГТЫ ЕЗЕТХАН: 115 АЗЫ



(1905 – 1955)

ДЖУСОЙТЫ Нинæ

МАДЫ РÆВДЫДАУ – ÆНÆРОХ

Мæ фыды мысинæгтæй

…Ростовы облæсты Цимлянскы станцæйы поездæй куы æрхызтыстæм, уæд нæ размæ лæууыдысты афицертæ сæ сержанттимæ, цæмæй алчидæр йæ ротæйæн салдæттæ равзара. Мах, ирон лæппутæ, уыдыстæм дыууадæсæй, не 'ппæт дæр – Хуссар Ирыстонæй. Знауыры районæй уыдысты Тадтаты Садул, Зæгъойты Зауыр æмæ æз; Цхинвалы районæй – Дзугаты Гриша, Коцты Зауыр, Къæбулты Харитон, Туаты Яшæ, Бедойты Никъала æмæ Джиголаты Яшæ; Ленингоры районæй – Дудайты Асан, Хуыбылты Лафер æмæ Букуылты Ефим.

Мах – æфсадмæ ног сиддонтæ, иуварс лæууыдыстæм, ирæттæ иумæ бакъорд стæм, афтæмæй. Ацæргæ афицер Давид Дворянчиков нæм иуварсæй бирæ фæкастис, стæй сержант Киселевæн сусæгæй бафæдзæхста, цæмæй йын ирæтты се 'ппæты дæр йæ ротæмæ æрбакæна.

Не 'фсæддон хай æрæнцад Ростовы. Иу-дыууæ мæймæ нæ æфсæддон уагæвæрдыл ацахуыр кодтой, стæй 1952 азы 11-æм майы ард бахордтам æмæ уый фæстæ бавнæлдтам хæсты пырх бæстыхæйттæ аразынмæ. Ссæдз нацийы минæвæрттæ иумæ хæларæй куыстам, кæрæдзийæн аргъгæнгæйæ. Тынг хорз цæстæй нæм каст нæ командир Дворянчиков дæр. Цалдæр мæймæ Цимлянскы сарæзтам рæсугъд чысыл горæт, Зимовник, зæгъгæ, стæй нæ уырдыгæй акодтой Мæскуыйы облæст Балашихæмæ. Ам астæумæ мит ныссыгъдæг кодтам æмæ дзы цатыртæ айтыгътам. Уым дæр арæзтам бирæуæладзыгон хæдзæрттæ, къазарматæ, скъолатæ, рæвдауæндæттæ… Ам дæр ирон лæппутæ, Дворянчиковы ротæ, сæ хорз куысты æмæ уагахасты тыххæй арæх истой арфæтæ æфсæддон разамындæй. Командир алы æмбырды дæр махæй ма раппæлыдаид, уымæн уæвæн нæ уыд. Мæн уæдмæ æфтауцуаты гæсæй сæвæрдтой æмæ, мæ фадат цас амыдта, уымæй-иу лæппутæм хойрагæй фæкастæн.

Иу зымæгон хъарм бон улæфты рæстæджы нæ фæллад уагътам. Махæй фалдæр цы стыр хъæдты рæдзагъд уыд, уым иуварс хуыссыд, йæ дæргъ иу- æртæ метры кæмæн уыдаид, ахæм ставд хъæд. Цалдæрæй схæснаг кодтой, чи йæ сисдзæн æмæ йæ ссæдз метры чи ахæсдзæн. Лæппутæ йыл радыгай сæ тых фæлвæрдтой, фæлæ йæ йæ бынатæй змæлын дæр ничи фækодта.

Рæнхъон салдат Къæбулты Харитон сæм бирæ фæкаст, стæй æнæдзургæйæ бацыд, къухтæ кæуыл не 'ххæссыдысты, уыцы хъæдмæ

февнæлдта æмæ йæ иу риуыгъдæн йе уæхскмæ сæппæрста.

Иууылдæр цастдæр рæстæг æдзæмæй аззадысты, йæ цæстытыл сæ ничи æууæндыд, стæй нымдзæгъд кодтой, сæ цины хъæр райхъуыст:

– Бæдæйнаг! Се 'ппæтыл дæр фæуæлахиз дæ, уый дзы лæппу у, лæппу! – хъуыст алырдыгæй.

– Мауал æй æрæвæр, ахæсс æй! – цырын æй кодтой ирæттæ дæр.

Харитон æй ахаста иу фæндзай метры бæрц æмæ, цыма хуымæтæг лæдзæг уыд, уыйау æй рогæн æрæппæрста.

Уайтагъд хабар бахæццæ батальоны командир майор Михаил Барковскиймæ. Уый взводы командир лейтенант Лебединцевимæ уым балæууыдысты æмæ Харитоны æрцагуырдтой. Уый, æфсæрмытæгæнгæ, сæ разы æрлæууыд. Барковский йыл йæ цæст æрхаста. Йæ разы лæууыд ныллæг, мызыхъхъарæзт лæппу. Æддаг бакастæй дæр бæрæг дардта, æгæрон тыхы хицау кæй у, уый.

– Уæдæ уый ды дæ, ирон уæйыг? Дæ кой йеддæмæ куы ницыуал ис…

– Мæнæй цæй уæйыг ис! – Ноджы тынгдæр ныфсæрмы Харитон.

– Уæдæ ма уæйыг цы вæййы!? Уыйас хъæдтæ махмæ трактортыл фæласынц. Цæстæвæрæн стут, ирон лæппутæ, алы хъуыддаджы дæр. Дæ хъæбатырдзинады тыххæй дын дыууæ къуырийы дæттын отпуск. Ацу баулæф, дæ бинонты фен. Уыимæ ма абонæй фæстæмæ исдзынæ дыгай хæйттæ хæринагæй…

Харитон хорзау нал фæцис.

– Æмбал майор! Нæхимæ ацæуыны тыххæй дын бузныг, фæлæ… Æз гуыбындзæл нæ дæн. Иннæты уæлдай мæн дæр ницы хъæуы.

– Ау, уæдæ дæм уыйбæрц тых кæцæй цæуы!?– Ныддис та кодта Барковский,– уæлдай арфæйаг та дæ дæн дæ уæзданздзинады тыххæй.

Иуизæр мæм ротæйы старшина Пашков æрбацыд æмæ мын загъта, Дворянчиков, дам дæ агуры. Æз уайтагъд йæ уæлхъус балæууыдтæн. Уый мæ йæ фарсмæ æрбадын кодта æмæ мæм æнкъардæй каст, стæй сдзырдта:

– Джусоев, дæ мыггаг мæнæн куыд зынаргъ у, уый тыххæй дын фæстæдæр радзурдзынæн, ныр та уал мæнæ уыдонмæ æркæс, – загъта æмæ мын мæ разы æртæ рарды тетрады сыфыл фыстæй авæрдта. – Адон скæнынмæ дæ ныфс хæссыс?

Æз сæм æркастæн. Рардтæ кæд уæлдæр ахуырадон программæйæ уыдысты, уæддæр мæнæн уыдон скæнын зын нæ уыд. Дворянчиковы раз сæ цæттæйæ авæрдтон. Уый сæ куы федта, уæд ныццин кодта, мах дæ хуызæн лæппу куы агурæм, зæгъгæ.

– Тæккæ райсом штабы хицау Парамоновмæ рапорт бахæсдзынæн æмæ дæ мæхимæ къæнцылармæ писырæй ракæндзынæн. Математикæ

дæр хорз зоныс æмæ фысгæ дæр рæсугъд кæныс, ахæм куысты та дæ хуызæттæ хъæуы.

Æз бахъынцъым кодтон, зæгъын, æфтауцуат та…

– Ма йыл тыхс, уым дæ сæр æхсызгондæр хъæуы…

Уæдæй фæстæмæ æз Давид Дворянчиковæн, йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй сдæн йæ рахиз цонг. Уый уыдис зондджын лæг æмæ аудæг хистæр.

Иухатт мæм куыстмæ æрбацыд. Мæ фарсмæ æрбадт æмæ мæ фæрсын райдыдта не 'фсæддон хайы æнтыстытæй. Æз ын бæстон радзырдтон æртыккаг, ома, ирæтты взвод, йе 'нтыстытæй фыццаг бынат кæй ахсы. Стæй дарддæр ранымадтон ротæ, стæй батальоны æнтыстытæ иумæйагæй, сæ размæ æвæрд хæстæ чи сæххæст кодта, дарддæр сæм цы нысантæ ис æмæ афтæ дарддæр.

Мæ бæлвырд дзуаппытæй афицеры зæрдæ тынг барухс. Ме уæхск мын æрхоста æмæ рæвдаугæ сдзырдта:

– Æз мæ ротæйæн ирæтты æнæхъуаджы нæ равзæрстон. Хæсты рæстæджы дзы бирæтимæ фембæлдтæн æмæ мæ дисы 'фтыдта сæ хъæбатырдзинад, сæ уæздан уаг. Ныр дæр службæ куы райдыдтам, уæдæй нырмæ уæ мæ зæрдæ никæуыл фæхудт, æдзух алы хъуыддаджы дæр цæут разæй. Ныр та, дæ мыггаг мын зынаргъ цæмæн у, уый тыххæй радзурон, – уынгæг хъæлæсæй сдзырдта Дворянчиков. Мæнмæ афтæ фæкаст, цыма иу уысммæ зæронддæр фæцис – йæ цæстытæй лæдæрсти æнæкæрон рыст æмæ зынуромæн маст.

– Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман æз службæ кодтон Ленинграды фронты танкты бригадæйы, – дзырдта Дворянчиков, – Нæ командир уыдис Джусойтæй Григори, зæгъгæ, бæрзонд рæсугъд лæппу, ахуыргонд. Уый мæн фервæзын кодта мæлæтæй. Иу карз хæсты рæстæджы æз фæдæн уæззау цæф, фæмард нæ ротæйы хæстонтæн сæ фылдæр, чи та цæфтæй хъæрзыдта. Цы ног тыхтæ нæм æрбарвыстой æххуысмæ, уыдон немыцыл ахæцыдысты. Æз мæхи бæргæ æмбæрстон, фæлæ мæ бон фезмæлын нæ уыд, мæ буар цалдæр раны судзгæ рыст кодта. Дзæбæхæй ма нæ чи баззад, уыдонæй иутæ дарддæр хæцыдысты, иннæтæ санитартæн æххуыс кодтой мæрдтæ æмæ цæфты æмбырд кæнынмæ. Афтæмæй мæм фæкомкоммæ Гришæ. Уæды онг хæстæгмæ зонгæ нæ уыдыстæм. Февнæлдта мæм, йæ зæрды мæ рабадын кæнын уыд, фæлæ мæ бон нæ бацис. Æххуысмæ æнхъæлмæ кæсæн нæ уыд – нæ фаг кодта санитартæ. Йе 'ккой мæ скодта æмæ мæ дыууæ километры фæхаста. Уый фæстæ тынг хæлæрттæ систæм.

Нæ бригадæйы ма уыдис æртæ ирон лæппуйы, уыдон дæр – дзæбæх, хъæбатыр лæппутæ. Цыма-иу чындзæхсæвмæ цыдысты, уыйау хæсты

цæхæрмæ дæр æдзух цыдысты заргæ. Уыдон ныфсæй мах дæр ныфсджын уыдыстæм. Гришæ мæнæн тынг зынаргъ адæймаг уыд. Чысыл-иу нын цы сæрибар рæстæг уыд, уый æрвыстам иумæ. Æдзух мын æппæлыд Ирыстонæй, йæ рæсугъд æрдзæй. Баныхас кодтам, хæсты фæстæ æз кæй ацæудзынæн Ирыстонмæ, стæй та уый махмæ – Саратовы облæстмæ. Ирон чызгимæ мæ кæй базонгæ кæндзæн, уымæй дæр мын ныфс æвæрдта. Фæлæ, стыр хъыгагæн, иу карз хæсты рæстæг, Гришæ йæ адъютантимæ цы танкыл бадт, ууыл бомбæ сæмбæлд æмæ сæ дыууæ дæр сæ танчы басыгъдысты, –йæ къухмæрзæнæй йæ цæстытæ асæрфта Дворянчиков.

Æз æм дисгæнгæ кæсгæйæ баззадтæн. Хæсты тымыгъты чи бахсыст, мæлæт чи федта, уыцы афицер кæд кодта… кæугæ. Ницæмæй йæ фарстон, йæхимæ уал мæ фæндыд байхъусын. Цасдæры фæстæ та йæ ныхас адарддæр кодта:

– Иннæ ирон лæппуты хъысмætæн ницыуал базыдтон, мæхæдæг дæр удæгасæй мардау уыдтæн, мæ ныфс асасти, уый тыххæй цалдæр хатты æфхæрд дæр баййæфтон. Дæс азы рацыд уæдæй, фæлæ йыл ныр дæр куы ахъуыды кæнын, уæд мæ цæссыг нæ уромын, йæ адрис дæр ма мын æфснайд у.

Уыцы ныхæстимæ йæ дзыппæй систа хъæбæрцъар блокнот, рафæлдæхта йæ æмæ мæм æй æрбалæвæрдта. Æз ын йæ сыфмæ кæсгæйæ, сагъдауæй баззадтæн. Рæстæгæй чи фæбур, уыцы сыфыл фыст уыд: «Командир танковой бригады Джусоев Григорий Васильевич, уроженец Юго-Осетии, Знаурского района, село Нагутни».

Мæ зæрдæ ныссæххæтт ласта, мæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Нырма йæ ныр бамбæрстон кæй кой мын кæны, уый. Куыд нæ зонын нæ хæрз æрвад æмæ сыхаг Уасикъойы бинонты, сæ лæппу Гришæйы. Хæст цы аз райдыдта, уыцы аз Тбилисы сырх дипломыл каст фæцис политехникон институт æмæ йæ уайтагъд фронтмæ акодтой. Афтæ аив лæппу уыд, æмæ-иу Тбилисæй куы 'рцыд, уæд-иу æм мах, сывæллæттæ, кæсынæй не 'фсæстыстæм. Æдзух дæр-иу нын исты зæрдæлхæнæнтæ æрхаста. Æртæ æфсымæрæй фæцыдысты хæстмæ æмæ дзы иу дæр æгас хæдзар нал ссардта. Уыцы мастæн нæ бафæрæзтой сæ мæгуыр ныййарджытæ æмæ сæ фæстæ бирæ нал ацардысты. Гришæимæ иу бригадæйы хæцыд Пичъиджыны хъæуæй Цхуырбаты Вало дæр, уый сæрæгасæй æрыздæхт йæ хæдзармæ æмæ йын йæ мæлæты хабар уый дæр афтæ радзырдта.

Йæ хæлары мæрдæй уал азы маст кæй зæрдæ æхсыдта, уый ныр та мæнæн фæцис ныфсытæ æвæрынмæ. Æз ын радзырдтон, чи мын уыд Гришæ, стæй сæ бинонты хабæрттæ.

– Рухсаг уæнт нæ хъæбатыр лæппутæ! Уыдон мах тыххæй радтой сæ цард, цæмæй сабырдзинад уа. Сымах, кæстæртæ, хæсджын стут æмæ сын сæ рухс ном хъуамæ хъуыды кæнат, уæ сæрмæ æгаддзинад ма 'рхæссат æмæ уæ Фыдыбæстæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнат, – æнкъардæй сдзырдта Давид Дворянчиков.

1953 азы райдианы нын не 'фсæддон хай акодтой Расторгуевомæ, æмæ æрбынат кодтам хъæу Петровскоейы, Каширæйы сосæфæндаджы былыл. Уым дæр та адарддæр кодтам арæзтадон куыстытæ. Хъыгагæн, ам нын нæ командир Дворянчиковы раивта тызмæг æмæ домаг афицер Горбатов.

Литературæмæ ме 'ргом кæй здæхтон, мæ уацхъуыдтæ æмæ-иу æмдзæвгæтæ центрон мыхуыры арæх кæй фæзындысты, уый уæдмæ не 'фсæддон разамынд зыдта æмæ мын бахæс кодтой Мæскуйы æфсæддон газет «Красный воин»-мæ уацхæссæджы куыст не 'фсæддон хайæ.

Иухатт Букуылты Ефимимæ бацыдыстæм, не 'фсæддон хаймæ хæстæг цы универмаг уыд, уырдæм æмæ цæуылдæр хъæрæй ныхас кодтам. Чысыл фалдæр иу сылгоймаг æрлæууыд æмæ нæм ныхъхъуыста. Æз ыл мæхимидæг бадис кодтон, зæгъын дзы, мах хуызæн фесæфт. Иуафон нæм йæхи æрбайста æмæ иронау сдзырдта:

– Мæнæ ма нæхи ирæтты федтон, куыд æхсызгон мын у уæ уынд! Уæхи ма мын бацамонут,– фыр цинæй йæ цæсгом ныррухс сылгоймагæн.

Махæн дæр Мæскуыйы ирон ныхас фехъусын тынг æхсызгон уыд. Базонгæ стæм. Сылгоймаг разынд зындгонд фыссæг Уырыймæгты Езетхан. Бæрзонд, саулагъз сылгоймаг, чысыл гуыбыргомау фындз, дзырдта сыгъдæг иронау.

Езетхан нын радта йæ адрис æмæ нæ бафæдзæхста, æнæмæнг сæм куыд бацæуæм. Куыд рабæрæг, афтæмæй не 'фсæддон хаймæ цардысты бынтон хæстæг. Мах, ирон лæппутæ-иу сæм арæх бацыдыстæм æмæ-иу ныл кæддæриддæр зæрдиагæй бацин кодтой, æххормагæй нæ никуы рауагътой. Схæлар стæм. Уæлдай арæхдæр сæм цыдтæн æз. Литературæ мын зынаргъ кæй у, уый рахатыд Езетхан æмæ мыл аудыдта. Мемæ-иу иронау дзурынæй нал æфсæст. Йæ бинонтæн-иу хъазгæйæ арæх дзырдта, уый мæ лæппу у, зæгъгæ. Арæх мын кæсын кодта йæ уацмыстæй цыдæртæ æмæ-иу мæ мæ хъуыдыйæ фарста. Æз дæр ын-иу мæ уацхъуыдтæ фенын кодтон. Уый-иу дзы цыдæртæ барæстытæ кодта æмæ-иу мæ раппæлыд, стæй-иу æнæмæнг йæ ныхасмæ бафтыдтаид:

– Дæ хуызæн курдиатджын лæппу йæ ахуыр ма адарддæр кæна, уымæн æвгъау у. Цæмæй афтæ ма уа, ууыл бацархайдзыстæм дæ службæйы фæстæ.

Мемæ тынг хæлар уыд Езетханы цардæмбал Порфирий Скорняков

дæр. Уыд инæлар-майор, зенитон артиллерийы командир. Уый дæр хорз зыдта ирон æвзаг. Куыд мын радзырдта, афтæмæй каст фæци Дзæуджыхъæуы æфсæддон училище. Езетханимæ дæр уым базонгæ. Скорняков бирæ уарзта ирон адæмы æмæ æдзухдæр кодта сæ хорзы кой.

Нæ базонгæйæ цалдæр мæйы фæстæ æфсæддон журналистикæйы бæрнон бынаты кусын райдыдта Уырыймæгон дæр. Нæ редакцийы агъуыст уыд Крапоткины уынгыл, Всеволожскийы фездæхæны 2-æм хæдзары. Журналисттæн-иу арæх уыди семинартæ, æмбырдтæ…

Иухатт та редакцийы стыр залы адæмæй къух бакæнæн нал уыд. Уыцы бон Мæскуыйы æфсæддон уацхæсджытæн уыд æмбырд. Трибунæйы бадтысты газет «Красный воин»- ы сæйраг редактор, булкъон Алексей Бочаров, информацион хайады сæргълæууæг, капитан Егор Ладыгин æмæ иннæтæ. Се 'хсæн бадт нæхи Езетхан дæр.

Мæнæн мæ хæс уыд уыцы æмбырды не 'фсæддон хайы тыххæй цыбырæй радзурын. Мæ ныхас, æвæццæгæн, зæрдæмæдзæугæ рауад, æмæ мын тыхджын къухæмдзæгъд сарæзтой. Трибунæйæ куыд ærцæйхызтæн, афтæ мæм Езетхан фæсидт æмæ мыл ныттыхст:

– Хуыцау, нæ чысыл адæмы нын ма фесаф, – йæ цæссыгтæ асæрфта. – Хъусыс, дæ службæ куыддæр фæуа, афтæ дæ гæххæттытæ бацæттæ кæн Мæскуыйы паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ бацæуынмæ. Æз дын æнæмæнг феххуыс кæндзынæн. Кæд ныридæгæн дæр цæттæ журналист дæ, уæддæр.

Уыдæттæ хъусгæйæ ныл редакцийы кусджытæ амбырд сты æмæ мæ æппæлын райдыдтой, де 'мзæххон нæм уырыссæгтæй хуыздæр фыссы, зæгъгæ. Езетхан сын дзурыныл фæци ирæтты хъæбатырдзинады тыххæй, мидхæсты цаутæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ирæтты сгуыхтыты тыххæй.

Æз сæрыстыр уыдтæн, иууылдæр Езетханмæ куыд зæрдиагæй хъусынц, уымæй. Æхсызгон мын куыннæ уыд, ахæм аргъ ын кæй кодтой, уый. Уæд систам нæ къам – æз, Езетхан æмæ газет «Звезда»-йы уацхæссæг, лейтенант Степан Корнейчук. Æз уыцы къам стыр хæзнайау бафснайдтон.

1954 азы октябры мах иу взводæй æртæ мæйы æмгъуыдмæ арвыстой командировкæйы поселок Долматовомæ. Нæхи бынатмæ куы раздæхтыстæм, уæд æз æрвылхаттау, цингæнгæ, бауадтæн Скорняковтæм, фæлæ сæ уым ничи разынд. Афтæ дыккаг æмæ æртыккаг хатт дæр. Куыд рабæрæг, афтæмæй, Скорняков разамынд цы 'фсæддон хайæн лæвæрдта, уый арвыстой Бакумæ. Æз цыма æнæхъæн Мæскуыйы иунæгæй аззадтæн, афтæ фæдæн. Нырхæндæг дæн.

Ног азы тæккæ къæсæрыл Езетханæй райстон писмо æмæ йын цыма йæхи ауыдтон, афтæ фæдæн. Фыста мæм: «Дæ бон хорз, Сережæ! Куыд стут, цы ис ногæй? Нæхæдæг дæр æнхъæл нæ уыдыстæм, афтæмæй нæ ардæм рарвыстой, æвæццæгæн, азы кæронмæ ам баззайдзыстæм. Зонын æй, ды уæдмæ ацæудзынæ Ирыстонмæ, фæлæ, куыд ныхасгонд уыдыстæм, афтæ дæ бинонты фендзынæ æмæ æвæстиатæй раздæхдзынæ Мæскуымæ, дæхи уал фæлварæнтæм цæттæ кæндзынæ. Уæдмæ мах дæр зындзыстæм. Ныр мæм иу куырдиат ис дæумæ: Бацу Сидоровмæ æмæ дзы мæ къухфыст райс æмæ йæ капитан Ладыгинмæ ратт. Йæхæдæг æй зоны, цæй кой кæнын, уый. Тынг ахсджиаг æрмæг у, æмæ йыл дæу йеддæмæ никæуыл æууæндын».

Езетхан бацамыдта уыцы Сидоровы адрис дæр.

Æз бацыдтæн амынд адрисыл, фæлæ уыцы Сидоров бынаты нæ разынд. Уый фæстæ дæр æм бон цалдæр хатты цыдтæн, фæлæ йæ не ссардтон. Æрæджиау мын йæ сыхæгтæ загътой, дард кæмдæр командировкæйы кæй ис. Мæ зæрдæ рыст, Езетханы куырдиат мæ бон сæххæст кæнын кæй нæу, ууыл. Уалынмæ та дзы райстон дыккаг писмо. Езетхан фарста, йæ къухфыст ын райстон æви нæ, зæгъгæ, æмæ фыста, йæхæдæг дæр æм кæй æрвиты писмотæ æмæ йын дзуапдæттæг кæй нæй.

Æз уæд ныффыстон дзуапп Езетханмæ æмæ йын хъуыддаг бамбарын кодтон, Сидоров командировкæйы кæй ис æмæ, куыддæр фæзына, афтæ йæ кæй райсдзынæн. Уый уыди мæ фыццаг æмæ фæстаг писмо Уырыймæгонмæ. Уæдæй фæстæмæ дзы ницыуал бæрæг базыдтон.

1955 азы октябрь. Мæ службæ кæронмæ ахæццæ. Алчи æфсады фæстæ йæ хæдзармæ цингæнгæ фæцæуы, мæнæн та цæмæдæр мæ зæрдæ нырхæндæг. Мæ цæстытыл ауад мæ бинонты гæвзыкк, æвæрæз цард. Фондз сывæллоны, зæронд, рынчын фыд æмæ фыдыхо. Хæдзары уæз иууылдæр æрæнцад мæ мад Хъоционы уæхсчытыл. Æз æмæ мæ хистæр æфсымæрæн нæ бон цас уыд, уымæй-иу ын фæрог кодтам йæ къух.

Мæ зæрдыл ærлæууыд, иухатт мæ фарæстæм къласы мæ математикæйы ахуыргæнæг Мани фæсурокты куыд баурæдта, ныхасæн мæ хъæуыс, зæгъгæ:

– Сергей, кæсын дын дæ уавæрмæ, æмæ мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц. Дард хъæуæй цæуыс ахуырмæ, афтæмæй дын иннæтæй фылдæр æнтысы. Ныридæгæн суанг иуæндæсæм къласы программæ дæр зоныс. Уацхъуыдтæ фыссыс, тынг хорз ныв кæныс. Зæгъын, Цхинвалы нывкæнынады училищемæ куы бацæуис фарæстæм къласы фæстæ, кæннод ма дыууæ азы афтæ дард куыд фæцæудзынæ? Дæ бинонтæ дын кæй ницæмæй баххуыс кæндзысты, уый дæр зоныс æмæ дæхæдæг бацархай.

Бирæ фæхъуыды кодтон ахуыргæнæджы ныхæстыл æмæ сфæнд кодтон мæ хъысмæт бафæлварын, фæлæ кæм уыд училищемæ бацæуынæн дзаума. Августы фистæгæй æрхæццæ дæн Нагутнийы хъæуæй Цхинвалмæ. Мæ фыдыхо мын кæй радта, уыцы зæронд æфсæддон кител мæ мæллæг буарыл æрбатыхтон æмæ йæ синагæй фидар æрбастон. Мæ уæлæ – цыбыр, лæзæрд хæлаф æмæ мæ фыды батинкæтæ. Хæдзары мын бафæдзæхстой, цæмæй ме 'рвад Нафийы ссарон æмæ мын кæд уый баххуыс кæнид.

Фæрсгæ-фæрсгæ йæ ссардтон. Уый йæхæдæг дæр нырма æрыгон, студент– цард æххуырст фатеры. Тынг мыл бацин кодта, фæлæ мын мæ фадыварцмæ куы 'ркаст, уæд нырхæндæг. Йæ къухы цы уыд, уымæй мæ фæхынцыдта, æхсæв дæр уым баззадтæн. Райсом мын Нафи йæхи дзаумæттæй цыдæртæ радта æмæ сæ, цингæнгæ, скодтон. Нывкæнынады училищейы директор Хъотайты Гриша мын мæ разы гæххæтт æмæ кърандас аввæрдта, исты ма аныв кæн, зæгъгæ, æмæ цыбыр рæстæгмæ цалдæр нывы акодтон. Гриша сæм кæсгæйæ баззади, йæ зæрдæмæ фæцыдысты. Сентябры-иу ахуырмæ рацу, зæгъгæ ма загъта, æмæ ууыл нæ фембæлд ахицæн.

Фæлæ кæм уыд ахуыры фадат. Фæсхæсты мæгуыр, æххормаг астæ. Ахуыры мын бæргæ хорз æнтыст, фæлæ ме 'рыгон уд сфæлахс адæмы хæдзæртты гомгæрцц æмæ стонгæй. Фæлæ мæ ууыл дæр чи уагъта, мæ мад Хъоцион мæм æдзух æрвыста, цæмæй рацæуон æмæ хæдзарæн исты æххуыс фæуон. Уæдмæ хистæр æфсымæр Украинæмæ ацыд, æмæ хæдзары бирæ фыдæбон иууылдæр мадмæ æрхауд. Уæд райстон мæ гæххæттытæ æмæ аздæхтæн Нагутнимæ. Фæстæмæ бацыдтæн дæсæм къласмæ æмæ та уадтæн дард хъæумæ хурæй-къæвдайæ, мæ мадæн дæр æххуыс кодтон.

…Ме 'нкъард хъуыдытæй фæиппæрд дæн кæйдæр ныхасмæ. Поезды мæ бакомкоммæ тæрхæгыл бадт, иу дыууиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм саулагъз лæг. Йæ кæсæнцæстытæ райста, къухмæрзæнæй йæ цæсгом асæрфтытæ кодта, йæ дзыппæй чысыл сæрвасæн систа æмæ йæ йæ сæрыл æруагъта, стæй мæм сдзырдта:

– Æмбæлцæттæ уæвгæйæ, æнæдзургæйæ цæуын дæр цас раст у. Базонгæ уæм. Кæсын дæм æмæ йæ бамбæрстон, службæйæ кæй здæхыс дæ хæдзармæ. Уый æхсызгон хабар у.

Æз дæр ын мæхи бацамыдтон æмæ йын йæ къух райстон.

– Раст зæгъгæйæ, мæ службæйæ дæр ницæмæй хъаст кæнын, бирæ æхсызгон тæлмæнтæ дзы баззад мæ зæрдæйы, фæлæ æртæ азмæ адæймаг йæ бинонты дæр куыннæ æрымысдзæн….

– Кæм службæ кодтай, цавæр батальоны?

Æз ын цыбырæй радзырдтон мæ службæйы хабæрттæ, цы арæзтон, цы хъуыддагыл хæст уыдтæн, уыдæттæ.

Уый дæр мын йæхи бацамыдта: Рамиль Шарифов. Цæры Бакуйы, кусы сывæллæтты журналы сæйраг редакторæй, хъуыддæгты фæдыл æрцыд Мæскуымæ, уырдыгæй цæуы Ростовмæ.

Æз, Бакуйы коймæ цыма Езетханы ауыдтон, афтæ фæдæн. Цингæнгæ йын радзырдтон, мæ уарзон фыссæг Уырыймæгты Езетхан йæ инæлар цардæмбалы службæмæ гæсгæ рæстæгмæ уым кæй цæры, рагæй дзы кæй ницыуал фехъуыстон.

Уый фæстæ мæ хызынæй стыр хæзнайау систон Езетханы дыууæ писмойы, къам æмæ йæм сæ равдыстон, сфæлдыстадон кусæг уæвгæйæ, кæд æй искуы федта, зæгъгæ.

Рамиль мæм дзæвгар рæстæг хъуыста æрхæндæгæй, ницы дзырдта. Æрæджиау загъта:

– Бæргæ, мæнæй йæ куынæ фехъуыстаис, фæлæ дын æй зæгъгæ дæр куыннæ кæнон: зыдтон æй æз дæр Езетханы, мах журналы дæр ын цалдæр æрмæджы рацыдис, фæлæ… Нал ис, иу-цыппар мæйы размæ ахицæн…

Æз æм исдуг кæсгæйæ баззадтæн. Рамиль азымджынхуызæй йæ сæр æруагъта. Мæнмæ афтæ фæкаст, цыма мæ зæрдæ йæ бæттæнтæй феуæгъд æмæ ма мæнг дзедзырой кæны, туг сæрмæ ныццавта, мæ зæрдæ бавзæр кæнынмæ мæ бирæ нал хъуыд. Цы фехъуыстон, ууыл бауæндын мæ нæ фæндыд. Ау, куыд нал и, стыр ныфсытæ кæмæй æвæрдтон, мады лæггад мын чи фæкодта, уыцы Езетхан?! Цыма зæххы къорийыл сидзæрæй баззадтæн, афтæ фæдæн, дуне мын сафтид, мæ бæллицтæ къæхты бынмæ æрхаудтой. Æрæджиау, исты ныфсы ныхас фехъусыны æнхъæл, тыххæй ралæмæрстон:

– Кæд, мыййаг, мæнг ныхас у, бæлвырд æй зоныс?... Уæд æй не 'фсæддон хайы куыд ничи фехъуыстаид, се 'ппæт дæр йемæ зонгæ уыдысты…

– Æфсады разамынд, кæй зæгъын æй хъæуы, хабар зыдтаиккой, фæлæ салдæттæн ахæмтæ чи дзуры. Фыдохы хабар та æцæг у. Цыдæр æгъатыр низ æм фæзынд æмæ йæ цыбыр рæстæгмæ аныхъуырдта. Куыд фехъуыстон, афтæмæй йæ цыма Ирыстонмæ аластой… Йæ чызг æмæ лæппу, стæй йæ цардæмбал Скорняков нырма Бакуйы сты.

Æз фæхты хостау хаудæй лæууыдтæн мæ хуыссæны, никæй уыдтон æмæ хъуыстон. Мæ гыццылæй фæстæмæ мæ разы æрмæстдæр цæлхдуртæ цæмæн ис, фыдæбойнаджы цард йеддæмæ ме 'рыгон уд цæуылнæ исты федта, скъолайы мын мæ ахуыр цæвиттонæн куы хастой, уæд цæуылнæ у мæ бон ме 'вæрæзы аххосæй сахуыр кæнын дарддæр.

Ныр мын Езетхан мæ зæрдæйы цы ныфс бауагъта, уый дæр уалдзыгон митау атад. Боныфæстагмæ мæ ахуыры мæт дæр нал уыд, фæлæ мын æвирхъау хабар мæ зæрдæ адих кодта.

Сфæнд кодтон, Езетханы рухс ном хъуыды кæнгæйæ йын, йæ фæдзæхст сæххæст кæнон. Ардыгæй сæрды фæлварæнты рæстæгмæ мæхи бацæттæ кæндзынæн, кæд фыццаг хатт нæ бахауон, уæд дыккаг хатт дæр бафæлвардзынæн… Уыцы хъуыдытæй мын чысыл фенцондæр ис.

Хуссар Ирыстонмæ куы 'рцыдтæн, уæд мæм æнхъæлмæ каст хъысмæты иннæ цæф – нæ бинонтæ: мад, фыд, мæ дыууæ хойы æмæ æфсымæр хуыздæр цардагур алыгъдысты Къахетмæ. Уый дæр та мын стыр маст æрхаста. Мæнæн æй хъусын дæр нæ фæкодтой, зыдтой мын мæ хъуыды. Сыхæгтæ мын куыд радзырдтой, афтæмæй ме 'фсымæр, хъæуы фос хизгæйæ, афынæй æмæ йæ фос колхозы хуыммæ баирвæзтысты. Рæстæгыл сæ бæргæ расырдтой, фæлæ сын уыцы знаггады сæрмæ сæхи фосы муртæ байстой, стæй ма сын колхоз сæ куысты фæллойы бонтæн дæр ницыуал радта. Ихсыд хæдзар ноджыдæр ныззауат. Нал уыд æндæр гæнæн, æмæ фыд Разден бавгæдта йæ чысыл муртæ æмæ, уæдмæ ирон адæм бирæгæйттæй цы Къахетмæ фæлыгъдысты, уырдæм араст, кæд уым уæддæр фæхæст уаин цард æмæ рæстдзинадыл, зæгъгæ.

Æз бирæ фæсагъæс кодтон, цæуон сæ фæдыл æви нæ. Нæ мæ фæндыд нæ райгуырæн къуым ныууадзын, мæсты сæм кодтон, кæй мæм нæ фæлæуыдысты, уый тыххæй. Фæлæ сæ уал азы нæ федтон æмæ афтæмæй Мæскуымæ дæр куыд аздæхтаин. Сфæнд кодтон, фенон сæ æмæ тагъд фездæхдзынæн, цæмæй ахуырмæ мæхи бацæттæ кæнон. Езетханимæ ист къам æмæ писмотæ уал кæмæдæр радтон, тагъд æрцæудзынæн æмæ мын сæ бафснай, зæгъгæ. Æмæ æрцыдтæн, йæ хъæздыджы кой кæмæн ныхъхъæр ис, уыцы Къахетмæ. Фæлæ та дзы мæ мæгуыр бинонты раздæрау æваræз, мæгуырæй æрæййæфтон. Хъуыд сæ ме 'ххуыс…

ФÆСНЫХАС

Нал ацыд Сергей ахуырмæ, нал сæххæст кодта Езетханы фæдзæхст. Куыста æнæрцухæй йе 'фсымæр Иванимæ, цæмæй ног æрлидзæг хæдзар йæ къахыл слæууа. Уæдмæ амард сæ фыд æмæ ацæуыныл ныхас дæр нал уыд. Бæргæ ма афæнд кодта бирæ хæттыты, фæлæ йæ йæ уæззау царды уавæртæ стæлфын нал бауагътой. Уæдæ Мæскуыйы дæр фыццаг рæстæг истæмæйты цæрын хъуыд æмæ… Фæстæдæр скодта бинонтæ, схаста цыппар

сывæллоны, дыууæ раны хæдзæрттæ фæкодта, фæлæ цæрæнбонтæм баззад ахуырмæ бæлгæйæ.

Фæлæ диссаг уыд, куыд зæрдæргъæвд уыдис, уый. Нæ сыхы сывæллæттæ сæ математикæйы хынцинæгтæ æмæ сочиненитæ хастой уымæ. Хорз зыдта Ирыстоны, стæй Къахеты истори. Хистæртæй-иу цы фехъуыста, уый-иу бахъуыды кодта. Арæх-иу фæзындысты йæ радзырдтæ æмæ уацхъуыдтæ ирон мыхуыры. Æнæ чиныгæй та бынтон нæ фæрæзта. Никуы ничи хъуыды кæны, æмæ йæ уæззау куыстæй æрулæфыд æмæ йæ къухы чиныг кæнæ газет нæй. Йæ ныхас-иу уыд: кæсгæ чи нæ кæны, уый æрдæг адæймаг у. Фæстагмæ æрцардысты Цæгат Ирыстоны Нартыхъæуы, æмæ та уым дæр хæдзæрттæ фæкодта, афтæмæй 75-аздзыд куыствæллад лæгæй ацыд йе 'нусон дунемæ.

Ныр раздæхæм Езетханы коймæ. Ахуырæй йæ бон куы базыдта, уæд ын, кæддæр Хуссар Ирыстонмæ æрцæугæйæ, æрцагуырдта йæ къам æмæ йæ писмотæ, фæлæ сæ кæмæ радта, уый йын загъта, кæй фесæфтысты. Уыйадыл аскъуыд, йæ хæларимæ ма йæ чи баста, уыцы хал. Фæлæ йæ ныфс бынтон нæ саст.

Мæнæн Сергей мæ фыд уыд, æмæ мын æдзухдæр дзырдта, Езетханæн кæй уыд чызг æмæ лæппу. Фæндыд æй се ссарын æмæ сæ исты бæрæг базонын, сæ мадæй сæ бафæрсын. Уыцы хъуыддаг хæс кодта мæнæн. Мæн та æдзух не 'вдæлд, абон-райсом ын кодтон, афтæ мæм каст, ам сæ Ирыстоны ничи цæрдзæн.

Диссаг у, æвæдза, цард. Мах афтæ фенхъæлæм, цард æнусон у, нæ хистæртæ, нæ ныййарджытæ æдзухдæр нæ фарсмæ уыдзысты, æмæ алцыдæр фæстæдæрмæ æргъæвæм. Æрмæстдæр мæ фыды мæлæты фæстæ базыдтон, Езетханы чызг Тыбылты Лемзæ ам, Ирыстоны кæй цард. Фæндыд мæ йемæ базонгæ уæвын, фæлæ та мын нæ бантыст. Ахицæн уый дæр йæ цардæй. Мæ фыд та утæппæт дзыхæйдзургæ хæзнатæн сæ фылдæр ахаста йемæ…

ЦОМАЙТЫ ХАРЛАМПИ: 145 АЗЫ



(1875 – 1937)

ЦОМАЙТЫ Ростислав

РУХСТАУÆГ

Бирæтæ ис нырма рохуаты, Ирыстоны зæрдиаг æмæ цæстуарзон фæллой чи кодта, ахæм адæймæгтæ. Рæстæг нын здахы сæ табуйаг нæмттæ: фысджытæ, нывгæнджытæ, æхсæнадон архайджытæ, рухстауджытæ…

Уыдонæй иу уыд рæстдзинадыл хæцæг, рухстауæг, ирон культурæ æмæ æхсæнадон хъуыддæгты архайæг, поэт Цомайты Харлампи (Хадзырæт).

Харлампийы фæрцы ирон æрыгон интеллигенцийы минæвæрттæ æмхиц кодтой уырыссаг æмæ фæсарæйнаг литературæйы æвæджиауы къæбицтæм. Цæвиттонæн æрхæссæн ис æрмæст иу цау: 1990 азы бæстæйы литературон æхсæнад сбæрæг кодта, М.Ю. Лермонтовы роман «Нæ дуджы герой» рухсмæ куы фæзынд, уый 150 азы юбилей. Æмæ йæ ирон æвзагмæ фыццагдæр чи ратæлмац кодта, уый уыди Харлампи.

Абон Харлампийы тыххæй æрмæг мургай агуырд цæуы архивты æмæ мысинæгты, стæй уæды периодикон мыхуыры. Райгуырд 1875 азы 15 декабры Уæлладжыры комы Æрхоны хъæуы, зæхкусæджы хæдзары. Сæвæрдтой йыл ном Хадзырæт, фæлæ йæ аргъуыды ном та уыди Харлампи. Ацы номимæ бацыд ирон культурæйы историмæ дæр.

Йæ фыд Цомайты Дрис æнæфæразгæ адæймаг уыд. Зæххы куыст кæнын йæ бон нæ уыд, æмæ, куыд фæзæгъынц, бинонтæ æнæбары сæ бонтæ тыдтой. Хæрзчысыл ма уыд Харлампи (цыд ыл æрмæст дыууæ азы), афтæ йæ мад амард. Уæд æй хъомыл кæнынмæ йæхимæ акодта йæ мадыфсымæр – Мызуры зылды цæрæг Магкæты Чермен. Уый æххуысæй 1887 азы бацыд ахуырмæ Салыгæрдæны миссионерты скъоламæ. Уыд ын хорз æнтыстытæ йæ ахуыры.

Ахуыргæнджытæ куырдиат балæвæрдтой паддзах Алыксандры номыл дины семинармæ, цæмæй уырдæм лæвар ист æрцæуа зæрдæргъæвд лæппу. Харлампи йæхæдæг дæр балæвæрдта училищемæ цæстдарæг иеромонах фыд Иоанны номыл куырдиат. Уым фыссы, зæгъгæ йæ тынг фæнды йæ ахуыр адарддæр кæнын, æмæ йæ бауадзæд фæлварæнтæм.

1891 азы сси семинары хъусæг. Зындгонд у, Æрыдоны дины семинар ирон адæмæн цы стыр хæрзты бацыд, уый. Ацы ахуыргæнæндон каст фесты ирон интеллигенцийæ бирæтæ. Æмæ искуы сæ кой куы

фæкæнынц, уæд дзы Харлампийы ном нæ вæййы, уый та у репресситы фæстиуæг. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, раст нæу. Йе ’мдугонтæ куыд фыссынц, уымæ гæсгæ ахуырмæ тырнындзинад уыд йæ туджы. Ахуыр кодта, æхсæв-бон нæ хынцгæйæ. Бирæ рæстæг хардз кодта чингуытæ кæсыныл. Æппæт предметтæй дæр ын уыд хорз æмæ иттæг хорз бæрæггæнæнтæ.

Уыцы рæстæгмæ хауы йе ’хсæнадон куысты райдайæн дæр. Æнгом баст уыд йæ фыдыхойы лæппутæ Дзасохты Алексей æмæ Гигоимæ. Дзасохты фондз æфсымæры – Алексей, Гиго, Никъала, Петр æмæ Харитон фæстæдæр систы зындгонд революционертæ æмæ æхсæнадон архайджытæ. Уыдон арæх бæрæг кодтой Харлампийы, уæд цард Дзæуджыхъæуы Тыбылты Верæйы уынджы 7-æм хæдзары (ныртæккæ – Димитровы уынг).

1897 азы Харлампи каст фæцис Æрыдоны дины семинар æмæ йæ банымадтой уый хъомылгæнинæгты хуыздæртимæ. Хорз æгъдауимæ равдыста æвæджиауы æнтыстытæ уырыссаг æвзагæй, литературæйы историйæ, æвзагзонынады теорийæ, ирон æвзагæй. Зыдта ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ.

Йæ ахуыры фæстæ, миссионерон скъола цы 'хсæнад сарæзта, уый йын стипенди кæй фыста, уымæ гæсгæ хъуамæ фараст азы æххæст кодтаид уыцы æхсæнады хæстæ.

Семинар каст куы фæцис, уæд Цомайы-фырты арвыстой йæ райгуырæн хъæу Æрхонмæ. Уым байгом кодта фыццаг скъола. 12 азы дзы фæкуыста. Дардта йæм йæ цæст. Уый фæстæ цалдæр азы бынтон зын уавæрты фæкуыста сауджынæй Иры хæххон хъæутæ Зруг æмæ Гæлиаты. Дæс азæй фылдæр та – Бесланы. Уым сарæзта дыууæ скъолайы (иу – нæлгоймæгтæн, иннæ та – сылгоймæгтæн) æмæ байгом кодта библиотекæ-кæсæндон. Уый фæстæ ссыди Дзæуджыхъæумæ.

1911 азы Уас Джиорджийы аргъуаны сауджын Коцойты Моисей ирон æвзагыл уадзын райдыдта æрвылмæйон журнал «Чырыстон цард». Журнал-иу, æнæмæнг, рафыстой æппæт ирон аргъуантæ дæр. Сæ мæгуырдæртæ та йæ истой лæвар. Цы 'рмæг дзы мыхуыргонд цыд, уый уыди динон-монон фарстатыл. Сæ жанрмæ гæсгæ та – дины зарджытæ, очерктæ дины темæйыл. Ноджы дзы бакæсæн уыд хабæрттæ аргъуаны скъолаты царды тыххæй дæр. Журналæн арæх æрмæг цæттæ кодта Цомайты Харлампи.

1915 азы Дзæуджыхъæуы æмæ Мæздæджы епископ сыгъдæг Антонин (уый амындмæ гæсгæ цыд журнал «Чырыстон цард») журналы редакторæй снысан кодта Харлампийы. Уæдмæ Харлампи куыста Дзæуджыхъæуы Мадымайрæмы Ирон аргъуаны сауджынæй. Уый тыххæй бакæсæн ис «Терчы къæлиндар»-ы (1913 азы). Цымыдисаг ма у иу хъуыддаг: аргъуанмæ цыдысты алы адæмыхæттыты минæвæрттæ – ирæттæ, сомихæгтæ, бердзенæгтæ, гуырдзиæгтæ... Бирæ нал баззад, Харлампийы лæгæй-лæгмæ чи нæ зыдта, ахæм адæймæгтæ. Уыдонæй иу уыд Яков Полянский. Райгуырд 1905 азы Новороссийскы. Фондзаздзыдæй схауди Дзæуджыхъæумæ. Бацыд ахуыр кæнынмæ. Йæ мысинæгты уый радзырдта: «Ахуыр кæнынмæ куы бацыдтæн, уæд мæ цæст æрхæцыд Ирон аргъуаныл, æмæ йæм райдыдтон цæуын алы бæрæгбоны дæр. Тынг рæсугъд аргъуан уыди. Фондз дзæнгæрæгимæ. Æз сыл сындæггай фæцалх дæн. Ахуыр та мæ кодта иу адæймаг (нал æй хъуыды кæнын). Сахуыр мæ кодта алыхуызон мелодитыл. Æмæ-иу сæ æз цагътон. Уыцы заман дзы сауджынæй куыста Цомайы-фырт фыд Харлампи. Революцийы фæстæ (1921—1922 азты) аргъуан ныппырх кодтой. Харлампи райдыдта ахуыргæнæгæй кусын. Уый фæстæ куыста газет «Рæстдзинад»-ы. Куыд дзырдтой, афтæмæй, дам, цыдæр политикон рæдыд ауагъта æмæ йæ ’рцахстой. Ахастой, дам æй Сыбырмæ æмæ уым амард. Уыдис ын чызг Любæ æмæ фырт Инус. Цардысты Тыбылты Верæйы уынджы. Харлампи уыд зæрдæхæлар адæймаг.

Бахъуаджы заман-иу кæмæнфæнды дæр баххуыс кодта. Аргъуанмæ ирæттимæ иумæ цыдысты æндæр адæмтæ дæр. Æмæ-иу уæд Харлампи Хуыцаумæ куывта уырыссаг æвзагыл. Цæмæй йæ бахъуыды кодтон? Харлампи кæд ирон адæймаг уыд, уæддæр иннæ адæмтæй уæлдай ирæтты «хъулон» нæ кодта. Йæ зæрдæ гом уыд уырыссагæн дæр, сомихагæн дæр, гуырдзиагæн дæр. Æмæ йын уыдон дæр стыр кад æмæ аргъ кодтой. Уарзтой йæ».

Харлампи ма уыд, аргъуаны цы иукъласон скъола байгом, уый сæргълæууæг æмæ закъоны ахуыргæнæг. Цыбыр рæстæгмæ бацæттæ кодта 300 ахуырдзауы бæрц æмæ сæ арвыста алыхуызон ахуыргæнæндæттæм. Уыцы скъолайы ахуыргæнинæгтæй бирæтæн сæ бон баци сæ ахуыр Дзæуджыхъæуы æмæ Уæрæсейы стыр горæтты адарддæр кæнын. Харлампийы рухсадон куыст нырма хъуамæ лæмбынæг равзарой ирон ахуыргæндтæ.

Йæ литературон архайды кой йын куы кæнæм, уæд зæгъын хъæуы: журнал «Чырыстон цард»-ы редакторæй йæ куы сæвæрдтой, уæд уый



1903 аз. Галиуырдыгæй рахизырдæм лæууынц: Битарты Евгени, Хуызмиаты Кудзи, Гуытъиаты Мырза, (бæрæг нæу). Дыккаг рæнхъы галиуырдыгæй рахизырдæм бадынц Алыккаты Терчыхъо, Гуыбиаты Гакка, (бæрæг нæу), Цомайты Харлампи, (5-6-æм бæрæг не сты)

сси стыр цау Ирыстоны культурон царды. Журналы фæзындысты ног рубрикæтæ æмæ хæйттæ. Зæгъæм, фыстæджытæ редакцимæ, ног хабæрттæ æмæ æндæртæ. Сæйрагдæр та уый уыд, æмæ дзы мыхуыр кæнын райдыдтой аивадон уацмыстæ: очерктæ, æмдзæвгæтæ, радзырдтæ. Сæ уацмыстæ дзы джипы уагътой Токаты Алихан, Гæдиаты Секъа, Илас Æрнигон (Мызурон), Хъороты Дауыт æмæ иннæтæ.

1915 азы «Чырыстон цард»-ы фыццæгæм номыры ссарæн ис Харлампийæн йæхи æмдзæвгæ «Хæст», Гуырдзыстоны рухстауæг Нинæйы сабибонты тыххæй радзырд æмæ æндæр уацмыстæ.

1916 азы мартъийы цы номыр рацыд, уым Харлампи рауагъта зæрдæагайгæ уац «Ныхас Къостайыл». Зæрдæмæ хъары, Секъайы амарды фæдыл цы уац ныффыста, уый дæр.

Журналы номырæй-номырмæ ирон æвзаджы растфыссынады тыххæй цы уацтæ цыд, уыдон ма абон дæр сты ахсджиаг.

Йæ хорз зонгæтæ уыдысты Коцойты Арсен, Æмбалты Цоцко, Байаты Гаппо, Гатуты Дзахо, Æлборты Барис, Дзагуырты Гуыбады, ирон литературæ æмæ культурæйы иннæ зындгонд минæвæрттæ. Йæ сæйраг «аххосаг» уыд, Харлампи тæлмацы куыст бирæ кæй уарзта, уый. Хорз æмбæрста, фæстæдæр ирон æвзаджы рæзтæн кæй фæахъаз уыдзæн…

Харлампи мыхуырмæ бацæттæ кодта ирон адæмон таурæгътæ (Æмбалты Цоцкойы фыстытæй). Уыдон рацыдысты «Ирæтты адæмон сфæлдыстады цыртдзæвæнты» 3-æм æмæ 4-æм рауагъдты. Йæхæдæг æрæмбырд кодта фольклорон æрмæг æмбисæндтæй.

Революцийы агъоммæ дины разамонджытæ Харлампийы ахуыр кæнынмæ арвыстой Хъазаны дины академимæ. Фæлæ дзы фæцис æрмæст иу афæдз. Уæдмæ йын уыди цыппар лæппуйы – Георги (Дзодзыр), Виктор, Павел, Инус æмæ чызг Любæ. Уæззау уавæртæ, йæ бинонты мæт æй фæстæмæ æрыздæхын кодтой Ирыстонмæ.

Революци æрбацæйхæццæ кодта. Уыимæ – Мидхæсты уæззау хабæрттæ дæр. Йæ адæмы патриот Харлампи, Ирыстоны цы хъуыддæгтæ цыд, уыдонæй йæхи иуварс нæ аласта. Кæддæриддæр йæ зæрдыл дардта, йæхæдæг дæр хæххон, йæхи фæллойæ цæрæг лæджы фырт кæй у, уый. Иу документы Харлампи фыссы: «1918 азы, Дзæуджыхъæуы августы тугкалæн цаутæ куы цыд, уæд мæ хæдзары «бафснайдтон», урсгвардионты амынæтæй чи ралыгъд, ахæм æртæ Ирыстоны зындгонд большевичы – Гарданты Михалы, Гоститы Мæхæмæты æмæ Джыккайты Налыхъы. Цалынмæ горæт сырхæфсæддонтæ бацахстой, уæдмæ сæ æнæхъæр, æнæцъистæй бахъахъхъæдтон. Уый фæстæ Сырх Æфсадимæ баиу сты».

1923 азы хицауад уæлдæфон флот саразыны тыххæй адæммæ æххуысмæ куы фæсидтис, уæд Дзæуджыхъæуы дины кусджытæй Харлампи уыд фыццаг, йе ’ххуысы хай чи бахаста, уыдонæй (йæ риуæй райста, сыгъдæг синод ын цы сыгъзæрин доны тылд дзуар саккаг кодта, уый æмæ йæ снывонд кодта уæлдæфон флотæн). Уый фæстæ йæ бирæ дины кусджытæ бафæзмыдтой.

1925 азы Цомайты Харлампи йæхицæй систа сауджыны ном æмæ райдыдта скъолайы ирон æвзаджы ахуыргæнæгæй кусын. Ахадгæ фæллой бакодта ирон æвзаг æмæ литературæйы рæзтыл. Ирон литературон æхсæнады æмæ ирон тæлмацы къамисы уæнг уæвгæйæ дæр, архайдта ирон æвзагмæ зонадон æмæ æнцонæмбарæн литературæ тæлмац кæныны хъуыддаджы (25 чиныджы æмæ брошюрæйы).

Цомайы-фырт куыста Цæгат Ирыстоны адæмон ахуырады облæстон

хайады къæнцылары сæргълæууæгæй.

Уыцы азты культурæйы, зонады æмæ рухсады мингай минæвæртты æнаххосæй æрцахстой. Сæ фылдæр хай хуры рухс нал федта. 1936 азы, контрреволюцион националистон къорды цыма архайдта, уый æфсонæй Цомайты Харлампийы ахæстоны бакодтой.

Уым ыл фембæлди фыссæг Дзесты Куыдзæг. Уый тыххæй Куыдзæг йæ мысинæгты афтæ фыссы: «Цалдæр боны фæстæ æрбакодтой Цомайты Хадзырæты æмæ Дзуццаты Асæгейы. Хадзырæт – ацæргæ лæг – революцийы агъоммæ сауджын уыд. Куыста Дзæуджыхъæуы Ирыхъæуы аргъуаны. Зындгонд лæг уыд Хадзырæт революцийы агъоммæйы ирон интеллигенцийы ’хсæн. Иу заманы ирон журнал «Чырыстон цард» дæр уагъта.

Хорз зыдта ирон æвзаг, ратæлмац кодта уырыссагæй иронмæ цалдæр чиныджы. Уыдонимæ – Лермонтовы «Нæ дуджы герой» дæр. Йе ’рцахсыны размæ куыста «Рæстдзинад»-ы рауагъдады. Къорд азты дæргъы уыд газеты корректор дæр.

Рагæй зыдтон Хадзырæты. Ахæстоны «æгас цу» зæгъын куыддæр нæ фидауы, фæлæ уæддæр кæрæдзийæн «мæсæллæйтæ» ракодтам æмæ нæ къухтæ радтам кæрæдзимæ. Рацæй-рабон, æмæ йын «Спецколлегия Краевого суда» стæрхон кодта аст æви дæс азы. Цæй фæдыл, зæгъгæ йæ куы бафарстон, уæд мæм равдыста йæ æвдакаты фыст «Кассационная жалоба». Худæг æмæ кæуинаджы хабар уыд Хадзырæты азым. Типографийы мыхуыр кодтой Кировы тыххæй чысыл чиныг – ирон æвзагыл уырыссагæй тæлмацæй. Тæлмацгæнæг, æвæццæгæн, хорз нæ арæхст тæлмац кæнынмæ æмæ, фразæ: «Киров был видным подпольным работником» – раивта афтæ: «Киров уыд стыр сусæгæй кусæг». Дзырд «сусæгæй» æрцыд чиныджы рæнхъы кæронмæ æмæ, æвæццæгæн, версткæ кæнгæйæ фехæлд, ахауд дзы дыууæ дамгъæйы астæуæй – «æг» æмæ афтæмæй рауад «сусæй». Гъе, уый дын дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр Хадзырæты стыр азым. Барæй, дам, афтæ бакодтай! Уанцон нæу?! Урсзачъе зæронд лæг. Адæмы ’хсæн кад æмæ радæй чи фæцард, уый æвиппайды хулиганæй агæпп ласта?»

Ирон æвзагыл зæрдиагæй кæй аудыдта, стæй Илас Æрнигон цы «Ирон грамматикæ»-йы чиныг сарæзта, уымæ йе ’ргом тынг кæй аздæхта, уый дæр ын йæ цæстмæ бадардтой, националист, дам, дæ, зæгъгæ.

Æмæ йæ 1937 азы 30 декабры Мидхъуыддæгты Адæмон комиссараты «Æртæйы» уынаффæмæ гæсгæ фехстой. Фæлæ рæстдзинад уæддæр

фæуæлахиз. 1955 азы ноябры Цæгат Ирыстоны АССР-йы Сæйраг Советы президиум Цомайты Харлампийы алы хуызы дæр сраст кодта.

Харлампийæн стыр аргъ кодтой ирон интеллигенцийы минæвæрттæ. Уыдонимæ уыд Секъа дæр. Цомайы-фырт Ирон аргъуанмæ сауджынæй нысангонд куы ’рцыд, уæд Секъа фыста: «...Ныр Хуыцауы фæндонæй æмæ хицæутты уынаффæйæ, нæ фыд Харлампи, дæ рад æрзылд нæ аргъуаны кусын, æмæ дæ мæнæ, дæ приходы адæм, бузныг стæм: не скъола чысыл уыд, ницæйхуызон, æмæ йыл бафтыдтай – фæуæрæх æй кодтай æмæ нын нæ læппутæн хуыздæр ахуыргæнæн бынат скодтай, дыккаг нын скъолайæн тынг хорз партæтæ балхæдтай. Кæцытæй хъуаг уыдис не скъола.

Зонæм, нæ læппутæм нын зæрдиагæй кæсыс. Ныронг не скъолайæ дарддæр ахуыр кæнынмæ læппу нæ цыд, ныр дæ рæстæджы, де ’руаджы нæ læппутæ уæлдæр ахуыр кæнынмæ цæуын байдыдтой. Не скъолайы хъуагдзинæдтыл дæ зæрдæ риссы, Хуыцау дæ æгас уадзæд. Дæ хорз уынаффæты руаджы хъуаг ницæмæй фæуыдзæн не скъола.

Стыр бузныг стæм дæ ирон аргъуыдæй æмæ таурæгътæй, нæхи æвзагæй нын кæй æмбарын кæныс нæ чырыстон дины æцæгдзинад. Ноджыдæр бузныг стæм Питирим хистæр алчеræй дæр, сыгъдæгдæр синодæй нын дыууæ мин сомы кæй рафæлгъуыдта нæ аргъуан сног кæнынæн, зæрдæ дзы рухс кæны.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы хорз хъуыддагæн дæр йæ райдианы уынаффæгænæг ды уыдаис, æмæ дæ бузныг стæм, нæ фыд.

Ацы хорздзинæдтæм гæсгæ махмæ нæ намыс сдзырдта æмæ дын мæнæ, дæ приходы адæм, æрбахастам Чырыстийы дзуары ныв læварæн, йæ аргъ – чысыл, фæлæ йæ кад – арвæй бæрзонддæр, уæд нæ иумæйаг уарзондзинад мысыны тыххæй.

Хæсс æй, Чырыстийы æфсондз, ма схъыг у, ма дзы бафæллай. Зонæм, læппулæг дæ нырма, царды уылæнтæ дæ разæй сты, дуне дæ раппар-баппар кæндзæн.

Мæгуырдзинад дын ма басæттæд дæ зæрдæ, дунейы фæтæгæн, йæ сæр кæм æркъул кодтаид, уый дæр нæ уыд, ænæрвæссон ма су ацы дунейы хъæздыгады бæллындзинæдтæ, Соломон-паддзахы дæр йæ хъæздыгад нæ фервæзын кодта. Ма схъал у хæрзиуджыты бæрзонд цæстæнгасæй, уыдон мæлæты ’хсар нæ къуымых кæнынц.

Фæлæ, Чырыстийы фæдыл цæугæйæ, сабыр, æнцадæй, адæмы уарзгæйæ, æнæнизæй дæ адзалы бонмæ æнæзæрдæхудтæй фæцæр,

дæ адзалы фæстæ та стыр тæрхоны боны хорз дзуапп радтыны аккаг су».

Йе ’мдугонтæ куыд зæгъынц, стæй документтæй куыд зыны, афтæмæй Харлампи йæ царды фæстаг азты йе ’ргом тынгдæр аздæхта литературон сфæлдыстадмæ. Уый ирон æвзагмæ ивта уырыссаг литературæйы классикты, стæй фæсарæйнаг авторты фыстытæ: А.П. Чеховы, А.С. Пушкины, Л.Н. Толстойы уацмыстæ, стæй Джон Риды чиныг «Дуне чи банкъуысын кодта, уыцы дæс боны»...

Дæсны уыд Цомайы-фырт тæлмац кæнынмæ. Гатуты Дзахо æмæ йæм иннæ зындгонд ирон фысджытæ хастой сæ уацмыстæ, цæмæй сæ уый раивтаид мадæлон æвзагмæ. Хъыгагæн, йæ тæлмацгонд фыстытæй бирæ фесæфт Мидхъуыддæгты адæмон комиссарады архивы. Фæлæ, чи зоны, æмæ искуы рухс феной.

1936 азы М.Ю. Лермонтовы роман «Нæ дуджы герой»-ы архайджытæ сдзырдтой иронау. Харлампийы тæлмац у лæгъз æмæ 'нцонæмбарæн. Уымæ гæсгæ йæ рауагътой фондз хатты. Фæстаг хатт – чиныгуадзæн «Ир»-ы 1981 азы.

Рæстæг нын здахы, æнаххосæй аххосджын кæй скодтой, уыдоны рухс нæмттæ. Абон дæр Цомайты Харлампийы куыстытæ ахъаз сты ирон культурæ æмæ литературæйæн.

Чысыл уæлдæр куыд амынд ис, афтæмæй Цомайты Харлампийы 1937 азы 30 декабры фехстой. Фæлæ ма йын йæ мæлæты хабар дзурынц æндæр хуызы дæр. Харлампийы фыртыфырт Цомайты Валентин йæ рæстæджы радзырдта ахæм цау. Æз, дам, фембæлдтæн, Харлампиимæ цæгаты чи уыд (Соловкиты), ахæм адæймагимæ (хъыгагæн, дыууæйæ дæр æгас нал сты). Æмæ, дам мын уый радзырдта афтæ: иубон бæлæгъы ацыдысты кæсаг ахсынмæ. Уым ныххуылыдз. Æмæ æррынчын – цастæ хъуыд зæронд лæгæн!.. Иуцасдæр рæстæг асæйыны фæстæ, дам, амард. Ныгæд дæр, дам, æрцыд уым.

ЦОМАЙТЫ Ростислав,
«Рæстдзинад», 2005 азы 15 декабрь

ХАРЛАМПИЙЫ МОНОЛОГ

30-æм азты ирон интеллигенцийæ рæстудæй кæй фесæфтой – семæ рухстауæг Цомайты Харлампи дæр – уыдоны номарæн

Æнаххосæй аххосджын рахуыдтой мæн,
Æфсæн хъадамантæй мæ сбастой.
«Дæ сусæг куыст раргом кæн. Чи дæ? Цæмæн?» –
Мæн алы бон мин хатты фарстой.

Фыдмитæ мын кодтой, нæ мæ уагътой цух,
Уæлбæхæй мæ ехсытæй надтой.
Мæ тæрхоны сыфы æрфыстой сæ къух,
Æвыдæй мын авд азы радтой.

Зæронд лæг – æнæбон, – цы кодтаин, зæгъ?
Мæхимæ æз азым нæ ардтон.
Мæ адæм, сымах раз фæфыстон мæ хæс,
Мæ уд уыл æнæвгъауæй хъардтон.

Мæ Иры сæрвæлтау æдзух уыд мæ куыст,
Æз Рухсмæ фæндæгтæ куы гæрстон.
Нæ тæрхоны лæгтæй та чи ‘мбæрста рыст, –
Хæрзгæнæг Сыбыры «æрбæстон».

Хæххон лæг – æнæбон, цы кодтаин æз, –
Хъысмæт мæм æнæхатыр разынд.
Цæрынæн Сыбыры нæ ардтон фæрæз,
Куырой ма мæ сæрыл нæ разылд…

Мæн фехстой, нæ фехстой – нæ зонын бæлвырд,
Фыстой, зæгъгæ, хи низæй амард.
Фæлæ мын уæлæуыл нæ баззади цырт,
Мæ ном дæр Ирыстонæй адард.

Нæ зоны мæ кæстæр, цы ран ис мæ мард,
Æз дæр æй мæхæдæг нæ зонын.
Мæ уд та, зæххыстæн, нæ хæхты æрцард,
Уæлладжыры комы, Æрхоны…

2005 азы 12 сентябрь

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ – УÆЛАХИЗМÆ
1945–2020

ДЗАДТИАТЫ ТОТЫРБЕГ: 110 АЗЫ



(1910 – 1984)

ДЗАДТИАТЫ Тотырбег

АСТАН

Очерк

Æппуйы куывдмæ Дыгурыхъæуггаг Хъесаты Никъалайы хæдзармæ дзæвгар адæм ærбамбырд ис. Сыкъадзæф куывдхортæ æзхуыздæронæй куыннæ куывтаиккой ноггуырды амондыл! Алчидæр хъардта йæ фæндон ацы суинаджы фидæны тыххæй: «Хуыцау æй сауджын скæнæд!» – дзырдтой иутæ. «Дæ фыртæй ахуыргæнæг рауайæд!» – фæндыди иннæты. «Дæ фыртæй фыццаг гильдийы сæудæджер рауайæд, Никъала!» – афтæ дæр куывтой чидæртæ хъæздыгдзинадмæ бæлджытæй.

Уыцы куывды исчи куы срæдыдаид æмæ афтæ куы загътаид «Гъа, уæдæ нæ ноггуырдæй денджызы наускъæрæг рауайæд!» – зæгъгæ, уæд æй иннæтæ рахуыдтаиккой æрра æмæ расыгæй сæнттæдзæгъдæг.

«Хуыцау чысыл Астаны афицер скæнæд!» зæгъгæ, чи акуывта, уыдоны табу фæрæстмæ: Астанæй советон дуг схъомыл кодта афицер, стæй хуымæтæджы афицер дæр нæ! Денджызы бынты цæуæг флоты афицер…

1941 азы сæрд. Хуссайраг хур йæ тæккæ тыхы бацыдис æмæ дзæгæрæг кодта зæхх. Гитлеры ærдонгтæ бабырыдысты се `ндон агъудты, афтæмæй бырстой размæ, хъæддаг сау хуытау сæ цыргъ хæмхудтæй змæстой советон Украинæйы хъæздыг æмæ фæрныг уæрæх быдыртæ. Цъæх арт æфтыдтой горæттыл æмæ хъæутыл. Сæ танкты рæхысты бын ссæстой ænахъом сывæллæттæ æмæ зæронд сылгоймæгты. Сæ бомбæтæй рæмыгътой заводты æмæ электростанцæты, фæскъæуттæ кодтой æмæ уæлдæфы уæнггай тыдтой мингай советон адæймæгты, афтæмæй ærбавваxс сты Украинæйы рæсугъддæр горæттæй иу – Николаевмæ. Кæм ма уагътой ам сулæфын адæймаджы! Сæдæгай бомбæтæ сау фæнык кодтой горæт æмæ наулæууæны. Нал æнцадысты знаджы стыр сармадзантæ дæр сæ æнуд богъ-богъæй: горæт фæкодтой тæвд æфсæйнаджы зæйы бын…

Ахæм уавæр йæхи цæстытæй уыдта ærыгон денджызон афицер Хъесаты Никъалайы фырт Астан, фæлæ йæ бон ницы уыди: командир æй цы науæн скодтой, уый ныpма уыдис Николаевы науаразæн заводтæй иуы стапельтыл, йæ авдæны.

Ницы уыди ныртæккæ Астаны бон: йæ фарсыл цы дамбаца дзедзырой кодта, уый ницы уыди немыцы хæдтæхджытæ æмæ сармадзанты ныхмæ хæсты бацæуынæн! Æмæ зæрдæ мæстæй куыннæ скъуыдаид.

Кæй бон у райгуræн бæстæйы зындзинадмæ кæсын æнцадæй! Кæй зæрдæ урæдта маст адæмы тæригъæдмæ кæсынæй!

Æмæ Астан йæхицæн æнцой нал зыдта: æмбырд кодта хæлд æмæ сыгъд наутæй матросты, цæттæ сæ кодта ног командæ. Тагъд кæнын хъуыдис: немыцæгтæ горæтыл æртыхстысты æмæ, кæцы сахат бафсæрдзысты йæ уынгтæм, уый ничи зыдта. Тагъддæр райхалын хъуыди чысыл хъæбулы йæ авдæнæй – ома чысыл «Малюткæ» йæ хонынц.

Фашисттæ горæт куыд ахстой, афтæ Астан дæр йæ «Малюткæ»-йы балер кæсагау доны аныгъуылди. Æххæст цæттæ кæд нæма уыди дæлдонцæуæг бæлæгъ, уæддæр фæраст Севастопольмæ. Нæ уыди афтæ æдзæттæйæ цæуæн, барæй дæхи денджызы ныппарынæй уæлдай нæ уыди, фæлæ Астан йæ командæйæн загъта: «Кæд мæлæт, уæддæр фашистты цырыхъхъы бын нæ!»

Ноджы ма сæ сæрмæ уæлдæфы ауыгъдæй лæууыди хæдтæхæг «Фокке-Вульф» æмæ сыл ардыдта немыцаг катерты, сидти бомбæласджытæм, амыдта сын комкоммæ, «Малюткæ» денджызы астæу цы квадраты ленк кæны, уый… Згъæлдысты бомбæтæ, йæ алывæрсты хæлдысты катертæй æппæрст æрфыты рæмудзæг бомбæтæ. «Малюткæ»-йы командæйæн удæгас æнхъæл ничиуал уыди ахæм уавæрты. Фæлæ Астан нæ бауагъта йæхи æмæ йæ нау знаджы фæндиаг фæкæнын – денджызы бын баззайын, – сæрæгасæй сæмбæлди Севастополыл.

Уæдæй фæстæмæ Астаны «Малюткæ»-йæн денджыз сси йæ хæдзар. Йæ базæмæ-иу фæзынди цыбыр рæстæгмæ æрмæст уæд, æмæ-иу йæ торпедæтæ куы бахардз кодта знаджы наутыл. Хæсты цæхæры райгуырд «Малюткæ», æвæджиау цæринаг æмæ тыхджын гуырд рауад.

Астан сфæлтæрдта æмæ сфидар денджызы операциты, афтæ йæ экипаж дæр, æмæ æфсымæртау кæрæдзи бауарзтой. Фылдæрæй-фылдæр кодта, фашистты наутæй цас фæдæлдон кодтой Астаны матростæ, уый нымæц: «Малюткæ»-йы ныхыл цы фондзтигъон стъалы ис, уый астæу зиллаччы фыст нымæцтæй бæрæг уыди Астаны куыст: райдыдта «I» æмæ дзы ныр, 1942-æм азы, Севастополыл стыр хæстыты фæстаг бонты фæзынди «5». Астаны хъæбатыр риуæй дæр сæрттывтой хæстон Сырх Тырысайы дыууæ ордены, Фыдыбæстæйы хæсты орден æмæ майдантæ. Уый Одессæ æмæ Севастополыл хæстыты 1941 – 1942 азты хъæбатырдзинад æмæ денджызон операциты Астан хорз арæхстдзинад кæй равдыста, уый тыххæй. Фæлæ нырма хæст йæ тæккæ цыреныл у.

Севастополы уæззау хæстыты 1942-æм азы майы иубон знаджы тыхтæ фæцæфтæ кодтой «Малюткæ»-йы. Фæхæццæ кæнын æй

хъуыдис Потимæ цалцæг кæнынмæ. Фæлæ куыд фæхæццæ кæна Астан уæззау цæфтæ хъæбулы? Алы ран дæр цуан кæнынц немыцаг дæлдонцæуæг лодкæтæ æмæ катертæ, уæлдæф цух нæ уадзынц хæдтæхджытæ.

Фыдтухæнтæ æмæ знаджы ныббырстытæ мынæг кæнгæйæ, «Малюткæ» æрбаввахс Новороссийскмæ. Ам та йын йæ фæндаг æрæхгæдтой знæгтæ. Дыууæ немыцаг дæлдонцæуæг лодкæйы йæм ныууырдыг сты: торпедæ йыл торпедæйы фæдыл уадзынц. Фæлæ та Астан фæцарæхсы йæ «Малюткæ»-йы мæлæтдзаг цæфæй бахъахъхъæнынмæ. Фашисттæн сæ торпедæтæ куы фесты, уæд сæ фæсидтысты катертæм, стæй хæдтæхждытæм. Уый бамбæрста Астан æмæ ахъуыды кодта: «Ардыгæй ахæм уавæры аирвæзæн нал ис, фæлæ ныхæй-ныхмæ бацæуын хъæуы знагмæ æмæ дзы иу уæддæр ныппырх кæнон, ме сæфт сын аслам куыннæ рауайа!» Цалдæр хатты Астан йæ нау комкоммæ батардта немыцаг лодкæйы фарс йе `ндон фындзæй ныррИуыгъынмæ, денджызаг тъаран кæй хонынц, ахæм цæфмæ. Фæлæ та-иу знаджы бон нæ бацис ахæм цæфмæ фæлæууын æмæ-иу доны арф афардæг. «Малюткæ»-йы бон та нал уыди доны бынмæ авд метрæй арфдæр ацæуын…

Чи зоны, цæуыл фæуыдаид ацы ныхмæлæуд, фашистты хæдтæхджытæ сæ сæрмæ куы нæ февзæрдаиккой, уæд. Немыцæгтæ сæхи айстой. Уæлдæфон пираттæм Астаны лодкæ хорз зынди, æмæ йыл æркалдтой сæ бомбæтæ. «Ныр та цы чындæуа, – зæгъгæ, ахъуыды кодта . – Фæсайын сæ хъæуы – хуыздæр гæнæн нæй!» Лодкæйæ раппæрст фæйнæджытæ дон йæ сæрмæ сласта, доны сæр фæзынди лодкæйæ рауагъд соляркæйы кулгонд дæр, æмæ «Малюткæ» атагъд кодта уыцы ранæй. Пираттæ сæ бомбæтæ æркалдтой, фæйнæджытæ кæм ленк кодтой æмæ соляркæ кæм аззади, уырдæм æмæ адымдтой, сæ хицæуттæм радиограммæ ратгæйæ. Уыцы радиограммæйы фекъусын кодтой, Сау денджызы, дам, ныппырх кодтам дæлдонцæуæг советон лодкæ «Волк», зæгъгæ. «Малюткæ» та уæд йæ фæндаджы куыст кодта.

Астаны маст тынгдæр рафыхти, Дыгуры хъæуы йæ райгуræн хæдзары хабæрттæ бæстон куы базыдта, уæд. Тынг æфхæрды бахауд-той фашисттæй Астаны бинонтæ.

Стъалыйы, астæуæй ныр зындис ставд фыстæй «8», афтæмæй та рараст ис Астан йæ зæрдиагон цуаны. Сæ зын уыди знаджы ссарын. Фæлæ-иу ыл цæст куы `рхæцыд, уæд та йын «Малюткæ»-йæ аирвæзæн нæ уыди. Æмæ йæ цæстытæ дæр диссаджы уынаг систы фæстагмæ! Уалдзыгон æхсæв денджызы, знаджы рацæуæны рындзыл цырддзастæй арвитгæйæ, боныцъæхтæм æввахс Астан йæ перископы ацахста, зæрдæй-

æн тынг æхсызгон чи уыди, ахæм ныв. Знаджы наулæууæнæй рараст ис æнæхъæн чырæ. Иу егъау транспортон науы хъахъхъæдтой, афтæмæй хъуызыдысты фашистон ссæдз кораблы.

– Лæджыхъæд æвзарæн сахат, мæ хæлæрттæ! Уæхи æрцæттæ кæнут! – сдзырта Астан йæ матростæм. – Кæй агуырдтам, уый ссардтам, æгуыдзæгæй здæхæн нал ис, æфсымæртæ!

– Махæй знаджы астæу минæтæ дзæвгар ис, – зæгъгæ йын йе `ххуысгæнæг йæ зæрдыл æрлæууын кодта.

– Фарн рæстдзинады фарс у! – сдзырдта ма Астан æмæ бардзырд радта: «Размæ, знаджы караван ныппырх кæнынмæ!»

«Малюткæ»-йы фæрстыл-иу минæйы хуыррытт фæцыди, фæлæ уæддæр хъæбатырты экипаж, йæ торпедæтæ фехсын æввонгæй даргæйæ, цыди минæты астæуты. Алы минут, али секунд дæр тæссаг уыди денджызон минæ фехæлын æмæ «Малюткæ»-йы уæлдæфмæ фехсынæй. Фæлæ цыдысты размæ, мæлæтыл нæ хъуыды кæнгæйæ. Фæлæ кæм ис уыйбæрц амонд, – цæхæры астæу ныххау æмæ дæ зынг ма басудзæд, – кæд вæййы афтæ! Фæлæ дзы цæхæры æнæ ныххаугæ дæр нæ уыди: цалынмæ минæджын квадраты фæрсты цыдаиккой, уæдмæ знаджы наутæ дард уыдаиккой æмæ сæ аййафын та къухы нал бафтыдаид.

– Стыр амонджын хабар! Фарн рæстдзинадыл хæцджыты фарс у! Минæты быдыр фæсте аззади, – иу хатæнæй иннæмæ кæрæдзийæн хъусын кодтой матростæ.Астан дæр йæ ныхы сур хид асæрфта æмæ та перископ доны бынæй сдардта, дзæбæх афæлгæсыди денджызыл æмæ йæ риуыл фæхæцыди. Зæрдæ йæ тæрк гуыппытæй фæсабырдæр, караваны хæстæгмæ куы ауыдта, уæд. «Фарн дæр рæстдзинадыл хæцджыты фарс у!» – хинымæры та сдзырдта æмæ «Малюткæ» знæгтæн сæ тæккæ астæумæ бабырсыны курсыл сарæзта.

– Æппæт тыхтæй дæр размæ!– загъта Астан хъæлдзæгдæрæй æмæ ма хъазгæйæ бафтыдта. – Ис та дзы фынгыл физонæггонд хъыбыл, мæ хæлæртæ!

Дæлдон цæуæг советон моряктæм ахæм æгъдау ис: знаджы нау денджызы куы ауадзай дæ торпедæйы фехстæй, уæд æй уайтагъд денджызы былтыл разведкæгæнджытæ æмæ денджызмæ хъусæг моряктæ фехъусын кæнынц командæгæнæгмæ, æмæ уæлахиздзаутæн сæ операцийæ æрбаздæхынмæ æвæрд вæййы хъæздыг фынг, йæ тæккæ астæу та хъуамæ лæууа æнæхъæнæй физонæггонд хъыбыл. Ныртæккæ дæр ахæм хъыбыл æрбалæууыд Астаны зæрдыл. Æмæ ахуыр дæр сси ахæм фынджы уæлхъус бадыныл йæ хуыздæр хæлæрттимæ: фараст

хатты бадтис ахæм фынгыл.

Фæлæ ууыл хъуыды кæнынæн рæстæг нал ис: «Малюткæ»-йы хæдсæрмæ змæлынц, сæ винттæй денджыз фæйлауынц знаджы хъахъхъæнæг наутæ. Нырма сæ фæсонæрхæджы дæр нæй, фыдбылызы «Малюткæ» сæ бынты ленк кæны, сæ тæккæ тохъхъылмæ сын хъавы, æмæ йæ торпедæтæ ныртæккæ фæркгай ахауын кæндзысты, уый. Перископы чысыл сдарды фæстæ Астан командæ радта:

– Торпедæтæ фехсынмæ!

– Цæттæ сты торпедæтæ фехсынмæ! – æмхуызонæй дзуапп радтой торпедисттæ. Хъавд уыди егъау транспортмæ, æмæ ныр мæнæ торпедæты дзыхы раз ис!

Æрвнæрæгау гуыппытæй знæгты сæртæ фæдзæгъæл сты æмæ, цалынмæ ракæс-бакæс кодтой, цы ныл æрцыди, зæгъгæ, уæдмæ стыр нау дыууæ дихы фæцис, æмæ денджызы бынмæ афардæг.

– Хъуыддаг, стыр хъуыддаг конд у! Иттæг хорз рауад!

Немыцæгтæн сæ зæрдæ се `муд æрцыди æмæ уайтагъд фæхæст сты «Малюткæ»-йыл. Бомбæтæ калын байдыдтой, æмæ денджыз сæнкъуысти. Акустик банымадта: цыбыр рæстæгмæ «Малюткæ» – йы алфамбылай фехæлд сæдæ бомбæйы.

«Цы чындæуа?» – сагъæсты бацыдис Астан. Уæлдонмæ схиза æмæ уый – иу, уыдон – ссæдз, – сармадзантæй йæ ныффалгæрон кæндзысты. Бынты цæуа, æмæ уæддæр нæ аирвæздзæн, бомбæтæй йæ ныппырх кæндзысты…

«Минæты быдыры та сæр фæцæвын хъæуы, уырдæм пираттæ нæ бауæнддзысты», – алыг кодта командир. Æмæ йыл денджызон минæ куы фехæла, уæд та? Хуыздæр гæнæн нæй! – уыди йæ фæстаг уынаффæ. – Амонд рæстдзинадыл хæцджыты фарс у!»

Уыцы бон изæрæй Берлины, Гитлеры штабы нымадтой, Астаны торпедæтæ сын цас зиан æруагътой, уый. «Малюткæ» та йæ стъалыйы астæу ныффыста «10», афтæмæй бадти йæ дзаджджын æхсæвæрыл æмæ минас кодта.

Фæстæдæр Кремлæй схæццæ Советон Цæдисы Сæйраг Советы Президиумы Указ капитан-лейтенант Хъесаты Никъалайы фырт Астанæн Советон Цæдисы Хъæбатыры ном раттыны тыххæй Ленины орденимæ иумæ.

Сау денджызы хæстон флот,
1944 аз



АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД – АДÆМÆН

АЛÆМÆТТАГ АРГЪАУЫ ДУНЕ

Абайты Вассойы номыл Цæгат Ирыстоны гуматитарон æмæ социалон иртасæнты институты (ЦИГСИИ) наукон архивы ис ирон адæмон сфæлдыстады алы жанрты бирæ фыстытæ æмæ, журнал «Мах дуг»-имæ иумæ цы ног хъуыддаг расидтыстæм, уый фæлгæты базонгæ уыдзыстут сæ уæзгæ хаимæ. Сæрæвæрæн суыдзæн алæмæттаг аргъау. Ацы жанры хорз фæбæрæг, цы адæм æй сфæлдыстой, уыдоны дунембарынад, рæстæг, алы æрдзон æмæ уæларвон фæзындтæм сæ ахаст æмæ а.д.

Ирон алæмæттаг аргъæуттæ æмбырд æмæ мыхуыр кæнын райдыдтой 1870-æм азты. «Сборник сведений о кавказских горцах»-ы (Тифлис, 1870 аз) мыхуыргонд уыдысты Санаты Дзантемыр æмæ Гацыры æмбырдгонд алæмæттаг æмæ цæрæгойты тыххæй аргъæуттæ. Всеволод Миллер мыхуырмæ бацæттæ кодта, «Осетинские этюды» (1881 аз) æмæ «Дигорские сказания»-йы (1902 аз) кæй ныммыхуыр кодтой, уыцы алæмæттаг аргъæуттæ.

Ацы хуызы аргъæуттæ ма мыхуыргонд цыдысты газеттæ «Терские ведомости», «Казбек», «Кавказ», «Тифлисский листок», «Новое обозрение»-йы. Ноджы ма – ирон газеттæ æмæ журналтæ «Ног цард», «Æфсир», «Хуры тын»-ы, гуырдзиаг газеттæ «Акакис кребули», «Иверия», «Дроеба», «Нобати»-йы, Мамытты Стефаны «Чиныг сывæллæттæн»-ы, чингуытæ «Сказки, предания и другие», «Фольклор Южной Осетии», «Осетинские сказки», «Памятники народного творчества осетин», «Осетинское народное творчество» æмæ æндæр рауагъдты.

Ныртæккæ сæ мыхуыр кæнынц газеттæ «Рæстдзинад», «Хурзæрин», журналтæ «Мах дуг» æмæ «Фидиуæг». Аргъæуттæ æмбырдгæнджытæ сты Антон Шифнер, Всеволод Миллер, Цорæты Васили, Даниил Чонкадзе, Санаты Дзантемыр æмæ Гацыр, Хъаныхъуаты

Алмахсит, Æмбалты Цоцко, Гуыриаты Гагуыдз, Байаты Гаппо, Гатуты Дзахо, Цомайты Хадзырæт, Биазырты Алыксандр, Цагъаты Анастасия, Хæмыцаты Тамарæ…

Æвæрццæг нæлгоймаг-архайджытæ сты уæздан мыггагæй хъайтартæ, йæ дзыллæйы сæраппонд сгуыхæг æлдары фырт кæнæ дæлдæр къæпхæны (хуымæтæг адæмæй рацæуæг, æрдæгцæрæг хуыз) хъайтар. Уыдон дæр сæхи пайдайæн фесгуыхыны зондыл хæст не сты, фæлæ иутæ æмæ иннæтæ дæр сæ уæлахизты тыххæй хæрзиуæгæн райсынц мулк æмæ алы хуызты арæхсæг бинойнæгты. Ирон алæмæттаг аргъауы ма ис æртыккаг хуызы хъайтар дæр –Хуыцауы лæвар зонындзинæдтæй хайджын чи у, ахæм.

Æмткæй райсгæйæ, ирон алæмæттаг аргъау æвдисы индоевропæйаг мифологийы райрæзты хуыз.

Ацы хъуыддаджы разамонæг –
филологон наукæты доктор СОКАТЫ Дианæ.

АВДСÆРОН УÆЙЫГ

Иу бонджын лæгæн уыдис авд фырты, æмæ ацы бонджыны авд фыртæй адæм тынг сфæлмæцыдысты сæ тыхмитæй уый онг, æмæ сæ нал фæрæзтой.

Авд æфсымæры сфæнд кодтой ацæуын иу сæхи хуызæн тыхгæнæг авдсæрон уæйыгмæ, цæмæй йæ амарой. Араст æм сты. Сæ фæндагыл йæ мойимæ цард сæ иунæг хо, æмæ ацы хомæ æрфысым кодтой æмæ æфсымæртæ сæ фæндаджы хабар хойæн радзырдтой.

Сæ хо æмбисæндтæ бакодта, нæ сæ уагъта, фæлæ фыдуаг æфсымæртæ, йæ коммæ нæ бакæсгæйæ, араст сты æмæ бирæ фæцыдысты, стæй бахæццæ сты иу фурды былмæ æмæ сæ уырдæм уæйыджы чызг мæсыджы сæрæй ауыдта æмæ йæ мадæн фехъусын кодта, дæлæ, зæгъы, авд бараджы æрбацæуынц. Мад чызгæн дзуры, кæс, дам, сæм æмæ, кæд фурды ивæн (тæнæгдæр ран) агурой, уæд, дæ фыд цуанæй куы ‘рцæуа, уæд ын аходæнваг уыдзысты.

Чызг сæм, цыллæ ælвисгæйæ, уæладзыгæй кæсы, йæ уæдæртт куыройы фыды йас, æмæ авд æфсымæры, тæнæгдæр рæттæ агургæйæ, тыххæй æрбаирвæзтысты.

Чызджы размæ куы ‘рбахæццæ сты, уæд барай уæладзыгæй йæ ælхуый зæхмæ æрæппæрста æмæ авд барæгмæ дзуры, уæ уазджытæ, зæгъы, аипп ма уæд, фæлæ ма мын ме ‘лхуый сдæттут. Ælхуыйыл

авд æфсымæры схæц-схæц фæкодтой æмæ йын ницы бафæрæзтой, афтæмæй чызг йæхæдæг æруад, систа йæ æмæ йæ фæстæмæ уæладзыгмæ схаста, мадæн сæ хабар радзырдта, донæн йæ тæнæгдæр ран кæй бацагуырдтой, стæй уæдæртт кæй не сфæрæзтой.

Мад сæ цæхæрадонмæ арвыста, авд æфсымæры изæрмæ уым фæткъуытæ фæхордтой, изæры уæйыг цуанæй æрцыд саджы мард æмæ иу къала бæласимæ. Саг сфыхтой, уазджыты æрбакодтой æмæ сæ хицæнæй æрбадын кодтой, хæйттæн сæ дзæбæхтæ сæхуыдтæг хордтой, стджытæ æмæ æвзæр хæйттæ та – авд æфсымæрæн.

Æхсæвæры фæстæ уæйыг йæ усы фарста, уазджыты, дам, кæм схуыссын кæнæм. Ус – дæлæ, дам, нæ хæрæджы кæвдæсы, æндæр, дам, кæм, æмæ сæ уым схуыссын кодтой.

Райсомы та уæйыг цуаны цыд æмæ йæ усæй аходæн æркуырдта. Ус æй арвыста хæрæджы кæвдæсмæ æмæ, дам, гъе уым уыцы авд хæххон дзиглойæ иу хæргæ акæн, æртæ дæ иу дзыппы, æртæ та де ‘ннæ дзыппы аваер фæндаггагæн æмæ цæугæ. Уæйыг афтæ бакодта, тыхгæнæг авд æфсымæрæй уæйыг иу боны хæлц ацарæзта йæхицæн.

Бонджын лæгæн йæ авд фырты куы фесæфтысты, уæд йæ бынтыл арт бандзæрста. Арты фæздæгмæ кæсгæйæ, Хуыцауы зæрдæ фехсайдта, ай, дам, циу, æмæ уæларвæй бæрæггæнæг рарвыста халоны. Халон холытæ фæхæрыны йеддæмæ ницы базыдта æмæ фæстæмæ стахт, загъта, судзынц, зæгъы, фаджыстæ. Хуыцау та, халоныл йæ зæрдæ фехсайгæйæ, рарвыста зæрватыччы. Зæрватыкк æртахт æмæ бафарста бонджын лæджы, цæмæн, дам, дæ бынтыл арт бандзæрстай. Лæг ын радзырдта йæ хабар. Стæй зæрватыкк стахт æмæ лæджы ныхæстæ Хуыцауæн ракодта. Куы йын радзырдта, уæд зæрватыккæн бафæдзæхста, фæстæмæ та уыцы бонджын лæгмæ куыд атæха æмæ йын йæ номæй куыд зæгъа:

– Авд фырты дын райгуыра æви дын иу фырт раттон?

Зæрватыкк æртахт бонджын лæгмæ æмæ йын ныстуан радзырдта. Лæг дзы ракуырдта иу фырт.

Уайтагъд ын фырт райгуырд. Лæппу мæймæ фат æмæ æрдынæй хъазынхъом фæцис.

Иу мæйы фæстæ иу къулбадæг ус дыууæ дурыны дзаг дон фæцæйхаста, лæппу йын сæ фатæй бахста æмæ йын йæ дурынтæ нысаста. Къулбадæг ус ын алывыд фæдзырдта æмæ лæппуйæн бауайдзæф кодта, кæд, дам, ахæм гуырд дæ, уæд, дам, дæ авд æфсымæры туг райс. Лæппу фенкъард æмæ æнкъардæй бацыд йæ мад æмæ йæ фыдмæ,

скуыдта æмæ сæ бафарста, мæ авд æфсымæры, дам, цы фесты æмæ мæ туг чи дары, гъе уый мын тагъд зæгъут. Мад æмæ фыдæн хъыг куыд нæ уыдаид, æмæ йын нæ хъæр кодтой, фæлæ лæппу уæддæр нал ныллæууыдис, йæ фыдæн загъта:

– Кæд дын бæх ис, уæд мын æй куыд раттай, афтæ, æмæ æз ме ‘фсымæрты агурæг цæуын, æндæр хос нæй.

Фыд ын загъта:

– Хуыцау ын ма ныббарæд, дæуæн уыцы хабар чи схъæр кодта, ныр, иугæр кæм нал лæууыс, уым дæлæ скъæты Борæты хорæй хаст бæх, йæ дуарыл къæй фæлдæхт æмæ, кæд къæй раппарын бафæраздзынæ, уæд æй ралас, фæлæ уыцы къæйæн дыууадæс лæджы куы ницы фæразынц, уæд æй ды куыд раппардзынæ?

Лæппу загъта:

– Къæй мæхи бар фæуæд.

Ныццыд, къæй иу къæмы хуызæн райста æмæ йæ фæсфæд æрæвæрдта, бацыд скъæтмæ, бæх фаджысы йæ дыууæ хъусы онг сагъдæй лæууыд, лæппу йæ йæ дыууæ хъусæй фелвæста, æддæмæ йæ раласта, донмæ йæ нылласта æмæ йæ уым хорз ныссыгъдæг кодта. Йæ фыдæй æркуырдта саргъ, гæрзтæ, кæд, дам, сты, уæд мын сæ куыд раттай, [афтæ].

Фыд загъта, куыд, дам, не сты, – уæртæ уаты къулыл хæстмондагæй, дам, цъæх арт куы уадзынц.

Фырт бæх ацæттæ кодта, уатмæ бацыд æмæ гæрзтæ йæ уælæ бабаста, мадæн загъта, хæрынæн æххуыс, хæссынæн рæуæг чи уа, ахæм хæринаг мын сараз фæндагмæ. Мад ын ацæттæ кодта.

Лæппу араст ис уæйыгмæ. Фæндагыл йæ хомæ бафысым кодта. Хо лæппуйæн æгас цу загъта, нæ зонгæйæ. Лæппу йын раарфæ кодта, хорз, дам, цæрай, мæ хо, æз, дам, де ‘фсымæр дæн. Ус скуыдта, цæмæн, дам мæ хъазыс, ме ‘фсымæрты мын Хуыцау куы айста. Иу ма мын ис, æмæ уымæн нырма йæ хъуымыз йæ донгомтæй куы кæлы. Стæй йын лæппу йæхи хуыздæр бацамыдта. Хойы бауырныдта, фæцин ыл кодта æмæ та ацы æфсымæрæн дæр лæгъстæ байдыдта, цæмæй ма ацæуа. Лæппу загъта, нæ дам, ныллæудзынæн, ма мын тæрс. Йæ хо йын загъта, уæдæ, дам, кæд гæнæн нал ис, æнæ цæугæ нæй, уæд иу ранмæ бацæудзынæ, ис дзы æхсыры цад. Цады-иу къус ныззил, æмæ дзы кæд æхсыр сзына, уæд-иу ацу, кæд та дзы туг схъара, гъе уæд та фæстæмæ раздæх.

Лæппу афтæ бакодта, æмæ дзы æхсыр разындис. Лæппу араст ис,

бирæ фæцыд æмæ иу ран, йе ‘фсымæрты йын цы уæйыг бахордта, уый рæгъаугæстæм бафтыд æмæ фосгæс фыййаумæ бафысым кодта. Фыййауæн загъта, кусарт ын куыд акæна. Фыййау ын загъта, махæн, дам, Хуыцауæй ард ис, уазæг кусæрттаг йæхæдæг куыд равзара æмæ куыд аргæвда, æмæ, уазæгæн йæхи хъару циу, уый кæнæд.

Лæппу рæгъауыл азылдис æмæ, йæ зæрдæмæ цы кусарт бацыд, ахæм аргæвста, æмæ бахордтой.

Æхсæв уым фæцис æмæ йæ райсомы араст ис уæйыджы хæдзармæ. Бирæ та фæцыд æмæ, уæйыджы хæдзармæ куы бахæццæ, уæд та уæладзыджы чызг уыцы ælхуыйæ æмæ уыцы уæдæрттимæ ælвыста. Чызг та йæ мадмæ базгъордта æмæ йæм дзуры, дæлæ иу барæг æрбацæуы, зæгъгæ, йæ бæх – хъæмпы рагъы йас, йæхæдæг та – цъынайы йас лæг.

Мад æм дзуры:

– Кæс æм, æмæ кæд донæн йæ ивæн агура, уæд та нæ лæгæн аходæнæн бæздзæнис.

Лæппу айтæ-уыйтæ нал фæкодта, æмæ донæн йæ малдæры, бæх ныццæфтæгæнгæйæ, доны ацы фарс фæцис. Чызг та йæ ælхуый барæй æрæппæрста æмæ лæппумæ дзуры, уазæг, аипп ма уæд, фæлæ, дам, мын ме ‘лхуый куы сдæттис.

Лæппу ælхуыйæн йæ къæдзилыл фæхæст ис æмæ йæм æй иу къæмы хуызæн сæппæрста. Стæй чызг уазæджы цæхæрадонмæ арвыста, йæхæдæг йæ мадæн радзырдта, донæн йæ арфдæры кæй æрбацыд æмæ йæм ælхуый иу къæмы хуызæн куыд сæппæрста.

Уæйыг цуаны уыдис, æмæ уазæгæн хæринаг лæвæрдтой æрæгмæ. Лæппу иу фæткъуы бæлас стыдта, йæ хилтæ бынмæ, йæ уидаг та йын хæрдмæ йæ разы æрæвæрдта æмæ фæткъуытæ хордта.

Уæйыг æрцыд, æрхаста йемæ саджы мард æмæ къала бæлас. Саджы мард сфыхтой, æрбадтысты хæрынмæ, хæрынц æмæ стджытæ æмæ æвзæрдæр хæйттæ лæппуйы раз æрæвæрдтой. Лæппу хæйтты йæхимæ райста, махмæ, дам, уазæгæн ахæм хæйттæ куы нæ фæдæттынц, афтæмæй дзæбæхтæ йæхицæн æрæвæрдта, æвзæртæ та уæйыгæн æмæ йæ бинонтæн, æмæ сæ бахордтой.

Æхсæвæры фæстæ уæйыг йæ усæн загъта, уазæгæн, дам, уат кæм бакæнæм. Ус – далæ, дам, хæрæджы кæвдæсы, æндæр кæм, æмæ йæ уым бахæрдзынæ.

Уат ын уым бакодтой. Лæппу, хабар æмбаргæйæ, ацыд, йæхи доны ауагъта æмæ дзы йæхи хуызæн дур схаста æмæ йæ хæрæджы кæвдæсы

сæвæрдта, йæхæдæг бамбæхст. Йæ райсомы та уæйыг цуаны цыд, йæ усæй æркуырдта аходæн, ус ын загъта, далæ, дам, цу æмæ уыцы хæххон дзиглойы ахæр. Уæйыг кæвдæсмæ ныууад æмæ, кæвдæсмæ куыд фæгуыбыр кодта, афтæ фæсдуарæй лæппу æрбатæррætт кодта, йæ æхсæз сæры йын кардæй акъуырдта, йæ æвдæм сæр ма йын ныуу-агъта, æмæ йын лæппу дзуры, тагъд, дам, мын зæгъ, мæ авд æфсымæры кæм сты, гъе уый, кæннод дын дæ æвдæм сæр дæр ахауын кæндзынæн.

Уæйыг балæгъстæ кодта, ма, дам мæ амар, дæ авд æфсымæры – мæнæ мæ кæстæр къухы. Хуыцау ын ма уæд, дæуæн мæн чи бацамыдта!

Лæппу йын йæ кæстæр къух ралыг кодта, æмæ лæппуйы авд æфсымæры уырдыгæй рабырыдысты, фæлæ уæддæр уæйыджы амард-та йæ тугмæ. Бацыд ус æмæ чызгмæ, загъта сын, зæгъут, дам, мын тагъд, цы хæзна уæм ис, уый, кæннод сымах дæр æргæвдын. Ус ын бацамыдта иу гæрзын бæндæн:

– Бæндæны нæ ис, нæ бон куы сбæттай, уæд дын хъæмпы уæз дæр нæ кæндзысты, ноджы нæм ис иу æрчъиаджы султъы, æмæ йæ цыдæриддæр къæдзæхыл аваерай, кæнæ сау тархъæдыл, уый дын айнæджы хуызæн фæндаг фестдзæн.

Лæппу йæ авд æфсымæры ракодта, уæйыджы хæзнатæ æд гæрзын бæндæн æмæ султъы рахаста, рæгъæуттыл йæ фæндаг акодта æмæ йын йæ рæгъæуттæ дæр ратардта.

Æрдæгвæндагыл æфсымæртæм лæппуйы сусæгæй уыдис тæрхон æмæ загътой: «Мах, авд уæвгæйæ, ацы лæппу фервæзын кодта æмæ нын аипп у, адæм уый куы фехъусой, уæд, æмæ йæ куы фесафиккам, уæд хуыздæр уаид, адæм зæгъиккой, ацы рæгъæуттæ æмæ хæзнатæ нæхи ард сты, лæппуйы та сæфтыл банымаиккой».

Лæппу ма цыдæр хъуыддагæн фæсте аззадис, йе ‘рбацыдмæ стыр уæрм скъахтой, нымæт ыл байтыдтой, фæткъуытæ йыл æрæвæрдтой.

Лæппу куы ‘рбахæццæ, уæд нымæтмæ бауад æмæ уæрмы ныххаудта. Уæрмæй ма сæм сдзырдта:

– Хуыцауы хатыræй, дам ма мын бæх мæ уæлхъус уæддæр бабæттут, уый мæлæт дæр, дам, мæ разы куыд æрцæуа, аннæ хæзнатæ æмæ рæгъæуттæ уын амæттаг фæуæнт.

Æфсымæртæ ма дзы уыцы хатыр фæкодтой, бæх ын йæ уæрмы уæлхъус бабастой, сæхуыдтæг æд рæгъæуттæ æмæ хæзнатæ афардæг сты хъæлдзæгæй.

Бæхы рæзты иу рувас æрбацæйуадис. Бæх рувасæн балæгъстæ кодта,

мæнæ, дам, ацы уæрммæ бынмæ фæндаг никъкъах, æмæ дын мæ агъды фарсæй иу комдзаг аваерон. Рувас дзы иу дзæвгар акъахта, æрбауад бæхмæ йæ агъды фыдæй йын иу комдзаг ахæрынмæ, бæх æй зæвæтæй ариуыгъта, æмæ рувас уым фæмард. Уалынджы æрбазынд бирæгъ – бæх бирæгъæн дæр афтæ. Бирæгъ хорз акъахта, лæппуйæн йæ сæр сзындис. Бирæгъ бæхмæ бауад, дæ агъды фыдæй, дам, мын авæр, дзырд цæуыл уыдыстæм, уый. Бæх зæвæтæй ариуыгъта, æмæ йын йæ сæрымагъз зæхмæ акалдта. Бæх лæппумæ йæ уидон ауагъта æмæ йæ сласта.

Лæппу йæ бæхыл абадтис, бæх та ахæм бæх уыдис, æмæ авд бонцауы иу бон уадис, æмæ сæ æрбайфæта. Бафарста йæ авд æфсымæры, цæмæн, дам, афтæ бакодтат, æвзæрæй уын куы ницы ракодтон. Цæй, ныр уал уын хатыр фæуæд.

Ærбахæццæ сты сæ мад æмæ сæ фыдмæ. Мад æмæ фыд сыл хорз куыд нæ фæцинтæ кодтаиккой æмæ хорз куывд дæр скодтой, адæм дæр фæцин кодтой лæппутыл.

Бинонтæ æрсабыр сты. Лæппу йæ мад æмæ йæ фыдæн радзырдта йе ‘фсымæрты цур, Хуыцау, дам, ме ‘вдисæн, æз, дам, мæ удыл нæ бацауæрдгæйæ, ахæм фыдæбон федтон, цæмæй ме ‘фсымæрты ферваезын кæнон æмæ мæ мад æмæ мæ фыды зæрдæ барухс кæнон, æмæ, кæд ма аххос истæмæй уыдис, уæд ацы фæттæ уæлæмæ авдæй ссæуæнт, дæлæмæ та – иуæй, æмæ мæ уæд Хуыцау авд дæлзæххы фæкæнæд, дыккаг фехстæн та уæлæмæ иуæй ссæуæд, æмæ, кæд дæлæмæ авдæй æрцæуа, уæд та мæ авд æфсымæры авд дæлзæххы фæуæнт.

Лæппу йæ мад, фыд æмæ æфсымæрты раз фат суагъта, æмæ фæстæмæ авдæй æрцыд. Дыккаг хатт та уæлæмæ авд фаты суагъта, æмæ авд дæр фæстæмæ æрцыдысты, афтæмæй авд æфсымæры авд дæлзæххы фестадысты.

Уыдон фесæфты фæстæ лæппу йæ мад æмæ йæ фыдимæ дзæбæхæй фæцардысты уæйыджы рæгъæуттæй æмæ хæзнатæй.

ЦИГСИИ-йы наукон архив,
фонд 18 (12-14), папкæ 11, сыф 12-17,
радзырдта йæ Байаты С. (70 азы)
1922 азы 5 августы Дзæуджыхъæуы.
Ныффыста йæ Томайты К.

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

НОГБОНЫ КУЫВД

Уæ, æмбал кæмæн нæй æмæ æмбал кæмæн нæ фæтчы, уыцы Иунæг кадджын Стыр Хуыцау! Табу Дын! Табу Де сконд зæдтæ-дауджытæн, дзуæрттæ- бардуæгтæ æмæ пехуымпартæн, Де сфæлдыст хорз адæм æмæ рухс Дунейæн!

Ног азы бæрзонд къæсæр у, æмæ нæм фарнхæссæг æмæ бæркадармæй куыд æрфысым кæна, уыцы ахъаз нын бакæн!

Зæронд аз йæ бæрæг фæндагыл фæндараст уæд! Тæхудиагæй, бæлиццагæй йын цы нæ бантыст царды рауадзын, уыдон Ног азы быгъдуан бакæнæд. Йæ сон-йæ рынтæ та йемæ ахæссæд æмæ сæ æвæдæй фесафæд!

О Хуыцау!

Нæ куывд, нæ ныхас, нæ кувинæгтæ, нæ нывæндтæ-мысайнæгтæ нын кадджын-дзаджджынæн айс, хъабыл-бæрсткуывд-иу куыд уæм афæдз- афæдзы дæргъы дæр, уыцы амонд нын саккаг кæн!

О Хуыцау!

Нæ дзæнæты бадинаг домбай фыдæлты ном бæрзонд хæссын куыд фæразæм, нæ алы æгъдау æмæ сæ нæ алы бæрджытæ-æууæлтæй æндæр адæмты цæсты куыд не 'фтауæм, уыцы ныфс æмæ нын хъару дæр ратт!

Уæдæ нæ алыварс цæрæг адæмтимæ дæр фидыдæй, иу иннæйы 'мбаргæйæ куыд цæрæм, кæрæдзи хъыгтыл хъынцъымгæнгæйæ æмæ кæрæдзи цинтыл райгæйæ, уыцы хорзы дæр нын бацу!

О Хуыцау!

Тыхст æмæ уырыд у абон Де сфæлдыст зæххон дуне, æмæ нæ ныры дуджы сон æмæ рынæй бахиз, æхцонæй куыд сулæфæм, уыцы амонд нæ уæд тарæрфыг Рыныбардуагæй Дæ фæрцы! Ирыстон куывддон уæд, Дæуæн, Æппæтхъомысджын Хуыцау, табугæнæг!

О, Хуыцауы фыццаг минæвар, Йæ нымаддæр дзуар – цæхæрцæст æмæ къæрцхъус сызгъæринкъабаз Уастырджи!

Табу дын!

Зæххон адæмы номæй дын Хуыцауы цурмæ уæрæх фæндаг ис, æмæ нын Дзы ракур рæствæндаджы амонд, нæ хор æмæ фосы бæркад,



дунейы сабырад, фæндаггонæй, хæдзаронæй дæ хорзæхтæй хъулон хайджын куыд уæм, бары бæлццонæй дæр æмæ æнæбары бæлццонæй дæр æгас хæдзар дзагармæй куыд арой, уыцы дзæбæхты нын цу!

Ног азы рухс бон куыд дæргъвæтиндæр кæны, афтæ даргъдæр кæнæд нæ сонт кæстæрты цардамонд! Æцæг лæгтæгæнæг сæ басгуых, тыхы сæр сæ макуы бахъæуæд, амонджын, фадатджын æмæ фæрнджынæй цардбарæг уæнт, кæддæриддæр уæлахиздзау— сæ алы табуйаг хъуыддаджы дæр! Фыдгулы фæндиаг макуы уæнт!

Хистæрты æцæг Уастырджи! Ног азы фæндæгтæ хæрзты 'рдæм æхсæдæг æмæ лæгъзгæнæг фест, чи нæ цæмæ тæхуды кæны, уый йæхи цæстæй уынæд, йæ хæлар адæм та-иу дзы æвдисæнтæ куыд уой.

Нæ ног чындзытæ-иу лæппугуыбын уæнт, бинонты кæрæдзиуыл æнувыдгæнæг, сыхбæстæ кæрæдзиуыл бæттæг, хъæубæстæ лымæнгæнæг æгъдау æмæ ирон æфсармы дæлбарæй!

Йе сызгъæринфæлыст Уастырджи!

Æргом, æввахс зæд дæ æмæ нын Ног азы æргом хæрзты цæуæг фæу! Кæстæргур, лæгагур куыд никуы фæцæуа Ирыстон, уыцы стыр

амондæй дæр хайджын уæд!

Нæ мыст æмæ нæ нæ бирæгъы хай дæр сæфт ма уæд!

Уæдæ нæ кæмæн куыд у йæ зонды уаг, йæ зæрдæйы ахаст у, ахæм царды бахауæд!

Цытджын æмæ кадджын Хуыцау! Уæдæ Де сконд, Дæ минæвар зæдтæ æмæ дауджытæй, дзуæрттæ æмæ бардуæгтæй номæй-номмæ кæй не 'рымысыдыстæм, уыдонæн дæр сæрныллæгæй табу кæнæм, æмæ сæ кæмæн цы амонд, цы хорзæх бакодтай йæ бæрны, Стыр Хуыцау, уый сæ ма фæстауæрц кæнæд æмæ нын дзы нардхайгæнæг уæд!

Цæстуарзон æмæ зæрдæпарахатæй!

Фыдбылызтæ дардгæнæг-сафæг æмæ цардамæндтæ хæстæггæнæгуарæг чи у, уый хорзæх дæр нæ æййафæд!

Хор-Уацилла! Нæ тыллæг – бæркадджын, зæрдæрухс, æнæнизæй цинты кувинаг æмæ хæринаг!

Фос-Фæлвæра! Нæ фос – дæ нывонд, бæрæгбон, цинæвдылд равджы-иу нын амонджын хъуыддæгты кусæрттæн бахъæуæнт!

Хорæфсæст æмæ фосæфсæст куыд уæм нæхи хидвæллойæ, уыцы ахъазгæнæг ут!

Адæмы иугæнæг Дунесфæлдисæг, Дунедарæг æмæ Дунеуромæг Хуыцау!

Дæ фæрцы, Дæ фæндæй нын æнтысæд Цæгатæй-Хуссарæй, Скæсæнæй-Ныгуылынæй иудзинады фæтк нæ фарны хабæртты!

Уæ Хуыцау!

Кæстæр арæх æмæ хистæр буцæй уæд йæ бындур нæ иузæрдион цардæн! Нæ фæсивæд сæ рæстзонд хистæрты фæндиагæй цардæвзарæнты хауæнт, фыдæвзарæнтæй та хызт уæнт сæ тъымы-тъыматæм!

Урс дзыхæй кувæджы хорзæхджын нæ кæн. Сау дзыхæй лæгъстæгæнæджы хъæлæс Дæм йæхицæй дарддæр ма хæццæ кæнæд!

Оммензæгъджыты хорзæх! Омменгæнджытæ – Дæ фæдзæхст!

Хъабыл, бæрсткуывд у, Ирыстон!

Ног азы амæндтæ æмæ хæрзтæй рæвдыд у, зæрдæрухс, ныфсвидар, цардмæ хъомысджын, Хуыцауæн зæрдиагæй табугæнæг.

Ног азы ныл зæрдæхъæлдзæг æмæ æдыхстæй цæуæнт нæ алы бæрæгбæттæ, кæмдæриддæр стæм, уым!

Бирæ куывдæн дæр – бирæ хæрзтæ!

Оммен, Хуыцау!

Кувæг лæг ГУСАЛТЫ Барис

НОГБОН – АФÆДЗЫ СÆР

Арфæтæ

Уæддæр æмæ та уæддæр мæ арфæйаг ныхас зæгъон Гуытъиаты Хъазыбегæн йе ‘рдхæрæны «Ирон æмбисæндты» тыххæй: лæг сæ кæсынæй не ‘фсæды, нæй кæрон нæ фыдæлты домбай зондыл дис кæнынæн дæр.

Сыфæй-сыфмæ та йыл фæзылдтæн, арфæтыл цуангæнгæйæ. Ахæмтæ сты, ахæмтæ, æмæ сæ иу дæр фæсдуар фæуадзынæн æвгъау у. Гъемæ, уый курæг дæн, æмæ сæ-иу ма сфæлмæцут.

Æрмæст уал, иугæр Ног азы къæсæр кæм у, уым рагон Ногбоны куывд æмæ арфæтæ фæраздæр кæнон... Æмæ мæнæ уымæй райдайæм, ныры тыхст æмæ уырыд заманы æппæты ахсджиагдæрæй:

– У-у, Рыныбардуаг! Дардмæ дын кувдзыстæм, хæстæгмæ нæм ма ‘рцу!

Раст Алардыйæн табу кæнинæгау уайы, ома, дам, Аларды, дæ чъылдымæн дын кувдзыстæм, æцæг нæм де ’ргом ма раздах! Рын та ныл фæстæмæ сыстад, æмæ йæ зæронд аз йемæ куы ахæссид сæфты ранмæ!..

Ныр та рагон куывд:

– Хуыцау, мах дæр Де сконд, Де сфæлдыст адæм стæм, æмæ, Ног азы сæрæвæрæн хуыздæр арфæ кæмæн ракодтай, мах дæр, Ирыстоны дзыллæйы, уый æмбал скæн!

Ногбон æхсæв уæ кæмæ цы зæрдæ уа, уый афæдз хæссы, æмæ уæдæ зæрдæхъæлдзæг куыд уат иугуырæй дæр, уый уын нæ зæрдæ зæгъы.

Фæлæ фенджын, зонджын фыдæлæй уый дæр нæ ферох, зæгъгæ, дам:

– Ногбон æрцæуы æмæ цутæн–цины бон, иннæтæн–фыдæбон.

Ома, бæрæгбоны æгъдæуттæ кæнын уыдонмæ кæсы…

Ногбон – афæдзы сæр.

Æмæ йæ Дунедарæг, Дунескæнæг, Дунеуромæг амонджын, æдыхст, æнæнизы азы сæр фæкæнæд. Фыдбылызтæ дардгæнæг, хæрзтæ хæстæггæнæг аз!

Ирон рагзаманты арфæтæ дæр нын абонты хион сты Ног азы тæккæ къæсæрыл, æмæ не ‘ппæтыл дæр арфæйагæй цæуæнт, кæмæн цы сынкъ ис йæ зæрдæйы, цы дудгæтæ, уыдонæй æхцон æмæ æхсызгонæй куыд сулæфа-фервæза, афтæ. Се ‘взаджы хъæд дæр бирæйы аргъ у фыдæлты ныхæстæн:

Нæртон лæджы арфæ дыл сæмбæлæд!
Царды хос дын æй Хуыцау фæкæнæд!
Дурдуцæн æмæ мыстæлвынынмæ фæцæр!
Цæр, цалынмæ Хъæриуы хох тыччыйы йас нæ бауа, уæдмæ!
Æнду æмæ Госæзийы кармæ фæцæр! (Цымæ, чи уыдысты адон?..)
Дæ къахы æлгъ дæр макуыуал сриссæд!
Фæрнджын у Нарты Фæрнæгау! (Фæрнæг уыд Нарты рагфыдæл, Уæрхæгæй цыма раздæр…)
Амонд дыл ичъийау ныххæцæд!
Хъазæн æмæ уыл худæн бонтæ кæнæд!
Хъæлдзæг бæрæгбонтæ уыл цæуæд!

Ома, æз æй куыд æмбарын ацы арфæ, афтæмæй нæ алчидæр бæрæгбоныл ænæрыст-ædыхст зæрдæйæ ‘мбæлæд, мацы фыдохы цау æрцæуæд нæ царды, мацы фыдæхы æууæлтæ уæнт нæ мидæг…

О, о, цы тæхудиаг у ацы уаваер лæгæн, цы! Мæнæ уый, мæнæ:

Ænæ мастæй дон бануаз æмæ дуры сæрыл схуысс!

Мæнæ ацы дыууæ арфæйы та бынтон зæрдылдаринаг сты, уымæн æмæ нæ ферох, кæд æмæ кæмæн дзургæ сты, уый:

Зæрдырай у!

Нæлгоймаджы арфæ сылгоймагæн. Ома, уый йæ зæрдæйы бын цы гуырдз фæхъомыл кæны, уый хæрзтæй уæд зæрдæрай.

Зæрдæрухсæй фæцæр!

Уый та сылгоймаджы дзуаппон арфæ нæлгоймагæн.

Ма, дам, æрхау – дæ бæсты, дам, саг фæкæлæд. *Ноджы, дам,* ***ирон лæгæн афтæ куы рaарфæ кæнай, хидыл цу, зæгъгæ, уæд, дам, доны гуылфæнтыл фæраст вæйы.***

Ацы арфæ та, æвæццæгæн, йæ тæккæ цардбарæг лæппулæгмæ тынгдæр хауы:

Фидар лæуу! Нæ фыдæлтæ-иу стæгастæй хъæрзгæ нæ кодтой, сау фыды цæф та-иу хъæр нæ кодтой.

Йæ-х-х! Ацы Гæбæл та, цымæ, чи уыд:

Дæхи Гæбæлы гæрзгæнæг ма кæ!

Уæдæ нæ афтæ дæр макуы мачи зæгъæд æфхæрды хуызы:

Нæдæр куывд кæныс, нæ хонгæ кæныс, нæ фæдисы цæуыс!

Фæлæ уæддæр *«****Тыхфæлварæн макуыуал скæнæм, цардфæлварæн скæнæм!»***

Ног азы дæр æмæ кæддæриддæр нæ бон мæнæ ацы арфæ æххæст

кæнын куыд уа, уый нын Хуыцауы цæст бауарзæд:

Нæртон фысымау тынгæрфыг у!

Ома, не ‘фсинтæй мæнæ ахæм рæдау сылыстæгтæ рауайæд, сæ уазæг-иу æрфыгнад ма уæд:

Сатана – Нарты цæугæ фынг æмæ кæлгæ нуазæн.

Гъемæ:

Дзагарм у!

Цы диссаджы арфæтæ ма мæ баззад уæддæр иуварс. Иу ма мын бантыст æрхæссын:

Ирон æфсарм Хуыцау макуы байсысын кæнæд!

Æмæ:

Нæ сæр æнæ къах ма уæд, нæ къах та – æнæ сæр!

Фæстаджы куывд Хъазыбеджы чиныгæй:

Хуыцау! Ратт нын Сидæмоны кад, Цæразоны амонд æмæ Æгъуызы æхсар!

Нæхи уæдæ æнæфсис цæсты фæндиаг куыд никуы фæкæнæм æмæ та Уастырджи ногæй афтæ сомы кæнын куыд райдайа, уыцы хорзæх дæр нæ уæд:

Лæджыстæн!

ЕГАР

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

УÆ БАСЫЛЫ КЪУХ МÆН ФÆУА!

ХÆДЗАРОНТÆ

Хæдзаронтæ, хæдзаронтæ,
Уæ райсомтæ хорз уа!
Уæ алы аз уыл ægасæй цæуа!
Уæ сæдæ фидæны хорзæй фенат!
Уæ лæг саг амара!
Уæ ус тырын ныййара!
Уæ фос цот ракæной!
Уæ хуымтæ æфсир æфтауой!
Уе ’фсин басыл скæна!
Уæ басылы къух мæн фæуа!



ХОЗИТЫ Макар

ХЪЫЗТ КÆНЫ ДЗÆНГÆЛТÆ

Хъызт кæны дзæнгæлтæ
’Хсаргардау сæумæ.
Уазалы мæ къæхтæ
Нал хъусынц мæнмæ.
Митæй хъустæ ’ууæрдын,
Арв сæгъдзæстау – цъæх.
Шиферты кæрæттыл
Их-джебогътæ – рæгъ.
Салд уæлдæфы култæй
Тохына цымы.
Мах дадайау лулæ
Уæлхæдзар дымы.

Не стыр Мила хъызтæй
Ыскъæты нымбæхст.
С’ астæуы нæ фыстæн
Цæу дæркъау ныллæст.
Иугай къæхтыл кæрты
Бабызтæ лæууынц.
Базырбын – сæ сæртæ,
Урс фынтæ уынынц.
Терк ныссалд, ныйих и
Зинæлгъыстау раст.
Здухы хъызт йæ рихи,
Алкæмæ – ныфсхаст.

СОТТИТЫ Риммæ

ИХЫН АРГЪАУ

Их дыргъдоны их бæлæстæ
Их дидин æфтауынц.
Их мæлхъытæ дзы æфсæстæй
Ихын зарæг зарынц.

Их лыстæг æндæхтæй их тын
Ихын уафæг уафы,
Ихын къахвæндæгты ихыл
Диссаджы сырд кафы.

Их зынаргъ цырæгътæ судзынц
Ихæй конд хæдзæртты.

Ихын Дада хойы рудзынг:
– Ихæй уын læвæрттæ!

Фæлæ уалынджы зæрин хур
Хъарм цæстæй æркасти,
Æмæ их паддзахы их худ
Й' астæуыл æрсасти.

Иу дыргъдоны их бæлæстæн
Хур ныккодта хъарм ба,
Æмæ ихæй конд тынуафæг
Нал бахуыдта къаба.

ЦЪЕНГÆ БЫРÆНЫ

Дзоныгътæ раласут –
Зымæг æрцыд!
Бæлæстыл – акæсут –
Халас фæзынд.

Урс-урсид адардта
Алы ран хъæу.
Къуыбырæй адагмæ –
Цъенгæ быræн.

Райсомæй- изæрмæ
Уырдæм тындзынц
Сабитæ, цингæнгæ,
Æмæ бырынц.

Уадултæ ссырх вæййынц –
Уазал кæм ис?!
Дзоныгъты чырæйыл –
Мадæлты дис.

Дзабырбос райхæлы,
Асхъиуы худ,
Æмæ та айзæлы
Сабиты худт.

Нæй сын фæллайæн дæр –
Ацы хъызт дуг
Ихы цъæх айдæн у
Сабиты хур.

ТОХСЫРТЫ Къоста

АМОНДЫ ФÆРДЫГ

Ног аз у, Нæуæгбон,
Чи йæм хæссы фау?
Дунейы бæрæгбон
Разынди рæдау.
Алкæмæн æрхаста
Амонды фæрдыг.
Бираæ нæуæг азты
Мах куыд уæм фæрныг.
Боны рухсы уардыл
Рабадти нана.
Тауы хор нæ уаты,
Уалдзæг у цыма.
Бакувы Хуыцаумæ:
«Бирæ хæрзтæ ратт.
Ногбоны хуындзауæн
Махмæ уæд бынат».

Райста ныр йæ арынг,
Чъиритæ кæны.
Сой йæ къухтæй хъары,
Бинонтыл кæлы.
Хуры йас æртхурон
Махæн нæу уæлдай.
Ничи дзы у хъулон,
Н' алкæмæн дæр – хай.
Уалынмæ ыскъаппыл
Дедатæ – цæттæ .
Хъуг, рæуæд, фыркъатæ,
Боцъоджын цæутæ.
Ацы, гъдау нæ Ирæн
У бæркады хос.
Ног азы нæм бирæ
Хор уæд æмæ фос.

НОГБОНЫ ЗАЗТÆ

Абон нæ хæдзæртты –
Ногбоны зазтæ.
Иууыл цъæх хæдæтты
Пумпуси назтæ.
Хихты тæф адджынæй
Алкæм æнхъæвзы.
Кадджын 'мæ радджынæй
Ног аз – нæ къæсы.
Абон нæ алкæмæн
Цин хæссынц зазтæ.
Цæй уæдæ акæнæм
Худгæ 'мæ хъазгæ.

Саухилтæ, бурхилтæ
Зазыл æртыхсынц.
Хихты цыргъ судзинтæ
Къухты фæныхсынц.
Рухсытæ – къалиутыл,
Хъазæнтæ – ауыгъд.
Талынгæй къардиутыл
Зæронд аз алыгъд.
Лидзæд йæ лыстæнмæ,
Мауал фæкæсæд.
Не 'ппæт фыдбылызтæ
Йемæ фæхæссæд.

ЦЪИУ

Ацы зымæг
У куыд тызмæг...
Цъиу цы хæра?
Ницы фынг ис,
Миты бын ис
Цъиуцæхæра.

Мигъ æфсæры,
Зæхх ысдæры.
Цъиу цы фæуа?
Ацы хъызты
Иры бæсты
Кæм фæлæууа?

Æз ын абон
Кæнын ахстон,
Цъиу кæддæра...
Ныр йæ барты
Хъарм бынаты
Уый æрцæра?



Фæлæ уайтагъд
Ардæм батахт.
Ныр цы тыхсын?
Ис дзы холлаг
Цалдæр бонваг
Æз – йæ фысым.

Махæн мæргътæ –
Хорз хæлæрттæ.
Цин – сæ хъазты.
Базон-базон,
Цаварæр афон
Уидзынц саскты.

ДЗАСОХТЫ Музафер

НОГ АЗ



Алы бон цæут æгас,
Митын Дада, наз бæлас!
Ног аз нæм æрцыд уæ фæрцы
Урс-урсид бæмбæдждзын кæрцы.

Алкæмæн нæ хуын æрхаста
Аив хуыд дзæкъулы бастæй.
Кафæм, зарæм, хъуысы дард
Цины хъæр, фæндыры цагъд.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

ХЪАУЫРАТЫ (ДЗИОЙТЫ) ДАУЫР

Хъауыраты Дауыр (Дзиойты Дауырбег) райгуырд 1942 азы Заманхъулы. Астæуккаг скъолайы фæстæ куыста районы газет «Размæ»-йы къамисæг-уацхæссæгæй. Æвдыста дзы Ирыстоны сфæлдыстадон интеллигенци æмæ хъæуы цæрджыты фæллойадон сгуыхтытæ.

Фæсаууонмæ каст фæцис Мæскуыйы Горькийы номыл Литературон институт. Йæ уацмыстæ мыхуыры цыдысты республикон газеттæ æмæ журналты. Ссис Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы уæнг.

Дауырæн йе сфæлдыстады сæйрагдæр архайджытæ сты йæ райгуырæн хъæуы цæрджытæ. Уыл бæлвырдæй дзурæг у йæ юмористон радзырды æмбырдгонд «Сырдоны фæдонтæ». Фыссæг уæлдай зæрдиагдæрæй фыста сабитæн. Йæ поэтикон æмбырдгæндтæ «Бускайы аргъау», «Цъырцъыраджы зарæг», «Цъиувæдис» æмæ æндæртæ сты аив, хъæздыг ахорæнтæй нывæзт. Чиныгкæсджыты зæрдæты гуырын кæнынц мадæлон æвзагмæ уарзондзинад.

Хъыгагæн, курдиатджын фыссæг не 'хсæнæй фæхъуыд 2020 азы октябры, фæлæ йын мыггагмæ хорз номгæнæг уыдзысты йæ чингуытæ.

ХЪАУЫРАТЫ Дауыр

ГОРÆТДЗАУ

Йæ афицер фырт æд бинонтæ уалæ горæты царди Дзаппайæн, æмæ йæ мадæн лæгъстæ кодта:

– Иунæг къуыри нæм уæдта рацу!.. Кæрты цæрджытæ мæм хæлæг кæниккой хæрзаг: тæхуды, ахæм Нана кæмæн ис...

Мадæн æхсызгон уыдысты йæ ныхæстæ, æмæ хъæбулы фæндыл сразы:

– Æрмæст – иунæг къуыри! Дæхи загъдау... Уæдмæ мæ сусхъæдбæлас дидинæг ракалдзæни... Æмæ дзы æнæхай куыд нæ фæуон!

Йæ мад Майрæмы Дзыго дæр афтæ загъта кæддæр Куындыхаты Муссæйæн:

– Муссæ, мæ хур! Æмæ мæм нæ сусхъæд бæласы тæф ардыгæй Туркмæ хæццæ кæндзæни?..

– Нæ кæндзæни...

– Уæдæ æз Туркмæ нæ лидзын...

Æмæ ныр бады Дзаппа парчы даргъ бандоныл. Йæ сау цыллæ хыз йе уæхсчытыл æрлæсыди. Йæ разы кæмæйдæр айрох йæ газет. Дзаппа йæ систа, рафæлдæхта йæ, æмæ йыл фæлгæсы. Йæ рæзты дыууæрдæм цæуынц горæты хъалтæ æмæ бадис кæнынц, «Кæс-ма, ахæм зæронд ус, æмæ ахуыргонд у... Уымæй дæр æнæ кæсæнцæстытæй...»

Иу хæрзхуызтæ ус æрбадти йæ фарсмæ. Йæ былтæ – сырх-сырхид, хъæддаг балау... Дзаппайы къухты газетмæ æрбакæсы. Æмæ та бахуды:

– Ба-бушка! О ба-бушка!

– Буска, зæгъыс, Буска, мæ къона? Æмæ Бускайы цæмæй зоныс?..

Æрыгон чызг æм æрбаздæхти. Уды къæртты хуызæн.

– Нæ мадыхай! Иннæрдæм æрзил дæ газет! Раст ыл нæ хæцыс...

– Ницы кæны... Æз афтæ дæр кæсын зонын.

Чызг бахудт æмæ ацыд.

Стæй, сæхимæ куы ’рыздæхт Дзаппа – Заманхъулмæ, уæд Бускайæн раппæлыди:

– Горæты мæ иу рæсугъд ус дæуæй фарста... Æмæ та-иу бахудт дæ коймæ...

– Омæ йæ демæ цæуылнæ рахуыдтай?.. Не ’фсин Хъæрмæдонмæ цæуы ацы бонты....

Ууыл Бускайы ус йæ мойыл сæнæууæнк и:

– Æгъа, уæдæ! Горæты дын уарзон ис, нæ? – æмæ тæргай афардæг йæ цæгатмæ...

КЪУЫЛЫХ ЧЫНДЗХÆСДЖЫТÆ

Уыцы бон Бæтæхъойыхъæуы æртæ раны уыдис чындзæхсæвтæ. Татраты Иналдыхъо дæр йæ фыртæн ус хаста цытджын Уæлгинскæйæ. Æмæ æрбамбырд кодта уый дæр йæ чындзхæсджыты. Сæ иу, къуылых Уырысби – мыггаджы хистæр. Æнæ цæугæ йын кæм уыдис чындзхæссæг! Иннæ – Сырдоны халдих Куыдзиаты Коля. Уый дæр – къуылых, хæсты сахъат. Æртыккаг къуылых дæр дзы разынд уæдæ – сæ сиахс Гугга Дауыраты...

Чындзхæсджытæ фысымты дуармæ куы ’рфистæг сты, уæд сæм адæм кæсынц æмæ худынц. Иу дзынга-лæг сæ размæ йæхи райста:

– Стæ-ма, ахъазон сæ!..

– Ма кæн, Бæтæхъойыхъæу бæллæхы адæм сты!.. Схъиуæггагæй дыл дзы ахъаззаг схъис сæмбæлдзæни...

– Хыртт дæр мын не сты, уæллæй! – йæхи фæбылысчъил кодта дзынгадзæст уæлгинскæйаг. Йæхæдæг чындзхæсджытæм дзуры:

– Уæ хорзæхæй, бæтæхъойæгтæ, уæ къуылыхтæ махмæ цы ’рбарвыстат? Кæд уын инвалидты хæдзар не стæм!..

Уæд размæ ракъахдзæф кодта Коля:

– Бахатыр кæнут, нæ фысымтæ! Æртæрдæм ацыдысты абон чындзхæссæг нæ хъæубæстæ. Къахджыны арвыстой сæрджын хъæутæм, махау къуылыхты та – сæрæй къуылыхтæм...

– Нæ дын загътам: нæхи дурæй нæ æрбахсдзысты – йæ къæбут аныхта йæ фарсмæ уыцы гуыбырфындз уæлгинскæйаг...

ИФТЫНДЗГÆ ХЪУГ

Курага бæласы зæнгмæ бастæй кæрты хуыссы нæ хъуг. Знонæй нырмæ кæрдæджы халы хъæстæ дæр нæу. Кæд бæласæй иу æнæзонд сыфтæр æрхауд, æмæ уый аууылдта. Йæ тæнтæ сыджыткъахæнтау бадзыхъхъытæ сты.

Айфыццаг фосæй туг систой, стæй нæм хæрзæггурæггаг фесты: уæ хъуг, дам, низджын разынд... Аргæвдут æй! Ууыл æй хъоммæ нал ауагътой. Æмæ нын канд хъуг уыд, æниу! Цасфæнды дæр ыл самай, йæ уæрдон, раст цыма йæ буары æмбис уыдис – никуы йæ ныууагътаид. Фос кæдæм нæ хæццæ кодтой, ахæм рæтты хызтис æмæ Джеоргуыбайы тохъхъылау снард. Æфсæстæй-иу йæ уæрдоны рæтæнæгъдты нал цыд.

Æдде нын нæ кулдуар чидæр хойы. Ракастæн, æмæ – хъæуыхицау. Йæ тызмæг æнгас мыл уæлбæхæй æрæппæрста:

– Чи ис уæхимæ?

Баба æмæ нана мæ уæлхъус алæууыдысты. Хъæуыхицау сыл къуырттон каркау йæхи сцагъта:

– Æз хатиагау нæ зонын... Иронау ма уын фæстаг хатт зæгъын: гу-у-кк! Уæ хъуг исты фæкæнут! Бирæгъты амæттаг уын æй бакæндзынæн!..

Уыцы рæстæг йæ бæх бындзытæй фæлмæцыд æмæ адæргæй йæ сæр тылдта...

– Уæллæй – афтæ! Уæртæ йæ дæ хайуан дæр амоны йæ сæры тылдæй... – хъазынмæ аздæхта баба ныхас. Хъæуыхицауæн уый фæхъыг и. Æртхъирæнтæгæнгæ уынджы фалæрдæм араст.

Æнæуый дæр уасæг æмæ гогызæй уæлдай не сты баба æмæ нана. Ницæй тыххæй дæр кæрæдзимæ фæвæййынц. Æмæ та ныр дæр кæртмæ загъдгæнгæ æрбаздæхтысты.

– Кæлæхы галау дæхи ауадз! Нæ хæдзардарæг хъуг та сæфгæ кæны...

– хæцы йæм нана.

– Цы йын акæнон, уæртæ ус, цы?

– Сифтындз æй æмæ йæ базармæ алас!

– Æмæ уæд дæу дæр базармæ аласын хъæуы... Кæннод ма ацырдæм та афтид уæрдоны кæй сифтындздзынæн?..

– Уæрдоны дæр мæ раджы сифтыгътай... Ирæй Кæсæджы 'хсæн сылтимæ куы хаттæ, уæд... – Йæ рагон тæригъæдтæ та йын хурмæ фæйлыдта нана.

Баба мæнырдæм æрбакасти:

– Лæппу, хъуджы райхал æмæ йæ базармæ ласгæ!

– Цы загътай, цы? – йæ хъуыры абадти нана. – Сывæллоны иунæгæй базармæ æрвитыс? Искуы йæ машинæ куы скъуыра, уæд та!

– Гаги – фынддæсаздзыд... Æххæст-ма йæ авдæны бабæтт! Æмæ йын йæ сыппа дæр ма ферох кæн!.. – йæ къух ауыгъта баба æмæ ныссабыр. Фæлæ æрæджиау цыдæр хинæйдзаг хъуыды йæ сæры ферттывта. Æмæ фæлмæндæр хъæлæсæй афтæ:

– Мæнæн кæнын кæнут уæдæ æппæт дæр, мæнæн... Поезды вагæттау уæ мæ фæдыл ласын... – æмæ та ныхъхъус. – Уæртæ ус! Марадз, уæдæ мын фæндаггаг æфстау ракур.

Нана æхца агурæг ацыд. Баба мæм æрбакасти:

– Мауал фæстиат кæн! Дæ мад дæ цалынмæ не 'рбаййæфта... Де 'хсæв-иу Зилгæмæ бахæсс, Фатъимæтмæ! Райсом дæм базары æнхъæлмæ кæсдзынæн...

Арыхъхъæй Беслæны стыр базармæ фистæгæй араст у, уый мæм тынг зын касти. Фæлæ уæлæмæ ницы сфæрæзтон. Нæ мады зæнæгæй цæф ничи зоны бабайæ. Йæ уайдзæф та нын-иу надæй фыддæр уыд... Æмæ хъуджы сæрбосыл ахæцыдтæн.

Æхсæвы Зилгæйы æрфысым кодтон. Райсомæй та раджы – фæндагыл. Уæлвæндагæй мæм зындис нартхоры хуым. Стæ-ма, фæстаг хатт-ма йæ, зæгъын, уæд та бафсадон! Йæхæдæг нæ мадау куы фæхаста урс æхсырæй... – Æмæ хъуджы уæгъдæй бауагътон нартхоры хуыммæ. Хоры къутуйау та рахæцыдысты йæ тæнтæ. Уæддæр-ма лæбурдтытæ кодта. Стæ, ам мæ, зæгъын, быдыргæс куы 'рбаййафа, уæд мæ мæ хъугæн йæ сæрбос дæр нал фæуыдзæн... Æмæ йыл дарддæр агъæй кодтон.

Базармæ бацæуæны мæм æнхъæлмæ касти баба. Йæ даргъ боцъотæй йæ дардмæ дæр цы базонын хъуыд. Йæ уайдзæф мæ размæ фæци:

– Нырмæ кæм уыдтæ, нырмæ? Æви Ахæр-Калакмæ адзæгъæл дæ?

Стæй сæрбос айста мæ къухтæй. Телыхъæдмæ цыбыр бабаста

хъуджы. Йæхæдæг дзуры мæнмæ:

– Хъусыс! Æртиссæдз туманæй асламдæр – нæ! Мæхæдæг дын æй куы 'лхæнон, уæддæр... – æмæ 'рбасатар.

«Уый йын цы ныхас уыди бабайæн? Мæхæдæг дын æй куы 'лхæнон, уæддæр» – хъуыдыты аныгъуылдтæн. Уæдмæ мæ уæлхъус алæууыдысты дыууæ гуыбынджын лæджы. Галифе хæлæфтæ æмæ сыл бухайраг худтæ. Сæ иу хъуджы рагъыл кæрæй-кæронмæ æрхаста йæ къух. Цыма йын йе рагъæй гæрзытæ уадзын йæ зæрды ис, уыйау... Иннæ мæм дзуры:

– Цас æй кæныс?

– Æртиссæдзы...

– «Æртиссæдзы», «Æртиссæдзы», – сфæзмыдта мæ. Баба дын нæ уæлхъус алæууыди. Цымыдис кæстытæ кæны хъугмæ. Цыма нæ дыууæйæ дæр нырма ныр федта... Йæ бæрзæйыл ын уый дæр æрхаста йæ къух. Æмæ фæрсы:

– Кæй у ацы гал?

– Гал нæу, хъуг у... – Мæ бæсты йын дзуапп радта ælхæнджытæй иу.

– Кæса-ма, ай хъуг дæр куы у æмæ – гал дæр... Æз дæр, гъе, ахæм агуырдтон! Ифтыгъдахуыр...

– Нæ фыдыхай! Ифтыгъдæй дын æхсыр нæ кæндзæни...

– Æз дæр æй уæрдоны нæ дуцдзынæн...

Æз сгуырысхо дæн: арæби, ай, зæгъын, нæхи баба у, æви – йæ халдих? Боцъоджын лæгтæ цæсгомæй кæрæдзи æнгæс вæййынц цæмæйдæр... Кæд мæ Хуыцау нæ сафы, уæд баба у... Уæртæ – йæ арыд хæдзыкъа лæдзæг, йе 'гънæгджын хæдон... Гъе, æрмæст ыл уæртæ уыцы дæрдджын хъæмпын худ нæ уыдис чысыл раздæр. Къухты йæ алхæдта, æвæццæгæн. Цыдæр джигит хуыз ын лæвæрдта.

– Æмæ уæддæр кæй гал-хъуг у? – фæрсы та баба.

– Арæби, нæхи у, нæхи! – нал æм фæлæууыдтæн æз.

– Уæхи, ай-гъай, у. Æз дæр æй давæггаг куы нæ хонын... Цас æй кæныс?

– Æртиссæдзы... – мæ мидбылты бахудтæн æз.

– Куыд нæ худай?.. Æртиссæдз туманы куы ралухай хъуджы 'рчъиагæй... Дæс æмæ дын – дыууиссæдзы... Йæ сæрбос дæр – дæхи, афтæмæй...

Æз мæ сæр банкъуысын кодтон, на-а, зæгъгæ.

– Уæдæ лæг ма фæхуыйн, æртиссæдзыл æй куы нæ ауæй кæнай! – загъта баба æмæ та йæхæдæг æрбадæлдзæх. Ælхæнджытæн цыдæр æхсызгон уыдис Бабайы ацыд. Базар кæнын та райдыдтой мемæ. Сæ

иу йæ сæрак къурткæйы дзыпмæ нывнæлдта æмæ дзы сласта æхцаты барджи... Мæ фындзы бынмæ мын сæ дары. Æхцаты æхсызгон тæф мæ фындзыл сæмбæлд:

– Фынддæс æмæ дын дыууиссæдзы! Исты ма зæгъыс?..

– Нæ, уыйас мын зæронд лæг дæр радтаид...

– Уыцы боцъойы уынгæ дæр нал фæкæндзынæ... йæ хъуына сомтимæ...

Баба нæм цыма искæцæй хъуыста – нæ уæлхъус та алæууыди:

– Хорз, уæдæ, хивæнд лæппу! Фынддæс æмæ дын – дыууиссæдзы... Гæнæн нал ис, уæд-ма дын иу агуывзæ адджын доны фаг дæр бафтаудзынæн... Ацы тæвды... – æмæ иу къухæй хъуджы сæрбосыл æрхæцыд, иннæ къухæй – йæ хæдоны дзыппы æгънæгыл. – Цæй, де 'фтиаг дын сисон?

Ныппыррыкк кæнынмæ мæ бирæ нал хъуыд. Уæдæ мын цы систаид? Кæсæнцæстыты афтид къопп йеддæмæ куы ницы уыд йæ дзыппы! Фæндаггаг дæр ын нана нæ сыхаг Дзыллæйæ куы ракуырдта æртæ сомы...

Уыцы рæстæджы ælхæнджытæй иу уæйыглæг йæ дзæккорыйас къухæй æрбавнæлдта хъуджы сæрбосмæ. Бабаимæ йæ ивазынц кæрæдзийæ.

– Цæуылнæ мæ уадзыс хъуг ælхæнын? – фæрсы баба.

– Ды ма йæ 'лхæнгæ кæныс, мах та йæ ныридæгæн ælхæнгæ бакодтам! – былысчъилæй загъта уæйыглæг, æмæ йæ дзыхæй ферттывтой йæ сызгъæрин дæндæгтæ. Стæй бабайы мæллæг къухæй ратыдта хъуджы сæрбос. Æмæ мын мæ къухты банымадта æртиссæдз сырх туманы.

– Гъе-е-й, лæппу! Æз-ма дын дæ хъугæн йæ сæрбосы аргъ дæр бафыстаин æртæ сомы! – тæргайхуызæй мæм æрбакаст баба.

– Æгъа, уæдæ! Уый та дын сæрбосы аргъ! – загъта уæйгуытæ лæг æмæ ма мæ къухы æхцаты сæрыл æрæвæрдта æртæ сомы. – Уæддæр айырдыгонау ма уа, уæллæй!

– Биллæй, афтæ! – загъта баба æмæ мæ къухты æхцатæм æрбавнæлдта.

– Æри-ма сæ ардæм! Замманай хъазтæ уæййаг и уæртæ иу кæсгонмæ. О, хæдæгай, кæд дын æххормаг дæр у?.. – Æмæ æхцаты æхсæнæй фелвæста уыцы æртæ сомы. Радта мæм сæ. Йæхæдæг адæмы 'хсæнты мæргъты базары 'рдæм атындзыдта.

УÆСЕЙЫ ЦЫРЫХЪХЪЫТÆ

Йæ зæххон сагъæстæ рухс дзæнæтыл куы баивта Уæсе, фалæсыхаг, раст уыцы бон нæ баба цæхæрадоны гыццыл бандоныл бадти æмæ нартхоры куырис æхсæста. Нана дæр йæ уæлхъус цыдæртæ æрсынмырсын кодта...

– Бирæ кусат, Хъауырбег! – Батмырзæ сæ уæлхъус алæууыди.

– Кæдмæ кусон бирæ, кæдмæ? Куы 'ргуыбыр кæнын, уæд мæ боцъотæ куырисыл куы андзæвынц... – стæй йæхиуыл схæцыд, уазæгæн йæ къух райста.

– Æмæ дын дæ цот ницы аххуыс кæнынц?..

– Цæуылнæ. Æхсæвæры уæлхъус... Мæ дзулы хъæбæртæ мын аууилынц...

– Æмæ де 'фсин та, мæнæ де 'фсин?..

– Уæллæй-биллæй, йæ хæлын кæрцмæ йын æвнæлд куы нæма уыд, уæддæр хъæрзыд æмæ ныр дæр...

Батмырзæ йæ худæг нал урæдта. Нана Гакъайы топхосау ныттæпп ласта:

– Æмæ цæхæртæ куы калдтон, цæхæртæ! Къалиуыл цыма æрзадтæн, ахæм чызг куы уыдтæн... Æмæ мæ быдыргъ куы ацарæзтай...

– Уый фыр мæстæй калдтай цæхæртæ. Æрæгмæ дæ кæй скъæфтон, уымæн... – цы дур фехста, уый йæхиуыл æрхауди нанайæн. Æмæ ныхъхъус.

– Ме 'рбацыды сæр дын зæгъон, Хъауырбег! – ныхас æндæрырдæм аздæхта Батмырзæ. – Цыртгæнæг Уæсе аивгъуыдта. Хабар дæм уыдаид.

– Æвгъау лæг уыдис, ай-гъай, рухсаг æрбауæд! Кæд-иу хæлæг нæ бакодтон, чи амардис, уымæ... Ахæм рæсугъд цырт ын-иу ацарæзта.

– Йæ фырт, дам, йæхицæй дæсныдæр у... Тыхсгæ ма кæн!..

– Агъ! – йæ къух ауыгъта баба. – Уæсе къæдзæхдуримæ ныхас кодта... Йæ фырт та гæххæтт хъулæттæ кæны кърандасæй...

– Æмæ мын Буска ныффæдзæхста, – йæ ныхас дарддæр кодта Батмырзæ. – Молло Гауыдтейы, дам, демæ ракæн! Мардыл, дам, дуа скæнын хъæуы...

– Уæ, йе 'ннæ цæст дæр куыд басохъхъыр и Бускайæн! Æнæ мæн та нал фæразы... Йæ мады фæдæгæй йын адджындæр дæн... Мæхæдæг дæр уырдæм цыдтæн фæстæдæр...

Стæй иууылдæр кæртмæ ацыдысты.

Баба æвдæдз иста – пысылмон æгъдаумæ гæсгæ моллойæн куыд

æмбæлы, афтæ. Нана йæ уæлхъус æрлæууыди, хъуывгъан – йæ къухы, хисæрфæн – йе уæхскыл. Ныхасæппарæн кæнынц кæрæдзимæ:

– Æниу мын кæм смолло дæ? Афтæ дæхицæй айхъуысын кодтай, æндæр...

– Уæлæ дæ фыдыфсымæртæ хадзытæ кæм систы, æз дæр – гъе уым.

– Уыдон Мæккæмæ ацыдысты. Чабæмæ…

– Тæригъæдджын уыдысты æмæ ацыдысты. Сæ тæригъæдтæ сыгъдæг кæнынмæ. Æз та тæригъæдджын ницæмæй дæн.

– Мæнæй дæр нæ дæ тæригъæдджын? Кæсгон ус мын куы 'рхастай...

– Аллаху акбар... – загъта баба. Стæй скодта йæ уæлæ дарæстæ æмæ Батмырзæимæ зианджынтæм араст сты.

– Къæдзæхдуры-иу уд бауагътай... Гъеныр дур дæ нывæрзæн уыдзæн, дур – дæ уæлæ!.. – дзырдта баба зианы уæлхъус. Стæй дыккаг молло Буска дæр йæ фарсмæ æрбалæууыд æмæ араппагау Хъуыраны ныхæстæ фæзмыдтой – цыдæртæ дыгъал-мыгъул кодтой.

– Лйа-иллйаху-иллйалаху... – уæллаг уынгæй дæр ма хъуысти сæ хъæлæс марды фæстæ.

Ууыл иуцасдæр рауадаид, афтæ нын нæ кулдуар чидæр хойы. Ракастæн, æмæ – дыууæ сылгоймаджы. Сæ иуы къухы тæбæгъ урс-урсид цикъæйы тыхтæй, иннæйы къухы – хызын. Æрттиваг сæрак цырыхъхъытæ зындысты йæ хуылфæй... Рацæй-рабон, æмæ зианы кæндæй моллойæн – хуын. Дуагæнæггаг, дам. Æз сын сæ хызын райстон æмæ мидæмæ æрбахызтæн. Кæрты мæ баба æрурæдта. Хызынмæ ныккаст цырыхъхъытæм æмæ загъта:

– Рухсаг уæд Уæсе! Йæ номыл сæ фæдардзынæн... Стæй йæ къух йæ дзыхыл авæрдта æмæ мæм æрбакасти: – Хъусыс, дæ мадæн мацы ской кæн! Марды дзаумайæ тæрсгæ кæны... Æмæ та мын уый хъæрмæ чи хъусдзæни... – йæхæдæг цырыхъхъытæ айста æмæ цæхæрадоны ´рдæм араст.

Уый фæстæ бон нæ дуармæ сырх автобус æрлæууыди. Горæтæй æрвыст лæг дзы рахызт – цæргæсы бырынкъау йæ фындз гуыбыр. Бабаимæ кæрæдзиуыл бацин кодтой, стæй йæ афарста уазæг:

– Цæй, куыд, Хъауырбег, цæттæ стут?

– Уæлæ уал Агуыбечырмæ суай! Уый дуармæ бамбырд сты афонмæ иннæтæ дæр! Æз ма цухъхъа ацамал кæнон...

– Æмæ дæхицæн нæй?

– Йæ фыдæлты йын кулак куы скодтой, уæд сæ сæ цухъхъаты аха-

стой Сыбырмæ. Æмæ сын уым баззадысты... – мæ дзæгъæл пъири нал фæлæууыди.

– Къулбадæг ныхæстæ ма кæн! – тызмæгæй мæм æрбакаст баба. – Фæлтау ныууай далæ Тæккамæ. Цухъхъа дзы сдав, стæй хъама! Худ æмæ цырыхъхъытæ ис мæхимæ.

Æз Тæккатæм балæууыдтæн. Æмæ сæм тагъд-тагъд мидæмæ дзурын:

– Тæкка! Уæ Тæкка!

– Уыдтæн Тæкка! Ныр та – Бæкка... Æхсæв-бонмæ хъуыххуытт кæнын... – хуыфгæ-хуыфын мæм рацыд Тæкка. – Цы хабар у?

– Баба мæ цухъхъамæ æрæрвыста... Стæй, дам, дæ хъама! Худ æмæ цырыхъхъытæ ныр ис йæхимæ...

– Фæхъæздыг кæны уæдæ дæ фыд... – загъта Тæкка æмæ мидæмæ бараст. Рахаста цухъхъа æмæ хъама. Дæтты мæм сæ:

– Уæллæй, Хъауыры фырт, дæ фыды дын мæ цухъхъа слæг кодта.

Æз сæ райстон æмæ уæлæ фæлидзын. Фæстæмæ ма радзурын Тæккамæ:

– Æмæ дын уæд дæхи куыд не слæг кодта?

– Кæс-ма ацы хомбырынкъмæ! Ардæм та дæ хъæуы, ма тæрс! Æмæ дын æз уæд дæ «къалиу» дæ къухы авæрдзынæн... – мæ фæдыл худти Тæкка.

Цухъхъа – мæ дæларм. Хъама – мæ къухы, æмæ дзы æвзидын. Тлаттаты Чермен æркастæн иу уысм мæхимæ. Фæзмын ын йæ ныхæстæ: «Мæнæн фыд нæй! Нæй, нæй!..»

Сыхаг Уæздинцæ мыл амбæлди – пумпуси ус...

– Фыд дын куыд нæй? Уæдæ Гауыдте кæй фыд у?..

Æз фефсæрмы дæн. Æмæ нæхимæ ратындзыдтон. Баба дæр цæхæрадонæй æрбахызти кæртмæ. Йæ къухы Уæсейы сæрак цырыхъхъытæ. Йæ зæрды сæ абон скæнын уыдис йæ къæхтыл. Фæлæ сæ хæдзары хызынæй куы систа, уæд сæ хуылфытæй мыстытæ агæппытæ ластой æмæ пъолы хуынчъыты афардæг сты... Хъуырна гæды та сынтæджы фынæй кодта. Цырыхъхъытæй иуы фындз разынди мысты æхсыд. Баба сагъдауæй баззад. Æрæджиау загъта:

– Ныууай фæстæмæ Тæккамæ! Гæнæн нал ис. Æмæ йын йæ цырыхъхъытæ дæр сдав!

Æз та Тæккамæ балæууыдтæн:

– Тæкка! Уæ Бæкка! – мæ дзыхæй рæдыд ныхас сирвæзт.

– Дæ мæрдтæ куыд бахордтой дæ бæкка! Цы ма зæгъыс? – ракасти

дуарæй Тæкка. – Куы та æрхæццæ дæ...

– Цырыхъхъытæ дæр агуры баба!

– Цы фесты йæхионтæ?

– Мыстытæ йын сæ бахордтой.

– Æмæ йын уæд йæ боцъотæ куыд нæ бахсыдтой мыстытæ?

Йæ мад Шери, æнцъылдтæ зæронд ус, не 'хсæн алæууыди: дзæмбыйы æнгæс æнгуылдз бахаста йæ фырты дыууæ цæстмæ:

– Мæ лæппуйыл мын ма хъæртæ кæн! Дæ гагуытæ дын азмæнтдзынæн...

– Нæ дыууæйæ чи у дæ лæппу? – худы Тæкка.

– Дæу аргæ ныккодтон. Мæнæ уый та, – амоны къухæй мæнмæ, – æвгъæдгæс ын уыдтæн йæ мадæн... Ном дæр ыл мæхæдæг сæвæрдтон тасы хуылфмæ. Хъуыды-ма йæ кæныс? – ныххудт Шери æмæ мæ йæ хъæбысы ныккодта.

Тæккайы цырыхъхъытæ – мæ къухты, æмæ стындзын нæхимæ. Базарыдтæн. Дзебаты дуармæ куы схæццæ дæн, уæд мæм кæртæй рæйгæ ратахтысты дыууæ куыдзы. Иу дзы – тынг стыртæ. Куы мæ федта, уæд, æвæццæгæн, мæныл рæйын йæ сæрмæ нал æрхаста æмæ фæхъус. Фæлæ а иннæ – дамкъа – лæбурынтæ систа. Йæхи мыл æрбаскъæры. Æз æм цырыхъхъытæй æвзидын. Уый фæлæбурдта æмæ атыдта цырыхъхъы фындз. Цыма мын мæхи фындз атыдта, – арвы цæфау фæдæн. Уæнтæхъилæй ссыдтæн нæхимæ.

– Мæнæ цы 'нæхайыр бон у абон! – ныууынæргъыдта баба. Стæй æрæджиау базмæлыди.

Рацæй-рабон, æмæ Тæкка æмæ Уæсейы цырыхъхъытæ хæрз æнгæстæ разындысты. Уымæй дæр – рахиз къах æмæ галиу къахæн – æнæхъæнтæ.. Баба æхсызгонæй сулæфыди. Цырыхъхъытæ ссæрфта йæ къæхтыл, скодта йæ цухъхъа, æмæ конкурсмæ аластой зарæг – Сталины зарæг, – Дзæуджыхъæумæ.

«МАХ ДУГ» 2020 АЗЫ НЫММЫХУЫР КОДТА:

КАДГÆНÆНТÆ

Хъуылаты Созырыхъо: 120 азы
Хъуылаты Созырыхъо. Хохаджы хъæстытæ. Уац. 1, 8.
Дзуццаты Хадзы-Мурат: 85 азы
Дзуццаты Хадзы-Мурат. Æмдзæвгæтæ. Хъуыдытæ. 1, 17.
Цомайты Ростислав: 60 азы
Цомайты Ростислав. Уды цæрæнуат. Æмдзæвгæтæ. 1, 55
Джусойты Нафи: 95 азы
Нафи. Азтæ цæуынц. Эссе; Урс нымæт. Кадæг; Лæгдзинад домы дуг. Æмдзæвгæтæ. 2, 44, 53, 60.
Джыккайты Шамил: 80 азы
Шамил. Хæлæг æмæ хæзна. Таурæгъ; Марды уæлхъус. Памфлет; Мæ Ирæн царды хæрзтæ курын. Æмдзæвгæтæ. 2, 44, 53, 60.
Хаджеты Таймураз: 75 азы
Хаджеты Таймураз. Уарзт уадзын мæ фæстæ. Æмдзæвгæтæ. 3, 5.
Гусалты Барис: 80 азы
Гусалты Барис. Кæм Хан æмæ кæм Ханджери. Мысинæгтæ. 1, 75; 3, 48.
Кочысаты Мухарбег. 100 азы
Кочысаты Мухарбег. Зарæг аскъуыд æрдæгыл. Æмдзæвгæтæ. 4-5, 42.
Гæбæраты Юри: 60 азы
Гæбæраты Юри. Уастырджийы зарæг. Романæй скъуыддзаг. 4-5, 62.
Касаты Батрадз: 70 азы
Касаты Батрадз. Мæ уд мысайнагæн æвæрын. Æмдзæвгæтæ. 4-5, 150.
Хæмыцаты Албег: 80 азы
Хæмыцаты Албег. Ивгъуыд рæстæг атахт. Æмдзæвгæтæ. 4-5, 169.
Къадзаты Станислав: 65 азы
Къадзаты Станислав. Фыдыбæстæ – йæ урс къæсæр, йæ зарæг. Æмдзæвгæтæ. 4–5, 209.
Гæдиаты Секъа: 165 азы
Гæдиаты Секъа. Сафиат. Радзырд. 4-5, 218.
Дауырæ (Сланты Зоя): 85 азы
Дауырæ. Æмдзæвгæтæ. 6, 5.
Гæлуаты Аким: 100 азы
Гæлуаты Аким. Сагты уæзæг. Новеллæтæ. 7, 6.
Тæбæхсæуты Бало: 110 азы. 7, 78.
Чеджемты Геор: 80 азы

Чеджемты Геор. Ærвгъуыз цин. Æмдзæвгæтæ. 8, 5.
Хъариаты Тамарæ: 105 азы
Хъариаты Тамарæ. Сылгоймæгты тох. Радзырд. 8, 17.
Томайты Мисурхан: 80 азы
Томайты Мисурхан. Амонджын. Радзырд. 9, 10.
Ælборты Феликс: 85 азы. 9, 79.
Æмбалты Цоцко: 150 азы
Цоцкойы сфæлдыстадон бынтæ. 10, 8.
Хъайттаты Сергей: 100 азы
Хъайттаты Сергей. Радзырдтæ. 10, 43.
Цгъойты Хазби: 80 азы
Цгъойты Хазби. Новеллæтæ, эссе. 10, 65.
Абайты Васо: 120 азы. 12, 7.
Дзесты Куыдзæг: 115 азы
Дзесты Куыдзæг. Ærдхæрæны лæвар. 12, 58.
Уырыймæгты Езетхан: 115 азы. 12, 73.
Цомайты Харлампи: 145 азы. 12, 110.
Дзаттиаты Тотырбег: 110 азы
Дзаттиаты Тотырбег: Астан. Очерк. 12, 121

ПОЭЗИ

Джусойты Нафи. Ныхас Ирыстонимæ. Æмдзæвгæтæ. 2, 121.
Джыккайты Шамил. Æфсургъ та баззади дзæгъæлæй. Æмдзæвгæтæ. 2, 130.
Къудухты Маринæ, Нæкуысаты Наирæ, Ælборты Беллæ,
Бететы Фатимæ, Джусойты Майæ. Дунейы фидауц – сылгоймаг.
Æмдзæвгæтæ. 3, 102-109.
Бурæфæрныг, Мыртазты Барис, Сидахъты Симон, Хæуытаты
Къоста, Бырнацты Барон. Хъæдгæмттæ абон дæр дудынц.
Æмдзæвгæтæ. 4–5, 181–189.
Хъæцмæзты Азæ. Дауырæйæн. Æмдзæвгæ. 6, 6.
Фидараты Руслан. Æваст рухс. Æмдзæвгæтæ. 7, 14.
Рæмонты Геор. Ævдадз. Æмдзæвгæтæ. 7, 16.
Кокойты Эльзæ. Æмдзæвгæтæ. 7, 120.
Бутаты Ритæ. Цардвæндаджы асинтæ. Æмдзæвгæтæ. 8, 78.
Цæриаты Валери. Уарзон зарæг. Æмдзæвгæтæ. 8, 88.
Ælборты Беллæ. Фæззыгон сыфтæртæ. Æмдзæвгæ. 9, 5.
Хохойты Энвер. Дууæ базури. Æмдзæвгитæ. 9, 72.
Гæбуаты Галинæ. Ærвон стъалыты тæмæн. Æмдзæвгæтæ. 10, 38.
Æнусон зарæг. Æмдзæвгæтæ. 11, 27.
Джыккайты Шамил. Уасо. Æмдзæвгæ. 12, 6.
Цомайты Ростислав. Харлампийы монолог. Æмдзæвгæ. 12, 119.

Джыккайты Шамил, Хуыгаты Сергей, Хæмыцаты Албег, Уалыты
Лаврент, Абайты Эдуард, Къадзаты Станислав, Чеджемты Геор.
Фарн æрхæсс нæ Ирæн. Æмдзæвгæтæ. 12, 35-41.

ПРОЗÆ

Хъайтыхъты Азæмæт. Чындз-богал. Таурæгъ. 3, 132.
Хадыхъаты Фатимæ. Цæринаг чызг. Новеллæ. 3, 109.
Биазырты Роланд. Æмæ, дам, чындзы фæцу. Еспине. Радзырдтæ. 4-5, 230.
Агънаты Гæстæн. Ном. Аивадон-документалон уацау. 6, 14.
Фæрниаты Дзибуш. Аксинæ. Радзырд. 6, 67.
Гаджиты Илас. Фыййаукуыдз Бури. Радзырд. 8, 39.
Кцойты Астемыр. Зæрва. Æцæг хабар. 9, 6.
Гуырдзыбеты Барис. Хæхты зæлтæ. 12, 73.

КРИТИКÆ ÆМÆ ПУБЛИЦИСТИКÆ

Шамил. Нæ вæййы рухсæн сау талынг йæ ингæн. 2, 72.
Нафи. Куы хауай, уæд – стъалыйау бæрзондæй. 2, 109.
Хæлæртты салам. 3, 42.
Мамиева Изета. Три слова об одном романе. 3, 82.
Шамил. Кард – æхсар æмæ намысы хотых. 2, 145; 3, 143.
Хозиты Барис. Йæ сыгъдæг уарзт – рæбинагдæр æнкъарæн. 4-5, 157.
Тменаты Дзерассæ. Лабæйаг хабæрттæ. 6, 144.
Хуыгаты Сергей. Прототип æмæ æрмæст уый тыххæй дæр нæ. 10, 145.
Васойы тыххæй загътой. 12, 8.
Встреча Васо Абаева с писателями и представителями интеллигенции. 12, 22.
Цомайты Ростислав. Рухстауæг. 12, 111.

ИРОН ХЪÆБАТЫРТÆ

Тъехты Тамерлан. Æхсар æмæ лæгдзинад æвдисæн цаутæ. 4-5, 52.

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

Четиты Рубен. Аивады уæлтæмæн. 3, 129.
Цæлыккаты Мæирбег. Ирон театр Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты. 4-5, 191.
Бдайцаты Земфирæ, Касаты Аслæнбег. Литературон хæзнаты артдзæст. 6, 95.
Дауыраты Харитон. Ирон театры тырыса. 7, 78.
Æмгары, Гуыбаты Зауыры мысгæйæ. 8, 94.
Гасанты Валери. Хурæнгæс курдиат. 9, 79.
Мамиаты Михал. Аллонистон – ивгъуды сурæттæ. 12, 80.

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

Сечъынаты хæйрæг. Таурæгъ. 1, 15.
Хæйрæджыты хабæрттæ. 7, 129.
Таутиаты Лидæ. Ærтæ усгуры. Аргъау. 8, 123.
Хæмыцаты Роман. Ракуывд. 9, 110.
Царциаты равзæрд. Таурæгъ. 9, 113.

Авдсæрон уæйыджы аргъау. 12, 127.
Гусалты Барис. Ног боны куывд. 12, 103.
Егар. Ирон зонды авналæнтæ. 12, 136.

ÆРЫГÆТТЫ ÆРМДЗÆФ

Гæззаты Давид. Хæрзбон, ивгъуыд. Æмдзæвгæтæ. 1, 120.
Бестауты Аланæ. Æмдзæвгæтæ. 6, 89.
Къæбысты Зæринæ. Хъазæн чындз. Новеллæ. 11, 136.

СÆ НОМÆН, СÆ КАДÆН

Хъазиты Мелитон. Царды зыд. 2, 6.
Салих Гуртуев. Наш Нафи. 2, 8.
Марьям Яндиева. Истинно верующий. 2, 13.
Ходы Камал. Æхсоны цæв. 2, 18.
Касаты Æмзор. Шамил, æнусон у дæ ном. 2, 20.

БАКÆСÆМ НÆ ХУРТЫ ХУРТÆН

Хъассохаты Калинин. Æмдзæвгæтæ. 1, 133.
Мæргъиты Венерæ. Æмдзæвгæтæ. 7, 142.
Плиты Таня. Сырх зырзырæгтæ. Аргъау. 7, 147.
Тохсырты Къоста. Æмдзæвгæтæ. 10, 139.

НÆ УИДÆГТÆ

Мамиаты Таймураз. Æхсарджын хохаг. 7, 109.

МЫСИНÆГТÆ

Хозиты Барис. Тæхынц кæрæдзимæ нæ удтæ. 1, 69.
Цæрукъаты Алыксандр. Ног поэтикон комулæфт. 3, 19.
Гæбæраты Юри. Къуыдары тызмæг хæхты æрдхæрæны зарæг. 3, 20.
Касаты Батрадз. Рæстæг нæ кæны демæ хæстæгдæр. 3, 28.
Абайты Эдуард. Поэт – стырдæр хæрзиуæг. 3, 33.
Джимиты Анжелæ. Ивгъуыд дуджы хур. 7, 17.
Бызыккаты Земфирæ. Таламæ донхæссæгау. 8, 47.
Цæрукъаты Азæ. Дыууæ хъысмæты. 9, 100.
Хъуылаты Валодя. Æмбалты Цоцко. 10. 24.
Мысинæгтæ Ирон театры тыххæй. 11, 36.
Битарты Зоя. Абайты Васойы тыххæй мæ мысинæгтæ. 12, 14.
Бицъоты Грис. Йæ уæлæуыл зындон. 12, 43.
Дзуццаты Хадзымурат. Хор хаста литературæмæ. 12, 14.
Джусойты Нинæ. Мады рæвдыдау – æнæрох. 12, 74.

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

Къæлхидты Эльвирæ, Легкойты Маринæ. Сылгоймаджы фæлгонц
Джыккайты Шамилы радзырдты. Уац. 1, 125.

ТÆЛМАЦТÆ

Рабиндранат Тагор. Æмдзæвгæтæ. Англисаг æвзагæй Золойты Аркадийы тæлмац. 6, 118.

Фаина Раневская. Рæстдзинад – мидбылхудгæйæ. 7, 109.
Торчыны Хъазыбег.Зейнап. Æмдзæвгæтæй фыст роман. 9, 20.
Торчыны Хъазыбег. Зейнап. Æмдзæвгæтæй фыст роман. 10, 106.

ИНТЕРВЬЮ

Хетæгкаты Оксанæ. Æргом ныхас – æнæ къæм. 9, 65; Кад æмæ дын намыс. 11, 53.

ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

Егар. Адæмы лæг. Æмбисæндтæ. 9, 103; Дзырды хъомыс. Æмбисæндтæ. 10, 136.

КАРЗ ХÆСТЫ ФÆНДÆГТЫЛ — УÆЛАХИЗМÆ

1, 29; 2, 127; 3, 95; 3, 100; 4-5, 52; 7, 56; 8, 59–68; 11, 107.

«МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ

1,33; 2, 81; 3, 113; 4-5, 129; 6, 97; 7, 81; 8, 97; 9, 81; 10, 81; 11, 81; 12, 81.

ИСТОРИЙЫ СЫФТÆ

Ирон профессионалон театры райдиан. 11. 16.

ЗАРÆГÆЙ – ЗАРÆГМÆ

Зарджытæ спектакльтæй. 11, 73.

АРТИСТТÆ ХУДЫНЦ

11, 115.

ЗЫНДГОНД АДÆМЫ ХЪУЫДЫТÆ ТЕАТРЫ ТЫХХÆЙ

11, 10.

НЫМÆЦТÆ, ЦАУТÆ, ЗОНИНÆГТÆ.

11, 62.

ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

Дауыраты Дамир. Лезинкайы суадæттæ. Радзырдтæ. 1, 140.
Соттиты Риммæ. Этюдтæ. 3, 150.
Наниты Асиат. Тугæйдзаг уæрдон. Радзырд. 4-5, 240.
Джыккайты Шамил. Радзырдтæ. 6, 153.
Томайты Мисурхан. Фырт. Радзырд. 7, 151.
Цгъойты Хазби. Уæлахизы сидзæртæ. Уацау. 8, 128.
Гусалты Барис. Ацы амонджын зæрдæхалæн сæрд. Радзырд. 9, 117.
Ходы Камал. Гамо. Радзырд. 10, 149.
Цомартаты Изæтбег. Хæхтыл мæйы тынтæ уарыд. Радзырд. 11, 158.

ТÆФÆРФÆС

Багаты Лади. 3, 159.
Сланты Зоя (Дауырæ). 4-5, 254.
Дзабайты-Къесаонты Таисæ. 8, 159.
Бытъæты Роберт. 9, 159.
Хъауыраты Дауыр. 10, 159.
Дыгъуызты Тенгиз. 12, 158.
Багаты Аврам. 12, 159.

ТÆФÆРФÆС

ДЫГЪУЫЗТЫ ТЕНГИЗ



Ирон аив литературæйыл æрцыд стыр хъыгаджы зиан. 27 ноябры йæ цардæй ахицæн УФ-йы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисы уæнг, Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист Дыгъуызты Никъалайы фырт Тенгиз.

Райгуырд 1959 азы 11 декабры Хуссар Ирыстоны Сатихъары хъæуы. Астæуккаг скъолайы фæстæ каст фæци ЦИПУ-йы филологон факультет. Нудæс азы бакуыста газет «Рæстдзинад»-ы. Уый фæстæ куыста РЦИ-Аланийы фæллойы æмæ социалон рæзты министрады пресс-службæйы разамонæгæй. 2013 азы та сси Уæрæсейы литературон фонды республикон хайады директор, уагъта æхсæнадон - политикон газет «Вестник Осетии».

1979 азы йе 'мдзæвгæты цикл мыхуыры рацыд æрыгон авторты иумæйаг æмбырдгонд «Ссудз, ме стъалы»-йы. Фæстæдæр йæ поэтикон уацмыстæ джиппы уагъдæй рацыдысты хицæн чингуытæй: «Кæстæрарæх», «Æмзæл зарæг», «Къонайы хъарм», «Уды зæгъинæгтæ», «Дугивæнтæ»…

Хорзæхджынгонд уыди РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хусар Ирыстоны паддзахадон Кады гæххæттытæй, «Сабырдзинад тауыны тыххæй» майдан æмæ Джусойты Нафийы номыл национ литературон премийæ.

Дыгъуызты Тенгизы рухс ном цæрдзæн нæ зæрдæты.

Рухсаг у, Тенгиз!

Журнал «Мах дуг»-ы куспжытæ

БАГАТЫ АВРАМ



3 декабры йæ цардæй ахицæн РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг, УФ-йы Фысджыты æмæ Журналистты цæдисы уæнг, Джусойты Нафийы номыл национ литературон премийы лауреат Багаты Никъалайы фырт Аврам.

Аврам райгуырд 1943 азы Ногиры. Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты филологон факультет 1970 азы каст куы фæцис, уæдæй йæ царды фæстаг бонтæм фæкуыста «Рæстдзинад»-ы. 1984-2004 азты уыд газеты сæйраг редакторы хæдивæг.

Аврам йæ уацмысты алывæрсыгæй æвдыста Ирыстоны адæмты цард. Фæлæ уæлдай арæхстджындæрæй йæхи равдыста, æфсæддон-патриотон хъомылады темæйыл фысгæйæ. Сарæзта-иу нæ зындгонд инæлæрттæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, Афганистаны, Хуссар Ирыстоны, Абхазы хæстыты æхсарджынæй архайджыты сурæттæ.

Æфсæддон-патриотон хъомылады рæзтмæ ахадгæ æвæрæн кæй бахаста, уый фæдыл ын саккаг кодтой Советон Цæдисы æртæ хатты Хъæбатыр А. И. Покрышкины номыл майдан, РЦИ—Аланийы Журналистты цæдисы Гæздæнты æфсымæрты æмæ газет «Рæстдзинад»-ы Дзиойты Мухтары номыл премитæ.

Аврам уыд нæ бæстæйы Журналистты цæдисы цалдæр съезды делегат, РЦИ-Аланийы Ветеранты æмæ ДОСААФ-ы республикон советты уæнг, бирæ сфæлдыстадон конкурсты уæлахиздзау.

Багаты Аврамы ном цæрдзæн, чи йæ зыдта, ирон дзырдаивад зынаргъ кæмæн у, уыдоны зæрдæты.

Рухсаг у, Аврам…

Журнал «Мах дуг»-ы куспжытæ

Редакцийы куспжытæ бузныг зæгъынц РЦИ-Аланийы Фыспжыты цæдисæн, къамтæ «Мах дуг»-ы равдыст»-æн кæй бацæттæ кодтой, уый тыххæй.

* * *

Шеф-редактор Н.С. ДЖУСОЕВА
Переводчик А.В. ЗОЛОЕВ
Корректор А.К. КАРГАЕВА
Компьютерный набор М.К. КИРГУЕВА
Дизайн, верстка М.Т. БАГАЕВ
Специалист по информационным ресурсам А.А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано к печати 18.12.2020 г. Формат издания 60х90 1/16. Бум. офсет. №80г./м². Гарнитура шрифта Times New Iron. Вклейка 1 п.л. мелованная. Печать офсетная. Усл. п.л. 10. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1500 экз. Заказ №499. Цена свободная. Выход из печати 28 декабря 2020 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.